# МАХ ДУГ



2018 11

## ХÆДАРЦАТЫ МАХАРБЕГ ДОМЫ

Завод «Электроцинчы» зынгсирвæзты фæдыл Дзæуджыхъæуы сæргълæууæг Хæдарцаты Махарбег æрдомдта куыстуаты разамонджытæй, адæмыл низтæ чи ‘фтауы, уыцы тæссаг монстр аласут Уралмæ, зæгъгæ.

«Сæхгæнут завод «Электроцинк», нæ адæмы æнæниздзинад, нæ фидæн нын чи мары, уый аласут Дзæуджыхъæуæй. Абоны бæллæх ма ноджы иу хаттт дзурæг у: ницавæр модернизацитæ æмæ куыстады хицæн рацарæзтытæ раивдзысты, сæйрагдæр цы у, уый: «Электроцинчы» аххосæй стыр зиантæ цæуы Дзæуджыхъæуы цæрджытыл», – фыссы йæ Инстаграмы Махарбег.

«Цавæр æхцатæй сбарæн ис, онкологийæ цы æрыгон адæймæгтæ мæлынц, уыдонæн сæ бинонты судзгæ рис? Дзæуджыхъæуы цæрджытæ рагæй нал æууæндынц, заводы æмæ республикæйы разамонджытæ цы статистикон дзуаппытæ дæттынц, уыдоныл. Онкологион низты тыххæй махмæ «ныллæг нымæцтæ» нæй. Нæй! Мах алы бон дæр ныгæнæм æрыгон нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгты, бирæгæйттæй сæйынц сывæллæттæ. Цæй охыл дарæм ахæм куыстуат нæ горæты? Домæм: сæхгæнут завод!» – домы Хæдарцаты Махарбег.

*«Советская Россия», 2018, № 117.*



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**

Казбек МАМУКАЕВ

**Редакция**

Зам. гл.редактора – Ахсар КОДЗАТИ

Поэзия, драматургия – Марат ДЖУСОЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Елизавета КОЧИЕВА, Станислав КАДЗАЕВ,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2018

# МАХ ДУГ

11
2018

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**

МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Редакци**

Сæйраг редакторы хæдивæг – ХЪОДЗАТЫ Æхсар
Поэзи, драматурги – ДЖУСОЙТЫ Марат

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав,
КЪУСРАТЫ Анатоли, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2018

## НОМЫРЫ ИС:

### ГУЫТЪИАТЫ ХЪАЗЫБЕГ: 100 АЗЫ

**Нарты кадджытæ.** Дыууæ кадæджы 6

*ГОДЖЫЦИАН-ЧЕЛДЫТЫ Надя.* **Æртæ æмдзæвгæйы** **15**

### ХЪАЙТЫХЪТЫ АЗÆМÆТ: 95 АЗЫ

*ХЪАЙТЫХЪТЫ Азæмæт.* **Иры уæйыг лæгтæ** 18

*ÆЛБОРТЫ Беллæ.* **Урсбазыр тымыгътæ.** Æмдзæвгæтæ 42

*НАНИТЫ Асиат.* **Æвзæр фын.** Радзырд 45

### ЛЕКОНТ ДЕ ЛИЛЬ: 200 АЗЫ

*Леконт де ЛИЛЬ.* **Æмдзæвгæтæ** **54**

*ГАДЖИТЫ Илас.* **Удæгас мард.** Радзырд 60

*КОКОЙТЫ Махар.* **Дыууæ æмдзæвгæйы** **67**

*ХУЫБАТЫ Никъала.* **Нæй æнæ уарзгæйæ цард.** Æмдзæвгæтæ 68

*ЦОМАРТАТЫ Дунетхан.* **Æмдзæвгæ** 69

*КЪОРАТЫ Зæлинæ.* **Æмдзæвгæ** 70

*БЯЗЫРТЫ Димитр.* **Гуацъæтæ æмæ Схъæлатæ.** Таурæгъ 71

### АИВАД, КУЛЬТУРÆ

*МЗОКТЫ Аслæнбег.* **Интервью Цæллагты Фатимæимæ** **109**

**МАХ ДУДЖЫ РАВДЫСТ** **116**

### РÆСТÆГ – РÆСТÆВЗАРÆН

*БАСКАТЫ Уырызмæг.* **Фыды фæдзæхст** **127**

**АРВИСТОН** **131**

# ГУЫТЪИАТЫ ХЪАЗЫБЕГ: 100 АЗЫ



* * *

Ирон ныхас, ирон дзырды хæзнадоны Æрфæныфæдæй бæрæгдæр ысты Нарты кадджытæ – ирон адæмы номхæссæны эпос. Дзыхæй дзыхмæ, фæлтæрæй фæлтæрмæ цыдысты уыцы кадджытæ. Адæмы цард æмæ æнусмæйы тохæн уыдон æвæджиауы ‘вдисæн уыдысты кæддæриддæр æмæ стыр ныфс уагътой адæмы зæрдæты. Уый уымæн, æвæццæгæн, æмæ раг-замантæй суанг абоны бонмæ ныллæгдæр никуы кодта се стыр аивадон хъомыс.

Царды цы стыр цаутæ ‘рцыди, цы бавзæрстой адæм хорзæй, фыдæй – æппæт уыцы хабæрттæ, кæм фæсномыгæй, кæм æргомæй фæкодтой сæ таурæгъты Иры куырыхон æмæ ра-загъды лæгтæ: Зыгъуытаты куырм Бибо, Беджызаты Леуан, Кертыбиты Кертыби, Хъалæгаты Иналдыхъо, Сланты Гаха, Ту-аты Зауырбег, Гуыриаты Хъæвдын æмæ Джусойты Кудза...

Цард ивгæ цыд. Ивта адæмæн йæ зондахаст, бирæ ног дзырдтæ бафтыд не ‘взагыл, бирæ дзырдтæ ферох. Æвзаджы гæнæнтæ куы уæрæхдæр кодтой, куы къуындæгдæр. Фæлæ ирон æвзаджы – æнустæм – налхъуытау тæмæнтæ калдта нæртон, зæгъгæ, ахæм дзырд.

Иу нысаниуæг ын уыди сæйраджы-сæйрагдæр уыцы дзырдæн, æмæ уыцы нысаниуæг у – лæг, лæгау лæг, æхсарджын, хъæба-тыр. Нæртон, зæгъгæ – уый, йæ кары чи бацыд, æнцой чи нæ зоны йæ цард-цæрæнбонты, ахæм лæгæй фæзæгъынц, хæсты быдыры чи расгуыхт æмæ царды стыр быцæуты иу æмæ дыууæ хатты чи нæ равдыста йе ‘хсар, йæ лæджыхъæд... Нарт, зæгъгæ, афтæ фæсномыгæй хуыдтой ирон адæм рагæй-æрæгмæ сæхи дæр.

Æнус æмæ ‘рдæгæй фылдæр цæуы, ирон адæм сæ фыдæлты таурæгътæ ‘мæ кадджытæ ‘мбырд кæнын куы байдыдтой, уæдæй нырмæ. Уыцы куыст уæлдай зæрдиагдæр æмæ æнувыддæрæй чи кодта, уыдон мысгæйæ фыццаджыдæр зæрдыл æрбалæууы Цорæты Елдзарыхъойы ном. Стыр куыст бакодтой уый фæстæ Всеволод Миллер, Санаты Дзантемыр æмæ Гацыр, Тугъанты Махарбег, Æмбалты Цоцко, Гарданты Михал, Гуыриаты Га-гуыдз, Тыбылты Алыксандр, Дзагуырты Гуыбады. Уæлдай ахс-джиагдæр æмæ зынаргъдæр та сты ацы хъуыддаджы Беджыза-ты Чермен æмæ Дудары фæллæйттæ.

Нарты эпос ирон адæмæн йе стыр хæзна у, йæ цардыфыст. Нæй йын ницы зынаргъдæр уыцы хæзнайæ.

***Гуытъиаты Хъазыбег***

*Джиппы уадзæм Хъазыбеджы арæзт «Нарты кадджыты» фыццаг томæй дыууæ кадæджы.*

# САУМÆРОН

Саукомы рæбын хæдарæг ус цард. Хонгæ дæр æй Саумæрон кодтой. Уымæ дын дæлимонтæ цæуын байдыдтой æмæ йын дзурынц:

– Нартæ нæ быныцагъд кæнынц, баххуыс нын кæн дæ бирæ ‘фсадæй, кæннод мах куы фæцагъды уæм, уæд ма ды та кæимæ цæрыс?

Саумæрон зæгъы:

– Кæд мын ме ‘фсады фаг æфсаддзыстут, уæд уын ратдзынæн, цас уæ хъæуа, уыйас.

Дæлимонтæ сразы сты. Саумæрон зайын байдыдта ‘мæ ‘хсæвæй-бонмæ минтæ ныййардта. Дæлимонтæ сæ ‘фсадхъом кодтой æмæ сæ Нартæм æрвыстой хæцынмæ.

Æхсæртæг зæгъы:

– Мах ам баддзыстæм, уымæй цы ‘рцæудзæн? Дæлимонтæ сæ маст нæ ныууадздзысты. Саумæронмæ фæцыдысты ‘мæ дзы ‘фсадхъом мингæйттæ райстой. Уыдон сомбон немæ хæцдзысты. Мах хъуамæ Саумæроны арты басудзæм.

Æхсар æм дзуры:

– Сылгоймагимæ хæцын дæ сæрмæ та куыд хæссыс? Чи дæ фехъуса, уый дæ цы зæгъдзæн? Ныхъхъуыдты йæ уадз, цы хъом дын у!

– Уый дыл куы фæтых уа, уæд ды дæ сæрмæ ахæм худинаг куыд æрхæсдзынæ? Кæнæ дæхæдæг уæд цы зæгъдзынæ? Кæд нæ цæуыс, уæд æз мæхæдæг дæр ацæудзынæн.

– Уæд та дыл тых цæуы, уæд дæ кæм агурдзынæн?

– Æз цæудзынæн хъæды ‘хсæнты. Бæлæсты кæрддзæф кæндзынæн. Кæд афæдзы бонмæ нæ фæзынон, уæд-иу мæ агур. Кæд ма дæ де ‘фсымæр хъæуа, уæд-иу мæм тагъддæр хæццæ кæн.

Фæраст Æхсæртæг, æмæ йæ Уæрхæг ауыдта. Дзуры йæм афтæ:

– Ныр иунæгæй кæдæм раст кæныс, æви 'мбалимæ дæ сæрмæ нæ хæссыс?

– Иунæгæй цæуын афæдз балцы. Кæд æмæ не 'рыздæхон, уæд мæм-иу Æхсар хæццæ кæнæд. Цæугæ та кæнын Саумæронмæ. Уый сын æфсад радта дæлимонтæн æмæ та нæ сомбон хъыгдардзысты. Немæ та карзæй хæцдзысты.

– Фæндараст фæу, фæлæ дæ фæндагмæ кæс. Хæсты бацыдтæ, уæд искæй зондмæ хъусын нæ хъæуы, фæлæ хъуамæ дæхи фæнд атæрай.

Араст Æхсæртæг Саумæронмæ.

Уæд, зæгъы, Саумæрон дзуры дæлимонтæм:

– Цæй тыххæй хæцут афтæ карзæй Нартимæ? Æххæст-ма мын æй æмбарын дæр бакæнут.

Дæлимонтæ загътой:

– Нарты адæм нæ бындзагъд фæкодтой, уыимæ нын нæ фæткъуыбæлас дæр фæхастой сæхимæ. Æртæ хатты сæм барвыстам, æртæ хатты дæр ницы бафтыд æппын нæ къухы. Уыцы бæласæн та æнæрхæсгæ нæй.

Æхсæртæджы фæстæ иу талынг æхсæв Саумæрон æд æфсад æрбахъуызыдысты Нарты фæткъуыбæласмæ 'мæ йæ фæхастой сæ бæстæм. Дæлимонты сау сырд сæ давгæ федта. Йæ дзыхыл ныххæцыд – ницы сдзырдта. Дæлимонтæ хæстмæ сæхи цæттæ кодтой. Саумæрон-иу æхсæвы кæй ныййардта, уый-иу боны та хæцынхъом уыд. Афтæмæй минтæ, æрдзæсæдæ минтæ æрæмбырд кодтой æфсад дæлимонтæ.

Æхсæртæг цæуы тар хъæды астæу. Кæрддзæфтæ кæны хъæды бæлæстæ, фæз рæтты та дзыхъхъытæ кодта, афтæмæй бахæццæ иу æфсæн фидармæ, фæлæ йын йæ хуылфмæ фæндаг н' ары. Уæд дын æм сау сырд фæзынд Æхсæртæгмæ 'мæ йæм дзуры:

– Ам цы агурыс æфсæн фидары, æви йæ арæзт дæ зæрдæмæ нæ цæуы?

– Йæ арæзт хорз у, фæлæ йæ хуылфмæ кæуылты бахизон – дуар дзы куы нæ уынын?

– Ардæм уал рацу.

Сау сырд Æхсæртæджы йæ фæдыл акодта. Бацыдысты иу дурцыртмæ 'мæ йæм дзуры уыцы сау сырд:

– Ацы дурцыртæн йæ уд æгас кæнын дæумæ хауы. Уыйбæрц хатыр бакæн, æмæ йæ райгас кæн.

– Куыд æй райгас кæнон – сыгъдæг дур куы у?

– Ды мæн дурмæ тыхджын æрбалхъив, мæ цæссыгтæ куыд ракæлой. Ацы дурцырт фыдæлгъыст фæци, 'мæ йæ уды бар нæртон лæгмæ ис.

Æхсæртæг сау сырды дурцыртмæ балхъывта, 'мæ сау сырд йæ цæссыгтæ 'ркалдта. Цæссыгтæ дурцыртыл æрхаудтой, æмæ дурцырт йæхимидæг базмæлыд. Уыйадыл сау сырд рæсугъд ус фестад, дурцырт та нæлгоймаг фестад, æмæ фæрсы нæлгоймаг Æхсæртæджы:

– Бæлвырд, Нартæй дæ?

– О, æз Нартæй дæн, фæлæ мæм афтæ кæсы, цыма ды Бæртæлæг дæ.

– Раст зæгъыс уымæй. Æз Бæртæлæг дæн. Æз мæ хæлар Борæйы фырттæ Уæрхæг æмæ Уæрхтæнæджы фесæфт куы фехъуыстон, уæд сæ агуырдтон не 'фсинимæ дæлимонтæм. Уыдон мæм тынг ысмæсты сты. Дурцырт мæ фестын кодтой, не 'фсины та – сау сырд, æмæ йыл дыууæрдæм хъеллау кодтой. Кæм ысты, зæгъ мын, мæ хæлары цæуæт – Уæрхæг æмæ Уæрхтæнæг?

– Бынаты сты.

– Уæдæ ды та цæмæ 'рцыдтæ?

– Æз ардæм хæцынмæ 'рцыдтæн. Дæлимонтæ та нæ ныхмæ 'фсад аразынц. Æфсадхъом исынц хæдарæг ус Саумæронæй æмæ сæ хъуамæ бындзагъд фæкæнон.

– Афтæ иунæгæй дæ куыд рауагътой?

– Мæхи афтæ фæндыди. Никæй рауагътон æппындæр мемæ.

– Уæдæ Саумæрон æнцон сæттæн нæу. Бузныг де 'рцыдæй. Нартæн æз фехъусын кæндзынæн.

Бæртæлæг æмæ йæ ус рафардæг ысты.

* * *

Нартæ ракастысты 'мæ нал и сæ фæткъуы. Æхсар зæгъы:

– Бæлвырд, адавтой Æвдадзфæткъуыйы. Цæуын æз сæ фæдыл æмæ йæ хъуамæ байсон, кæнæ – мæлæт.

Зæронд лæг дын дзуры Æхсармæ:

– Ауадз мæ демæ, исты 'ххуыс дын уыдзынæн.

Æхсар ысразы 'мæ зæронд лæджы йемæ ракодта.

Цæуынц Æхсар æмæ зæронд лæг хъæды. Уынынц Æхсæртæджы кæрддзæфтæ бæлæстыл, фæзты та – дзыхъхъытæ, ‘мæ сыл Бæртæлæг æмæ йæ ус æнæнхъæлæджы амбæлдысты.

Æхсар сæм дзуры:

– Уæ фæндаг раст уа, нæ фыдæлты хæлæрттæ!

– Æгас нæм цæут сымах дæр. Кæцæй фæндараст?

– Цæуæм Нартыбæстæй. Дæлимонтæ нын нæ фæткъуыбæлас адавтой æмæ уый агурæм.

Бæртæлæджы ус Æхсармæ дзуры:

– Уæ бæлас уын æз хæсгæ федтон: Саумæрон æмæ уын æй йе ‘фсæдтæ радавтой, æмæ йæ Саумæрон йæ дуармæ ныссагъта. Æхсæртæг ныр семæ хæцдзæн. Мыййаг сыл куы тых кæна, уæд уыдон исты фæкæндзысты бæлас.

Хæрзбон загътой сæ кæрæдзийæн, æмæ сæ алчи йæ фæндагыл араст и дарддæр.

Æхсар зæгъы зæронд лæгæн:

– Мах куыддæр ысхæцæм, афтæ ды та бæласмæ фæу ‘мæ иу æй рахæсс.

Цалынмæ уыдон æфсæн фидармæ цыдысты, уæдмæ Æхсæртæг фидары бынæй фидары хуылфмæ дзуры:

– Кæм ыстут уæдæ? Уæхиуыл æфсæн фидары дуæрттæ цæй хуыд ныккодтат?

Саумæрон уыцы хъæрмæ æнæхъæн æфсад рарвыста. Уыдонимæ дæлимонты дæр, æмæ схæцыдысты Æхсæртæгимæ. Саумæроны ‘фсад куынæг байдыдтой. Саумæрон уыйонг фæтыхсти ‘мæ йын зæнæг кæныны рæстæг дæр нал уыд. Уыйфæстæ дæлимонтæ дæр хорзау нал уыдысты ‘мæ уыцы хæсты хъæр Æхсар æмæ зæронд лæг фехъуыстой.

Сæ цыд фæрогдæр кодтой æмæ Æхсæртæджы хæцгæ ‘рбаййæфтой. Уыдон дæр Æхсæртæгæн фарс фесты ‘мæ Æхсæртæг дзуры Æхсармæ:

– Æрхæццæ мæм дæ?

– Ам бæргæ дæн. Нæ фæткъуыбæлас нын радавтой ноджы.

Зæронд лæг аууæтты бацыд æмæ ссардта фæткъуыбæлас. Раздæхт фæстæмæ ‘мæ дзуры:

– Йæ кæрты астæу ис фæткъуыбæлас Саумæронæн, æмæ уырдæм уæ хæст акæнут, цæмæй йæ мацы фæкæной.

Æхсар æмæ Æхсæртæг кæртмæ сæ тых сарæзтой, афтæмæй Саумæроны се ‘хсæн фæкодтой.

Æхсæртæг æм дзуры:

– Тагъд нын ратт нæ фæткъуыбæлас!

Саумæрон зæгъы:

– Уый дын ратдзынæн, фæлæ бафидауæм.

Саумæрон Нартæн сæ фæткъуыбæлас рахаста, ‘мæ Æхсар зæронд лæгмæ дзуры:

– Мауал ысуæгъд кæн уыцы бæлас!

Уыйфæстæ Саумæронæй дзырд райстой, ард ын бахæрын кодтой æмæ уæдæй фæстæмæ Саумæрон дæлимонтæн æххуыс нал кодта. Дæлимонтæй ма уым чи аззади, уыдон сæхи айстой æмæ фæлыгъдысты.

## ДÆЛИМОНТЫ ХÆСТ

Дæлимонтæ сæхи фæтылиф кодтой. Иумæ та ‘рбамбырд кодтой сæ тыхтæ ‘мæ сæ размæ бадтысты Нартæн. Æхсар æмæ Æхсæртæг рацæйцыдысты ‘мæ зæронд лæгæн афтæ зæгъынц:

– Мах цуаны азилæм, ды та бæлас Нартæм ныххæсдзынæ.

Зæронд лæг рахаста фæткъуыбæлас. Нартæ та уæд цуаны азылдысты. Зæронд лæг базыдта, сæ размæ дæлимонты ‘фсад кæй бадынц, уый. Йæхи аууæтты хъавгæйæ айста ‘мæ йæ Нартæ æппын нал уыдтой.

Æхсар дзуры Æхсæртæгмæ:

– Мæ зæрдæ йæм æхсайы уыцы зæронд лæгмæ. Ныууадзæм уал фæлтау нæ цуан æмæ цæуæм нæ фæткъуыбæласы фæстæ. Цæст æй нал уыны зæронд лæджы, æмæ йыл уæд та исты ‘рцыди. Уæд æнæхай куы кæнæм нæ бæласæй.

Æхсæртæг ысразы ‘мæ раздæхтысты фæстæмæ. Цæуынц, фæлæ нал уынынц зæронд лæгæн йæ ныв дæр. Æмбисвæндагмæ куыддæр рацыдысты, афтæ сыл дæлимонтæ ‘ртывæрæй æрбакалдысты. Æхсар æмæ Æхсæртæг ыстыр тыхсты бахаудысты, нал сын размæ цæуæн уыд, нал – фæстæмæ. Схæцыдысты уым дæлимонтыл, разæй сæ цæгъдгæ кодтой, фæстейы та сæ туджы зæй ласта. Дæлимонтæм уыд иу хъоппæгцæст, йæ цæстыты урсытæ размæ зындысты. Уый дын куыддæртæй фæсвæдты бахъуызыд – хъуамæ сæ чъылдымдзæф фæкæна Нарты. Ауыдта йæ зæронд лæг дардæй. Фæуагъта йæ фæткъуыбæлас иу дзыхъхъы. Уæлейы йыл къалиутæ ‘ркалдта, ‘мæ нал зынд æддæмæ фæткъуы-

бæлас. Иу дзæккор райста ‘мæ бахъуызыди хъоппæгцæст лæгмæ. А ныр Æхсары ныццæва хъоппæгцæст, афтæ йыл зæронд лæджы дзæккор сæмбæлди. Хъоппæгцæст дзуццæджы ‘рхауди. Æхсар фæзылди ‘мæ дзуры зæронд лæгмæ:

– Цы фæдæ, цы?

– Мæнæ бæргæ дæн. Хъоппæгцæст дæ цæвынмæ хъавыд, æмæ йæ æз дзæккорæй æрцавтон.

Уæд Æхсар хъоппæгцæсты йæ бецыккæй систа. Нырдиаг кодта уыцы хæйрæджыты фæтдзæгъдæн æмæ дæлимонтæ хорзау нал уыдысты.

Хъоппæгцæст дзуры Æхсармæ:

– Уæ, ма мæ амар. Цы мын зæгъай, уый бакæндзынæн.

– Нæй дыл æууæндæн.

Йæ сæр ын ыстыдта Æхсар æмæ йæ ныззыввытт ласта. Сæр атахти ‘мæ Бæртæлæджы цур сæмбæлд.

Ракæс-ма, мæнæ дæлимонты фыддæрæн йæ сæрыкъуыдыр ардæм фæхаудта, зæгъгæ, загъта Бæртæлæг йæ усæн æмæ сæрыкъуыдыр доны басхуыста.

– Хуыцау сæ мыггагыскъуыд фæкæнæд!

Æхсар æмæ Æхсæртæг сæ хæст фæурæдтой. Фæлæ дæлимонтæ нал ауæрстой, æмæ сæ хæстæн кæрон нал уыди.

Фæстагмæ дæлимонтæ сæ бон базыдтой, ай сыл афтæмæй нæ фæтых уыдзысты, зæгъгæ, æмæ райдыдтой уæрмытæ къахын. Мæнгæмбæрзт сæ кодтой сыджыты мурæй, уæлейы та сыл кæрдæг зæрстой. Уæд та тыхджын ысхæцыдысты ‘мæ сæ сæ фæдыл уæрмытæм сайдтой.

Æхсар дын дзуры зæронд лæгмæ:

– Хорз бакæнис æмæ фæткъуыбæлас куы ахæссис. Дæлимонты мæхи бар уадз.

Зæронд лæг дæр дын ахаста фæткъуыбæлас æмæ йæ Нарты кæрты ныссагътой ногæй. Æмæ ‘нхъæлмæ касти зæронд лæг уыйфæстæ, уæдæ кæд æрцæуздзысты Æхсар æмæ Æхсæртæг.

Æхсар æмæ Æхсæртæг айстой дæлимонты сæ разæй, фæлæ уæрмы аирвæзтысты. Дæлимонтæ тынг ныццин кодтой. Æхсар æмæ Æхсæртæг Цæрддзуйыбæсты бакуыси сты. Мæсты кодтой, фæлæ ма цы сæ бон уыди Цæрддзуйыбæсты!

Байдыдтой дын зилын Цæрддзуйыбæсты ‘мæ иу ран иу къадакуырой федтой. Куырой бæргæ зилы, фæлæ йæ мидæг æппын иу ызмæлæг нæй.

Дзуры Æхсар Æхсæртæгмæ:

– Дзæгъæл хъеллауæй ницы бакæндзыстæм, фæлтау банхъæлмæ кæсæм ам – ацы къадакуырой æнæхицау нæ уыдзæн.

Æрæнцадысты лæппутæ иу бæласы бын. Ссадлæхурæнæй хыссæ змæстой, афтæ сæ ʻрбаййæфта иу даргъбоцъоджын æмæ сæм дзуры цыдæр мæстыхуызæй. Йæ армы та кæд уыди сæрыкъуыдыр.

– Ай, æмæ чи стут? Кæд ме сафджытæ стут – хæцгæйæ нын у. Кæд æххуысгæнджытæ стут, уæд уæхи зæгъут.

Уыдон æм дзурынц:

– Мах нæдæр иутæй ыстæм, нæдæр иннæтæй.

Æрбацыди сæм æд сæрыкъуыдыр даргъбоцъоджын. Сæр сæм æвдисы ʻмæ зæгъы:

– Ай уыди мæ лæппу ʻмæ сымахæй кæйдæр къухæй ыссардта йæ мæлæт.

Даргъбоцъоджын сæр Æхсæртæгмæ авæрдта. Сæрыкъуыдыр æнцад лæууыд. Æхсар бамбæрста: уыцы хъоппæгцæст лæппуйæн ыстыдта йæ сæр. Уый сæрыкъуыдыр у, æнæмæнг.

Даргъбоцъоджын Æхсармæ дзуры:

– Уæдæ мæ сафæг мæнæн ды уыдтæ ʻмæ абон махæн нæ тыхæвзарæн бон у.

– Дæу куыд фæнды, афтæ, – загъта Æхсар æмæ ныззыввытт ласта сæрыкъуыдыр. Сæрыкъуыдыр кæмдæр дуртыл ныппырх и.

Даргъбоцъоджын куыд нæ смæсты уыдаид! Афтæмæй дыууæ лæджы хæцын байдыдтой. Хъæд æмæ дуртæ кæрæдзиуыл цавтой. Уыцы рæстæг дæлимонтæ дæр Цæрддзуйыбæсты фестадысты. Схæцыди семæ Æхсæртæг, хæстæг сæ нæ уагъта Æхсармæ.

Æхсар фæхæст и даргъбоцъоджынæн йæ боцъотыл æмæ йæ ныууыгъта йæ сæрæй йæ къæхтæм. Йæ боцъо йын рацæйскъуыдта ʻмæ даргъбоцъоджын сау æрдиаг кодта.

– Уæ, ма мæ амар, бафидауæм.

– Нæ бафидаудзынæн, цалынмæ мæ уæлзæхмæ нæ фæхæссай.

Даргъбоцъоджын ныууагъта йæ хæст æмæ дзуры дæлимонтæм:

– Адон мах зæххыл нæ райгуырдысты. Мах зæххыл нæдæр мæлгæ акæндзысты. Фæлтау сæ сæ зæхмæ фæхæццæ кæнут.

Сæгъхъисæй бæндæнасин сын авæрдтой уæлзæхмæ ʻмæ йыл хæрдмæ хизынц: Æхсар – разæй, Æхсæртæг – йæ фæстæ. Хæрдмæ

куыд цыдысты, афтæ Æхсæртæг бæндæн фæстейы лыг кодта. Дæлимонтæ уæд бæндæны лыггæгтæ кæрæдзиуыл бастой æмæ хæрдмæ бырстой сæ фæдыл. Нал æййæфтой Нарты лæппуты. Æппынфæстаг зæхмæ сирвæзтысты Æхсар æмæ Æхсæртæг. Бынмæ 'ркастысты 'мæ дунейы дæлимонтæ сæ фæдыл ысбырынц.

Æхсæртæг зæгъы:

– Адон куыддæр сирвæзой, афтæ ныл тых кæндзысты.

Уæд æм Æхсар дзуры:

– Куыддæр ысцæйхæццæ кæной, афтæ бæндæнтæ фæлыгтæ кæнæм æмæ сыл уæлейæ цæхæр ауадзæм.

Арт акодтой Æхсар æмæ Æхсæртæг. Уæдмæ дæлимонтæ дæр ысзындысты 'мæ дын Æхсар æмæ Æхсæртæг уым бæндæнтæ фæлыг кодтой. Дæлимонтæ схъиудтытæ кодтой Цæрддзуйыбæстæм. Къултыл ма сæ бирæтæ фæхæцыд, фæлæ уыдоныл та цæхæр ракалдтой, æмæ дæлимонтæ судзгæ-уыраугæ хаудтой уырдыгмæ 'мæ ныппырх ысты Цæрддзуйызæххыл.

Æхсар æмæ Æхсæртæг рацæуынц Нартæм, фæрсынц алкæй дæр:

– Бæлас рахæсгæ нæ федтат?

Алчидæр сын дзуапп лæвæрдта:

– Зæронд лæг æй Нартæм фæцæйхаста.

Цæуынц Æхсар æмæ Æхсæртæг. Æхсар зæгъы:

– Ныр нæ куы фæсайа уыцы зæронд лæг, уæд цы кæндзыстæм?

Æхсæртæг зæгъы:

– Сар мын йæ сæр кæны! Уæлæмæ цæуа – йæ къæхтæй йæ 'рласдзынæн, дæлæмæ цæуа – йæ бецыккæй йæ ахсдзынæн. А зæххыл та мын ирвæзгæ н' акæндзæн.

Æхсар æмæ Æхсæртæг Нартæм æрбаввахс ысты, кæсынц æмæ сæ кæртæй зыны сæ фæткъуыбæлас.

Æхсар зæгъы:

– Нæ кæртæй цыдæр зыны нæ бæласы 'нгæсæн. Бæлвырд у, уыцы зæронд лæг нæ нæ фæсайдта.

Æрцыдысты сæхимæ æмæ сыл зæронд лæг амбæлди. Фæцин сыл кодта 'мæ загъта:

– Ныр нал æрцæудзысты дæлимонты дæлсинтæ. Бæлас та æз уæ кæрты уе 'рцыдмæ ныссагътон.

– Хорз бакодтай, дæ цæрæнбон бирæ.

Æрæнцадысты Æхсар æмæ Æхсæртæг.

*ГОДЖЫЦИАН-ЧЕЛДЫТЫ Надя*

# ÆРТÆ ÆМДЗÆВГÆЙЫ

## ЦÆСГОМЫ ТÆРАЗ

Нæ адæммæ, нæ ирмæ
Æлгъаг миниуæг ис:
Хæлæджы ссыртæй пирæм
Кæрæдзийы хъуын-хъис.

Куы схæца цъус йæ сæрыл
Рæстаг лæг – у нын марг.
Хорз рахонæм æвзæры,
Бæрзонд вæййы йæ аргъ.

Йæ бынты охыл алчи
Уыны æрмæст йæ раз.
Кæм фæдæлдзæх, цы ‘рбаци
Цæсгом барæн тæраз?

Нæ сайæгой тæразæй
Нæхицæн аргъ кæнæм:
Рæстаг лæджы йæ разæй
Уый барвиты мæрдтæм.

*2008.11.01*

* * *

Зæронд лæг цард куы батоны
Æппæт диссæгтыл дисæй,
Уæддæр хæрз чысыл базоны
Зæххон зонды къæбицæй...

## АРФÆ

Куыдæй у нырмæ дæр ма удæгас Ир,
Дзыккайы бæсты-иу куы базмæнтæм сир?
Нæ дудгæ хъæдгæмттæй фæриссы нæ уд,
Йæ былтæй фæкæлы сæ уæзæй нæ фурд.

Уæд цардхъом Хуыцауы фæндонæй дæ фæнд,
Дæ фидæн фæрнджындæр, Аланыстон, уæд!
Дæ исбоны суадон куыд нæ кæна хус,
Куыд нæ дæ бахъæуа мæгуыргуры къус!

Цы у бар? Æрдз тыхджынæн радта уæлдай хъомыс, цæмæй лæмæгъ йæ коммæ кæса. Уый хуыйны бар.

*У. Бренн (IVæнус)*
*Галлты хæстон фæтæг*

# ХЪАЙТЫХЪТЫ АЗÆМÆТ: 95 АЗЫ



*ХЪАЙТЫХЪТЫ Азæмæт*

# ИРЫ УÆЙЫГ ЛÆГТÆ

*Ирыстон фæйнæгфарс лæппутæ гуырæн кæй у, уый тыххæй бирæ æвдисæнтæ æрхæссæн ис. Таурæгътæм гæсгæ, суанг Хъаныхъуаты номдзыд Болайæ дæр тыхджындæртæ Иры дзыхъхъы иутæ-дыууæтæ нæ уыдысты. Фæлæ уыцы талынг дугты сæ иутæ цæмæдæр гæсгæ сæ тых, сæ хъарутæ адæмæй æмбæхстой, иннæтæ та спортивон ерыстæ уынгæ нæ, фæлæ хъусгæ дæр никæд фæкодтой, æмæ сæ нæмттæ ничердыгæй райхъуыстысты.*

*Æрымысæм дзы иу-цалдæры...*

## ГОЦЪИЙЫ ХАБÆРТТÆЙ

Иверийы паддзах Иракъли Дыккæгæмы рæстæджы иу персайнаг богал гуырдзыйы богæлтты се ‘ппæты дæр абырста, æмæ йæ сæрак голлаг æхцатæй байдзаг. Уыцы рæстæджы Нарæй дыууæ æфсымæры – Гоцъи æмæ Джиойы – сæ хъысмæт æрхаста Калакмæ. Хабар куы фехъуыстой, уæд сæм хардзау æркасти ацы хъуыддаг, æмæ Гоцъи йе ‘фсымæрæн афтæ загъы:

– Цом-ма, Джио, фенæм, уагæры цавæр богал у.

Персайнаг богалыл адæм æмбырдтæ кодтой. Уый дæр йæхицæй ныббузныг æмæ сæ сæрты уæйыгау дзагъултæгæнгæ кæсы. Цыбыр Гоцъи йæ куы федта, уæд йе ‘рвадæн афтæ загъы:

– Хæргæ мæ куы акæна, уæддæр мын йемæ æнæрахæцгæ нæй!

Джио йæ нæ уадзы хъæбысæй хæцын. Йæ хуыз фæлыгъд, дзуры йын, ма кæ, ме ‘фсымæр, исты дыл куы ‘рцæуа, уæд мæхи Къуары доны баппардзынæн, загъгæ. Гоцъи йæ коммæ нæ бакасти æмæ йæ фæндон Иракъли-паддзахæн фехъусын кодта. Паддзах æрбацыдис. Гоцъийы куы федта, уæд йæ рухс цæсгом фæтар æмæ йын, мæсты худт бакæнгæйæ, афтæ загъы:

– Дæ ныфс æм куыд хæссыс, пуртийау дæ куы фæхъаздзæн, фæлтау, кæцæй æрцыдтæ, уырдæм æнæфыдбылызæй гъæй кæ!

Гоцъийæн йæ ныхас дæр адæймаджы уæнгты сойау хъардта æмæ ныфсхастæй фæзæгъы:

– Дзырд дын дæттын, нæ дæ фæхудинаг кæндзынæн, бафæлвар мæ!

Арвыл саумылазон æврæгътæ атадысты. Иракъли-паддзахы цæсгомыл хуры тынтæ ахъазыдысты æмæ хинымæры скæрды: «Ацы сахъ лæппу, æвæццæгæн, минæвар у. Хуымæтæджы йæ ныфс нæ хæссы, бафæлварын æй хъæуы». Лæппуйы фæтæн уæхскыл йæ паддзахы къух æрæвæры æмæ йын разыйы дзуапп ратты.

Цавæрдæр цыбыр ирон лæппу, дам, тыхгæнæг тых кæмæн нæ ары, уыцы богалимæ хъæбысæй хæцдзæн, нысан бон Гуырдзыстоны алы хъæутæй цымыдис адæм хъæбысæйхæцæн фæзмæ ныххæррæтт ластой, æмæ, арвæй судзгæ æхсидав æрхауди, зæгъгæ, уæд зæхмæ не ʻрхæццæ уыдаид.

Персайнаг богал Гоцъийы куы федта, уæд ын хъыг уыди, хынджылæг мæ кæнут, зæгъгæ, æмæ мæстæй ныддымсти. Гоцъи йæм æд нымæт хæстæг бацыди. Къахæй сæрмæ йыл йæ цæстæнгас схæссы æмæ уæзданæй фæзæгъы: «Бавзарæм уал, бавзарæм, Персы номдзыд богал, æмæ мæ кæд абырсай, уæддиу дæхицæй æппæл. Ныр та, дæ бæрзонддзинад, рахæцæм дзырдæй, æмæ чи фæбынæй уа, уымæн-иу иннæ хъамайæ йæ хурх схенц кæнæд».

Персайнаг богалы хъоппæг цæстытæ ферттывтой. Тæрхонгæнджытæн разыйы дзуапп радта, æмæ сын уыдон кæрæдзи къухтæ райсын кодтой.

Зурна сцагъта, æмæ дыууæ богалы дыууæ хохау кæрæдзиуыл сæхи ныццавтой. Зæхх сæ быны æнкъуысыди, сæ дымгæйæ æврæгътæ арвы кæрæттæм лыгъдысты. Уалынмæ персайнаг богалæн зæххыл уæлгоммæ йæ цæлхъ фæцыди, æмæ йæ хъоппæг цæстытæ ныдздзагъыр сты. Йæ уд цыма йæ къæхты бынты алыгъд, уыйау рабадын дæр йæ бон нал уыд. Цыбыр Гоцъи йæ йæ къæхтыл слæууын кæны æмæ йæ барджын хъæлæс анæры:

– Сахы богал, хъусыс, тыхæй тыхджындæртæ бирæ ис! – æмæ дзырд куыд уыдысты, афтæ хъама йæ къухты ферттывта. Персайнаг богал афæлурс æмæ зыр-зыргæнгæ йæ уæрджытыл æрхауд.

– Гоцъи, мæ хатырæй афтæ ма бакæ! – ныййазæлыд Джиойы хъæлæс, æмæ æндон хъама йæ кæрддзæмы калмау аныгъуылд.

Иракъли-паддзах фырцинæй йæ сæр арвы милтыл асæрфта æмæ Гоцъийы æртæ хатты йæ хъæбысы ныккодта. Адæмы цины хъæртæ æмæ къухæмдзæгъд нал æмæ нал æнцадысты.

Паддзахы галуанты ӕнӕхъӕн къуыри куывд нӕ райхӕлд. Иракъли ирон лӕппутӕн зынаргъ лӕвӕрттӕ ракодта, бирӕ сын фӕлӕгъстӕ кодта, ам баззайут, зӕгъгӕ, фӕлӕ сахъ лӕппуты удтӕ сӕ райгуырӕн Нары уыдысты. Гоцъи цы ӕхцатӕ рамбылдта, уыдоны мӕгуыртыл байуӕрстой ӕмӕ паддзахы лӕвӕрттимӕ сӕ фӕндаг райгуырӕн Ирыстонмӕ адардтой.

*05.2005 аз*

## КЪУЫМӔРИТТАТЫ ДОМБАЙ ТЪОТЪОР

Потнисы компрӕбын, чи зоны, кӕцы дуджы, ӕрӕнцад Суацхуры хъӕу. Раджы рӕстӕджы ам, Дунедарӕг цытджын Хуыцауыл сӕхи фӕдзӕхсгӕ, цардысты Къуымӕриттаты мӕгуыр мыггаг. Мадымайрӕм сын балӕвар кодта ӕрдзӕй домбай хъару рахӕссӕг лӕппу ӕмӕ йыл ныххуырстой ном – Тъотъор.

Лӕппу йе 'взонджы бонты йӕ хъару цӕуыл схардз кодтаид, уый нӕ зыдта ӕмӕ ӕрдзы хъӕбысы катайтӕ ӕмӕ сагъӕсгӕнгӕ йӕхи ирхӕфста.

Фыццаг рӕстӕг аххытӕ-оххытӕгӕнгӕ цыд. Иуахӕмы та гуырдзиаг фыдуаг ӕлдар Амлахары фӕсдзӕуинтӕ комы хъӕутыл хъалонтӕ исгӕ зылдысты. Комы цӕрджытӕй цы бирӕ мулк ӕрӕмбырд кодтой фӕстагмӕ, уыдонимӕ Суацхуры хъӕумӕ бацыдысты. Ам сын цы хъалонтӕ райсинаг уыдис, уыдон ӕрӕмбырд кодтой ӕмӕ цӕуыны къахыл куыд ӕрлӕууыдысты, афтӕ Къуымӕриттаты Тъотъор кӕцӕйдӕр фӕзынд. Кӕсы, ӕмӕ йӕ хъӕубӕсты адӕм чыртӕ-чыртӕй ӕлдары фӕсдзӕуинтӕн лӕггад кӕнынц.

Тъотъор, йӕ хъӕуккӕгтӕм хӕстӕг балӕугӕйӕ, фӕхъӕр кӕны: «Цы хабар у, чи сты адон?!» Адӕм ныллӕг хъӕлӕстӕй сдзырдтой: «Тъотъор, мах дӕ мад, дӕ фыды уазӕг! Хъӕр ма кӕн, уыдон ӕлдар Амлахары фӕсдзӕуинтӕ сты ӕмӕ сӕм знӕтӕй дзурӕн нӕй».

Тъотъор фӕлмӕн бахудт ӕмӕ сӕ ныллӕг хъӕлӕсӕй бафӕрсы: «Ӕдӕппӕт цыппар сты ӕви ма дзы ӕндӕр искӕм дӕр ис?» Адӕм ӕм хӕстӕг балӕууыдысты ӕмӕ ныллӕг хъӕлӕсӕй бахатынц: «Тъотъор, ӕлдар йӕ къӕбылайы куы 'рбарвита, уӕддӕр хъӕутӕн иугӕйттӕй сӕ бон нӕу уый ныхмӕ тох кӕнын».

Тъотъор адӕмы рӕзты фӕсдзӕуинты размӕ арсау фессӕ-

ста æмæ сыл фæхъæр кодта: «Сымах чи стут, цы уæ хъæуы ам нæ зæххыл?»

Амлахары хистæр моурауы цæсгом артау ссыгъд, йæ цæстытæ туджы разылдта æмæ адæмырдæм фæбогъ кодта: «Ацы куыдзы къæбыла кæй у, уый йæ ардыгæй акæнæд, кæннæуæд æй ныртæккæ мæ бæхы кæдзилыл бабæтдзынæн!»

Тъотъор сæм уыцы æртхъиræны фæстæ арвы ферттывдау фæлæбурдта. Се 'ппæты дæр сæ бæхтæй æррæдывта, сæ хотыхтæ сын байста æмæ сын сæхи та бæхты сæргътæм куырисбаст скодта, йæхæдæг сæ Потнисы комæй фæдæлæмæ кодта æмæ сын бафæдзæхста: «Цæугæут æмæ Амлахарæн зæгъут, дæуæй, зæгъ, тыхджындæр фæзынд Суацхуры – Къуымæриттаты Тъотъор æмæ – дæ лæджыхъæд æмæ дæхæдæг!»

Тъотъор уырдыгæй фæстæмæ раздæхт æмæ Суацхуры комы цæрæг адæмæн сæ хъалонтæ фæстæмæ байуæрста.

Цасдæр рæстæджы фæстæ Амлахар-æлдар Тъотъоры ныхмæ хæцæг балтæ сарæзта, сæ хистæр йæ моурау Пауленишвили.

Хæцæг балтæ Тъотъоры фæдыл райдыдтой зилын, æцæг Суацхуры хъæумæ хъуынджынриу лæппуйы тæссæй цæуын нæ уæндыдысты. Тъотъор уарзта æрдзы хъæбысы тезгъо кæнын. Гуырдзиæгтæ йын йæ цæуæнтæ базыдтой æмæ иу ран йæ размæ дыууадæсæй бабадтысты. Се 'хсæн æй куы фæкодтой, уæд дзы Тъотъор иуы рацахста æмæ йæ иннæйыл ныххуырста. Дыккаджы къæхтыл фæхæцыд æмæ сыл уымæй хафт-хафтæй куы ралæууыд, уæд сæ чи кæдæм лыгъди, уый бæрæг нал уыд.

...Æлдары хæцæг балтæ æгæр куы сбирæ сты, уæд Тъотъор хъæуæй чысыл æддæдæр йæхицæн скодта сусæг бынат æмæ уым бадти æхсæв дæр æмæ бон дæр. Æлдары хæцæг балтæ иу мæйдар æхсæв бацыдысты Суацхуры хъæумæ. Æнхъæлдтой, Тъотъор хæдзары ис, æмæ хъæуы алыварс цæг æрæвæрдтой.

Райсом бон куы 'рбацъæхтæ, уæд Тъотъор базыдта æлдары хæцæг адæмы æмæ сæ уырдыгæй æхсын райдыдта. Тъотъор æмæ æлдары хæцæг адæм суанг фæссихæрттæм æвирхъау хæст фæкодтой. Æлдары адæмæй цалдæр куы фæмард и, уæд Тъотъорæн йæ мад æмæ йæ фыды сæ хæдзары амардтой æмæ уæнтæхъилæй сæргуыбыртæй сæхи айстой.

Дыккаг бон комы цыдæриддæр адæм уыдис, уыдон Суацхуры хъæумæ æрæмбырд сты. Тъотъорæн фыццаджыдæр йæ мад æмæ фыды тыххæй тæфæрфæс ракодтой æмæ йын уый фæстæ

ныллæгъстæ кодтой: «Тъотъор, мах дæ мад, дæ фыды уазæг, мауал саф мах дæр æмæ дæхи дæр. Нæ комы ахæм фæсивæд нæй, æмæ дæуæн æмцæдис чи балæууа. Дæуæн та иунæгæй æнæхъæн æфсады ныхмæ тох кæнын дæ бон нæ бауыдзæн».

Тъотъор йæ мад æмæ фыды куы баныгæдта, уæд иу мæйдар æхсæв араст йæ ныййарджыты туг райсынмæ. Æрдæгæхсæв бахызт Пауленишвилийы кæртмæ. Кæсы, æмæ дуары хæд раз иу лæг йæ топпы æнцой лæугæ æррæху-æррæху кæны. Тъотъор æм æвиппайды багæпп кодта, æхсаргард фæцъортт ласта, хъалагъуры дзы дыууæ фæкодта æмæ хæдзары смидæг. Пауленишвили хæдзары нæ разынд. Ус æмæ сабитæй та туг исын сæрмæ хæссинаг нæу. Къонайы рæхыс рафтыдта, рахаста йæ æмæ йæ сæ хъæуы уæлмæрдты йæ мад æмæ фыды ингæныл цыртæн ныссагъта. Йæ фæдыл зилæг моураутыл дæр тугуарæнтæ кодта. Сæ мæрдтæ бон дыгæйттæй, æртыгæйттæй сынтытыл хастой.

Суацхуры комы æлдар Амлахарæн Тъотъоры тæссæй йæ быны дон бацыд. Æхсæвыгæтты йæ фæлмæн хуыссæны æрхуыссын нал уæндыд, æмæ-иу æнтъæрд рувасау куы иу ран батымбыл, куы та аннæ ран.

Мæсыг хи дурæй хæлы, зæгъгæ, æмбисондæн хуымæтæджы нæ баззад. Чидæр Амлахар-æлдармæ дзырдхæссæг фæци, Тъотъор, дам, йæхи Джеры дзуарыл бафæдзæхста æмæ, дам, уым кувæндоны æрцарди.

Æхсæвы Амлахар-æлдары æфсæдтæ тар мигъау комы æрбафсæрстой æмæ Джеры дзуары алыварс æрхъула сты. Райсом куыддæр сбон и, афтæ Тъотъормæ сæхицæй минæвар барвыстой. Тъотъор куыддæр хотыхджын адæмы ауыдта, афтæ фæссæррæттт ласта. Минæвар æм тæрсгæ ризгæ гæххæтты гæбаз бадардта. Тъотъор ыл бæрзонд хъæлæсæй фæтъæлланг кæны: «Чи дæ?! Цы дæ хъæуы?!»

Минæвар фæзæгъы:

– Мæ-æн ра-арвыста Пауленишвили, мæнæ ацы гæххæтт бакæс.

– Æз гæххæтт-мæххæттæн ницы зонын, – фæхъæр кодта Тъотъор. – Ныртæккæ дæ хотыхтæ æрæвæр æмæ мын зæгъ дзыхæй, цы дæ хъæуы?

Минæвар йæ хотыхтæ Тъотъоры раз æрæвæры æмæ зæгъы:

– Мæн моурауты хистæр Пауленишвили рарвыста, цæмæй дæхи раттай, кæннæуæд, дам дын аирвæзæн нал и удæгасæй,

уымæн æмæ æлдары хæцæг адæм се ‘ппæт дæр дæ алыварс æмæхгæдæй æрхъула сты.

Тъотъор йæхи Джеры дзуарыл бафæдзæхсы, бæхыл абады æмæ дзуары кæртæй кардæлвæстæй рассæррæтт кæны. Йæ разы кæй раййæфта, уыдоны цæгъдгæ ацыд, йæхæдæг йæ бæх къуылдымыл Суацхурырдæм азылдта. Хæцæг адæм фырдиссагæй фæуыргъуыйау сты. Æрæджиау ма йын йæ фæстæ хæст самадтой, фæлæ уæдмæ уый къуылдымæй фæауuон ис.

Суацхурæй, Гудисырдæм ахизæн, Къахыр æй хонынц. Тъотъоры уырдæм бирæ нал хъуыд, афтæ йæ бæх йæ быны фæмард. Йæхæдæг дурты ауuон æрныгъуылд æмæ изæрмæ бирæ нал хъуыд, уæдмæ хъазуатæй хæцыди æнæхъæн æфсады ныхмæ. Моурауты хистæр Пауленишвили æмæ ма йе ‘мбæлттæй асты бæрц Тъотъоры нæмгуытæй фæмард сты. Тъотъор дæр йæхæдæг рæуæг цæф фæцис. Хæцæг адæмæн сæ ныфс асаст. Сæ тохы быдырæй фараст марды раккой кодтой æмæ сæргуыбырæй фæстæмæ раздæхтысты.

Тъотъорæн йæ цæф цасдæр рæстæджы фæстæ байгас.

Амлахар-æлдарæн йе знаджы ныхмæ тохы йæ бон кæй ницы бауыдзæн, уый бамбæрста, æмæ уæд сфæнд кодта, цæмæй фыдуаг арс æууæнкæй йæ къæппæджы бахауа, æмæ Тъотъормæ минæвæрттæ кæнын райдыдта. Иу бон Суацхурмæ барвыста йæ минæвæртты. Уыдон Тъотъоры раз сæ рагъы нуæрттыл рувæстау туллæччытæгæнгæ лæхурдтой: «Мах Амлахар-æлдар дæумæ рарвыста хонæг, æмæ дын не ‘лдары номæй фидар дзырд дæттæм, куыд дæуæн æлдар ратдзæн, кæм дæ фæнда, уым зæхх, сараздзæн дын хæдзар. Кæд дæ фæнда, уæд дæ йæхимæ хистæр моураyæй дæр бауромдзæн. Суацхуры комы цæрæг адæмы та уæгъд кæны хъалонтæ фидынæй. Æрмæст дæ сæр минасмæ бадар, æмæ кæм зæгъай уым дын сараздзæн цыты куывд».

Тъотъоры ацы ныхæстæ бауырныдтой, ахъуыды кодта æмæ сын загъта:

– Хорз, ацæудзынæн, æрмæст цы аразинаг у, уый хъуамæ уа Белотмæ хæстæг, Рохалайы мæсыгмæ æввахс. Æлдар æмæ йæ фæсдзæуинтæй хæцæн хотых куыд никæмæ уа.

Тъотъор хъуыды кодта, ома æнæ хотыхтæй уыдон цалфæнды куы уой, уæддæр мын мæлдзыджытæй уæлдай нæ уыдзысты. Кæд сæм уыдонæй дарддæр æдхотых адæм фæзына, уæд цыфæндыйæ дæр мæсыгмæ баирвæздзынæн.

Минæвæрттæ ахæм ныхасæй аздæхтысты, уæдæ цы уыдаид.

Æлдарыл ацы хабар куыддæр сæмбæлдис, афтæ цалдæр боны раздæр йæ фæсдзæуинты рарвыста, æмæ уым тынг арф, уынгæг уæрм скъахын кодта. Йæ сæрыл ын стыр царм бамбæрзын кодта, йæхæдæг йæ æмсæртæй цалдæримæ æд бинонтæ бацыдысты Рохаламæ.

Тъотъор дæр сæм уырдæм бацыдис æмæ йыл гæды цинтæ фæкодтой.

Уæрмы сæрæмбæрзæны цур, бæркадджын фынджы алыварс рабадтысты. Минас æмбисыл уыдаид, уæд æлдары чызг рахызт æмæ цармы кæрæтты кафгæ æрзылди æмæ Тъотъормæ йæ сæрæй акуывта. Тъотъор кафынмæ асæррæтт кодта æмæ уæрмы аирвæзт. Æвиппайды ма фæлæбурдта æмæ æлдары чызджы дæр йемæ айста. Тъотъор ма бæргæ бирæ фæархайдта уæрмæй схизыныл, фæлæ йын амал нал фæцис.

Амлахар-æлдар æмæ йæ адæм бирæ фæхъуыды кодтой, чызджы исты амалæй сисынæн, фæлæ уæд Тъотъорæн æнæ схизгæ нæ уыдис, æмæ сæ иу дæр удæгасæй нал аирвæзтаид.

Амлахар-æлдар йæ фæсдзæуинтæй уым цалдæры баурæдта. Иу къорд боны фæстæ Тъотъор амардис, æмæ уæд æлдары чызджы уырдыгæй мардæй сластой.

*05.2005 аз*

## ИЛАТЫ ДЗЫБЫРТТ

Цæугæдæттæ чъизитæй сæхæдæг сæхи куыд фæсыгъдæг кæнынц, афтæ нæ рагфыдæлты нæртон тугмæ æвзæр туджы æртах цæмæй ма ‘рбахауа, уый охыл сæхи нымадтой хæрзмыггæгтæ æмæ фыдмыггæгтыл. Хæрзмыггаг фыдмыггагæй чындз нæ хастой, чызг сын нæ лæвæрдтой.

Уæлладжыры комы Æрыдоны доны рахизфарс, уалæ цъитисæр хæхты рæбын, чи зоны, кæд æрæнцад номдзыд Æрхоны хъæу. Ам кæддæр бирæ мыггæгтæ царди æмæ дзы, хæрзмыггагмæ чи хауди, уыдоны сæ абоны фæлтæртæ хуыздæр зонынц.

Хæрзмыггагыл нымад уыдысты Илатæ. Уыди сæм фæрнджын хистæртæ, æфсарм, æгъдау æмæ æхсарæй æххæст фæсивæд. Уæдæ, хæххон тызмæг æрдз æмæ Æрхоны рухс Санибайы зæдтæ стыр ныфс æмæ домбай хъаруйæ кæй сифтыгътой, ахæм

фæйнæгфарс лæппутæ дæр сæм куыннæ уыдаид. Фæлæ дзы амæндтæ уарæг иуæй-иуты цæмæндæр фæхъулон кодта æмæ сын сæ хъарутæ равдисыны фадат нæ фæци.

Кæсаг доны æрфытæ куыд фæагуры, адæймаг та афтæ дзадж-джындæр бынæттæм тырнаг у. Ссæдзæм æнусы райдианы Илатæй дыууæ хæдзары сæ дымджытæ æрбатыхтой, фыдæлты уæзæгæн хæрзбон загътой æмæ Æрыдоны сæхи Бынатыхицауыл бафæдзæхстой. Уыцы дуджы искæй хъæуы æрцæрын иуул æнцонтæй нæ уыди. Иуæй ахæм бар райсыны тыххæй стыр хæрдзтæ æмæ гæртæмттæ фидын хъуыди, аннæмæй та ног бынаты хæдзар аразын алкæй бон нæ уыди. Æмæ ног æрлидз-джытæн сæ цард фæцудыдта.

Адæм кæрæдзийæн ныфсы цæджындзтæ сты. Рæстæг цыд æмæ ног æрлидзджыты бæлæстыл цъæх сыфтæр фæхæцыд. Фæллойуарзаг хохаг бинонтæ куыстмондагæй цъæх арт уагътой, æмæ сæ хъæздыг быдираг зæхх йæ бæркæдтæй рæвдыдта.

Алцæмæн дæр рæстæг æмæ афон ис. Фæхъыртхъом сты Илатæ æмæ иу фæззыгон фæлмæн бон сæ кæстæр Дзыбырттæн чындз æрхастой. Ног æрлидзджыты сых уалдзыгон дыргъдоны хуыз æвдыста. Чындзæхсæв йæ тæккæ гуыппыл уыди. Хъазты фæсивæд фæндыры рог цагъдмæ хæрдмæ хаудысты. Хистæрты фынгæй хъуыстысты гаджидауы зарæджы хъæлдзæг зæлтæ.

Халон, дам, йе уæны кæсы, зæгъгæ, мæнгæн нæ фæзæгъынц. Илаты сыхы сæрмæ дыууæ сау халоны, чындзæхсæвæй хай курæгау хъуахъ-хъуахъгæнгæ зилахар кодтой. Хъуыдыгæнæг сæ куынæ уыд, уæд сæхи тæргайхуызæй фæйнæрдæм ауагътой. Сæ иу æрбадт Æрыдоны аргъуаны цъуппыл, аннæ та Дзыбыртты хæдзары сæр æмæ, чындзæхсæвы фынгты уæлхъус цы хуынды адæм бадтис, уыдоны фыдгой кæрæдзийæн кодтой.

Æрыдоны аргъуаны сауджыны ног бинонты къайад сфидар кæнынмæ бирæ æнхъæлмæ кæсын нæ бахъуыд. Нысан бон æм уæззау хуынтимæ æрбацыдысты, æмæ хæкъуырццытæгæнгæ сæ разы æрлæууыд. Хурдзæсгом саурæсугъд чындзы куы федта, уæд дзы æппæт дæр айрох. Уырсау мыр-мыргæнгæ уаты къуымты æрзилы æмæ йæ размæ æрбасиры, йе ‘нæфсарм цæстытæ дзы ныццæвы. Гъа, ныр æм февнала, зæгъгæ, афтæ йæ Дзыбыртт хиуылхæцгæ бафæрсы:

– Сауджын, мах дæм цы хъуыддаджы фæдыл æрбацыдыстæм, уый дæ, мыййаг, рох фæци?

Сауджын йæ рохтыл фæхæцыд, сæрæй къæхтæм ыл йæ цæстæнгас барджынæй æруадзы. Фæсæмбæрзæнмæ йæм фæсиды æмæ йæ ныллæг хъæлæсæй бафæрсы:

– Зæгъ-ма, æхца дæм бирæ ис?

Сауджын чердæм симы, Дзыбыртт уый нæ бамбæрста æмæ фæзæгъы:

– Ног хæдзаргæнæг æмæ стыр ирæд бафидæгмæ цас баззайы, уыйбæрц.

– Бæх цæй аргъ у, уый зоныс? – фæрсы дарддæр сауджын.

– Фондз сомы аргъ, – фæзæгъы Дзыбыртт.

– Стур та?

– Стур дыууæ, æртæ сомы...

– Уæдæ уыл, Дзыбыртт, æз лæвар саргъаудзынæн. Фынддæс сомы дæр ма дын ратдзынæн, æрмæст мын дæ, дæ... – ферхæцыд сауджын.

– Æрмæст цы?

– Цы куы зæгъай, уæд дæ æз бирæ уарзын. Кæд мæ фæндоныл сразы уай, уæд лымæнтæй цæрдзыстæм æмæ хъаны цард кæндзынæ, – йæ мæлгъæвзаг аппæрста сауджын.

– Дæ ныхас ма фергомдæр кæн, – йæ сæр фæбæрзонддæр кæны Дзыбыртт.

– Мæнæ уал дын, мæ лымæн, фынддæс сомы, æ-æмæ уа-ал мын дæ усы и-иу са-ахат авæр, – никъкъæзæнæг сауджын, фæлæ йæ чемы нæма æрцыд, афтæ йын йæ нард гуыбын Дзыбыртты сау хъама Бачъиттаг калмау айгæрста.

Уыцы уæззау бон пъæлицæ Дзыбыртты æрцахстой æмæ йæ Дзæуджыхъæуы Урс ахæстоны смидæг кодтой. Уæд Кавказы æфсæддон уавæр уыд, æмæ Илайы-фырты тæрхонгæнджытæ ауындзæны раз æрлæууын кодтой. Бирæ адæм æрæмбырд тæрхоны фæзмæ æмæ æнамонд хъуыддагмæ сæргуыбыр, уæнтæхъилæй кастысты. Тæрхоны лæг Дзыбырттæн фæстаг ныхасы бар куы радта, уæд уый сахъ цæргæсау йæ сæрыл бæрзонд схæцыд æмæ уæндон хъæлæсæй загъта:

– Ницыуал зæгъын æз, æрмæст мын ауындзæнмæ заргæйæ бацæуыны бар радтут.

Тæрхонгæнджытæ ауынаффæ кодтой æмæ йын разыйы дзуапп куы радтой, уæд æд хотых салдæтты æхсæнæй ракъахдзæф кодта, йæ сæрыл бæрзонд схæцыд, æмæ ахæстоны йæхиуыл цы зарæг скодта, уый ныццæлхъ ласта:

*Уай, уæрæйдæ!*
*Уай, уæрæйдæ-рæйдæ,*
*Хохы цуанон сау зым амардта!*
*Уай, уæрæйдæ-рæйдæ!*
*Илаты Дзыбыртт сауджын амардта,*
*Сауджын амардта.*
*Уæй, ноджыдæр уæрæйдæ!*
*Уый, дам, сауджын нæ уыди,*
*Фæлæ сау хæрæг куы уыди!*
*Уæй, уæрæйдæ!*
*Чехойты Цопан Дзæуджыхъæуæй*
*Бадмæ æрбацыд.*
*Уæй тох æмæ Илаты Дзыбыртт*
*Йæ ауындзæнмæ*
*Заргæ бацыди, заргæ бацыди!*

Салдат ын йæ хъуырыл бæндæны цæг куы æрæфтыдта, уæд Дзыбыртт йæ къæхтæй бандон акъуырдта æмæ салдаты тъæпп зæххыл фæцыди. Йæхæдæг дыууæ къухæй бæндæнмæ сæвнæлдта æмæ, йæхи хæрдмæ сивазгæйæ, фæстаг хъæр ныккодта:

– Хорзæй баззай, мæ уарзон Ирыстон! Æз худинаджы бæсты равзæрстон мæлæт! – æмæ йæ цæнгтæ æрдзедзыкка сты.

Адæмæн фырдиссагæй сæ буар сисбынтæ абадт, сæ сæры хилтæ арц слæууыдысты. Иу фесхойæг сæ куы фæуыдаид, уæд, æвæццæгæн æмæ, тæрхоны лæгты куыйты хæринаг фæкодтаикккой.

– Æвгъау уыди ахæм стыр ныфс æмæ домбай хъаруйы хицау мæлæтæн, – хъуысти хицауадырдыгæй дæр кæйдæрты фæсмойнаг сусу-бусутæ.

Æрдз мигъбонау æрæнкъард. Сау æврæгътæ арв æрбахгæдтой æмæ сыг рацыд.

*05.2005 аз*

## ИЛАТЫ СЕРГЕ ÆМÆ ЙÆ БАЙЗÆДДÆГТÆ

Туг туджы агуры, фæлæ дыууæ фаззон æфсымæры, хицæн хъæуты цæргæйæ, кæрæдзи афæдз иу хатт уæддæр куынæ абæрæг кæной, уæд адард вæййынц, æмæ сæ кæстæртæ æцæгæлæттæй агæпп ласынц.

Мæ фыд хохаг хъæуы цæргæйæ хионтыл æнувыд уыдис. Йæ фæззыгон куыстытæй-иу куы феуæгъд, уæд-иу бæхуæрдоны нæ быдираг хæстæджыты бæрæггæнæг къуыри балцы афæндараст. Уæдæ нæхимæ дæр хионтæ уазæгуаты арæх цыдысты.

1932 – уæззау æххормаг азы дæр мæ фыд йæ ахуыр нæ фехæлдта. Адæм фæззæджы иу чысыл куы фæхъыртхъом сты, уæд мæн дæр йемæ айста æмæ Уæлладжыры комы дæлæмæ бæхуæрдоны абалц кодтам. Уæды дуджы паддзахвæндаг ранæйрæтты афтæ нарæг уыд, æмæ дзы фæрсæй-фæрстæм дыууæ уæрдоны нæ ахызтаиккой. Кæм та – дзыхъхъытæ-къуыппытæ. Ранæй-рæтты та уæлвæндагæй цы дуртæ хауди, уыдон уыдысты къуылымпыты хос, æмæ-иу бæлццæттæ дзæвгар рæстæг бафæстиат сты. Уымæ гæсгæ-иу бæлццæттæй иутæ Сыфтæрджын лæгæты бафысым кодтой, аннæтæ та Ныхасы Уастырджийы бын.

Махæн уыцы фæззыгон фæлмæн бон нæ хъуыл сах абадт. Фæндагыл бирæ цæлхдуртæ нæ уыд, нæ бæх йæ сæппæй не 'нцад, æмæ хур скæсæнырдæм даргъ ауыæттæ куы айтыгъта, уæд нæ мæ фыд Ныхасы Уастырджийыл бафæдзæхста æмæ Тæмискъæй фæдæле стæм. Уæд хохæй быдырмæ æз, фарастаздзыд лæппу, фыццаг хатт цыдтæн æмæ мæ стыр дисы бафтыдтой арвы уæрæх тыгъдад æмæ зæххы æгæрон тъæпæнтæ.

Сывæллон цымыдис кæм нæ вæййы. Цъыфджыны мæ цæст æрхæцыд уæртджынхæфсытыл. Уæрдонæй асæррæтт ластон, иуы дзы цингæнгæ мæ хъæбысмæ фелвæстон, фæлæ хъæуысæр Дурæфтауæнмæ куы ныххæццæ стæм, уæд мын æй мæ фыд, тæригъæд у, зæгъгæ, ауадзын кодта. Уым ныл бон дæр æррæхцæррæхц кæнын байдыдта æмæ, нæ бæхы фындзыл цыма йе 'хсæвæры тæф ауад, уыйау йæ сæпп фæрогдæр.

Алагир æмæ Æрыдоны хионтыл зилгæ æртæ боны бафæстиат стæм. Цыппæрæм боны уыдис Хуыцауы кадджын бон. Нæ фысымтæ – Бадритæ – нæ рафæндараст кодтой, æмæ Бæрæгъуынмæ нæ фæндаг адардтам. Чырыстонхъæуырдæм фæзилæны кукушкæйы фæндаджы сæрты куы бахызтыстæм, уæд нæ разæй фистæгæй цæуæг фæндаггоны ауыдтам.

– Уый æрхойнаг фæйнæгфарс лæппу Илаты Серге у, – мæ хъусы мын бадзырдта мæ фыд æмæ мæ уæрдоны гуыффæмæ ахизын кодта. Дыууæ зонгæйы кæрæдзийыл ацинтæ кодтой, стæй уæрдоны фæрсæй-фæрстæм сбадтысты, æмæ та бæх асæпп

кодта. Серге мын къухæй мæ сæр адаудта, хъарм ныхæстæй мæ арæвдыдта, стæй мæ фыдимæ кæрæдзийæн сæ хабæрттæгæнгæ цыдысты.

Сергейыл уыдис цъæх нымæтхуд, хохгæрдджытæ кæй фæдарынц, ахæм кæттаг пиджак, йæ гæлифе хæлафы уæрджытыл сæрак-æмпъузæнтæ, зæнгтыл – фæсмын зæнгæйттæ, къæхтыл та – хъусджын дзабыртæ. Æз йæ хæдфæстæ гуыффæйы бадгæ мæхицæн бынат нал ардтон. Йæ фæйнæгфæрстæм афтæ сцымыдис дæн æмæ дзы мæ цæстытæ атонын нал куымдтой. Йæ кæттаг къурткæйы бынты иу аивæй куы иуырдыгæй скастæн, куы аннæрдыгæй, фæлæ мæм дзы фæйнæг нæ, фæлæ къæцæлы мур дæр никæцæй зынди. Цымыдис мæ мæ къæхтыл слæууын кодта, барæй мæхи фæцудын кодтон, йæ фæрстыл ын фæхæцыдтæн, фæлæ дзы мæ къух ахæм хъæбæрæй ницæуыл æрхæцыд.

– Иу ран нытътъæпæн у! – фæтъæлланг мыл кодта мæ фыд.

– Уадз æй, сывæллон тæлфгæйæ рæзы, – бахудти Серге æмæ мæ йæ хъæбысмæ æрбайста.

Арвы арынджы здыхуыз æврæгътæ денджызы уылæнтау сындæггай ранхъæвз-банхъæвз кодтой. Сæ хæд бынты хърихъуппыты бал хъырруй-хъырруйгæнгæ хуссарырдæм атъанг. Бон йæ хуыз рафæлив-бафæлив кодта. Хур-иу æмбæхсындзытæй хъазæгау куы æврæгъты ауон амбæхст, куы та мидбылхудгæ ракаст. Æз не ‘фсæстæн æнæкæрон тыгъд быдыртæ æмæ Æрджынарæджы нæудзар рæгътæм кæсынæй. Цыбыр ныхасæй, æххормаг карк хоры нæмгуытæ уидзæгау зыдгæнгæ уыгътон, нæхимæ ме ‘мгæрттæн цы хабæрттæ дзурдзынæн, уыдон.

Цы уыдис, уæддæр Бæрæгъуыны хъæумæ бахæццæ стæм. Нæхимæ хохы куыд вæййы, афтæ дзы Ныхасы бадти лæгты къорд. Чи дзы кардæй къæцæлтæ амадта, чи гæнæй бæндæнтæ быдта, чи та дзы фысдзарм æууæрста. Нæ уæрдон фæндагæй иуварс æрлæууыд æмæ, æгъдау куыд амыдта, афтæ Серге æмæ мæ фыд сæ разы салам радтынмæ балæууыдысты. Къухтæ райсыны фæстæ кæрæдзи хабæрттæй куы афæрстытæ кодтой, уæд бæрæгъуыйнæгтæй иу бæзæрхыг, ставд бæрзæйджын лæг, йæхи æрфистæггæнгæ, Сергемæ бауырдыг, демæ, дам, мын хъæбысæй æнæ рахæцгæ нæй. Серге йæхи куы иуырдæм айсы, куы аннæрдæм. Бæрæгъуыйнаг æй куынæуал уагъта, уæд ын мæ фыд загъта:

– Дæ хорзæхæй, дæ карæн у, уæд дзы дæ дзæмбытæ цы ныссагътай? Кæд ахæм богал дæ, уæд мæнæ мæн абырс æмæ дæ мондæгтæ ссæуой.

– Нæ, Беслæн. Æз Илайы-фырты хъаруйы кой æрыхъуыстон æмæ мын йемæ хæснагыл æнæ рахæцгæ нæй. Хуыцауæй уын ард хæрын, кæд мæ абырса, уæд уын мæнæй тæккæ аизæр кусарт æртæаздзыд хуыскъ стур, – нæ састи бæрæгъуыйнаг.

– Гъæтт уæдæ, Илайы-фырт, дæ лæджыхъæд æмæ дæхæдæг, рагæй нал фестæм нард фыдызгъæлы хъæстæ, – схор-хор кодтой Ныхасы адæм.

Æфсарм æмæ æгъдауæй хъæбæр ифтыгъд, хохаг лæппуйæн хистæрты курдиатыл дыууæ зæгъæн нæ уыди. Йæ нымæтхуд мæ фыды къухты фæсадзы æмæ фæзæгъы:

– Цæй, кæд дæ афтæ фæнды, уæд бавзарæм нæ хъарутæ.

– Нæ, Илайы-фырт, дæ кæттаг уæлæфтау уал ралас, – уыди ставдбæрзæйджыны дзуапп.

– Уый мæн ницы хъыгдары, кæд хъазгæ нæ кæныс, уæд мæнæ мæ къух æркъуыр...

– Нæ хъазын нæ, хæххон дзигло, – райхъуыст уæндон дзуапп, æмæ хæцаг гал æмæ уæныгау æддæг-мидæг ауадысты. Уалынмæ Æрхоны Санибайы омменгæнæг йæ ныхмæлæууæджы цæнгтыл фидар æрхæцы, дзыхълæуд фæкæны, йæ хъæлæс анæры:

– Ныртæккæ дæ, мæ лымæн, мæ галиу уæхсчы сæрты хæрдмæ æппардзынæн, æмæ хъæддых лæуу!

Æмæ дын мæнæ дынджыр лæг хъæллæгъты куырисау уæлдæфы февзæрд. Куы 'рцæйхауд, уæд æй Илаты домбай ацахста, йæ къæхтыл æй авæрдта, æмæ та йæ уæзбын хъæлæс анæры:

– Ныр та дæ мæ рахиз уæхсчы сæрты æппарын, – афтæ дзы портийау куы ахъазыд, уæд æй, авдæны сывæллонау, зæхмæ йæ дыууæ уæныл фæтъæпæн кæны.

Ныхасы бадæг лæгтæ циркмæ кæсæгау сæ бынæтты бандзыгау сты. Уæдмæ Илаты домбай гуырд бæрæгъуыйнаджы йæ къæхтыл алæууын кодта æмæ адæмæн сæрæй æркуывта. Хъарм хъæбыстæн ма кæрон кæм уыди! Куы фæсабыр сты, уæд хæрдыфæуæг богал фæзæгъы:

– Мæнæ хорз адæм, æз мæнæ ацы æрхойнаг Тыхы-фырт Мукарайы хабæрттæй бирæ цыдæртæ æрыхъуыстон. Куы уын сæ дзырдтаин, уæд уæ никæй бауырныдтаиккой. Зонут, æз дæр

ӕнӕхъару нӕ дӕн, фӕлӕ мӕ портийау фӕхъазыди. Лӕг йӕ ныхасӕй лӕг у. Фӕхӕрд дӕн ӕмӕ, куыд баныхас кодтам, афтӕ а изӕр уе 'ппӕт дӕр – мӕ хӕдзармӕ.

Ӕз уӕрдоны бадгӕйӕ бампылдтӕн. Ӕнхъӕлдтон, хыл кӕнынц, ӕмӕ хӕкъуырццӕй куыдтон.

Хъыгагӕн, Илаты фӕйнӕгфарс Серге уый фӕстӕ бирӕ нал ацард. Ӕнусон цъититы дӕлвӕз, дзӕбидыртыл цуангӕнгӕйӕ йӕ хъызт уӕлӕнгай дарӕсы ӕрцахста ӕмӕ йын сӕ фыдӕлты рухс дзуар Саниба дӕр нал баххуыс кодта. Хӕдзарыл ма ӕд сырды мард бӕргӕ сӕмбӕлди, фӕлӕ йӕ ӕгъатыр низ Нузалы рынчындоны сынтӕгмӕ ӕфсӕн рӕхыстӕй ныббаста. Дохтыртӕ сӕ удтӕй арт бӕргӕ цагътой, фӕлӕ сын мӕлӕты дзӕмбытӕй ратонын нӕ бакуымдта ӕмӕ йӕ хуымгӕнӕны мӕйы зӕхх йӕхимӕ айста.

Мард, дам, цӕссыгласаг у, фӕзӕгъынц, гъемӕ Сергейыл хохагӕй, быдирагӕй адӕм цы ставд цӕссыгтӕ фӕкалдтой, уыдоныл, ӕвӕццӕгӕн, долапи куырой дӕр разылдаид. Йӕ дыууӕ ӕфсымӕры, хистӕр Сафонка ӕмӕ сӕ кӕстӕр Тимосӕ, сӕ хӕдзары къултӕ ӕвзалы донӕй сау сцагътой, сӕхиуыл дӕр тар дарӕс скодтой ӕмӕ уыцы карз ӕгъдауыл афӕдзы бонмӕ къӕм абадын дӕр нӕ бауагътой.

Дзурынц, зӕгъгӕ, Ӕрхоны Санибайы куывддон бӕлас дӕр, дам, йӕхиуыл саумигъы цъупп зыгъуыммӕ кӕрцау стыхта, ӕмӕ, дам, дыууиссӕдзӕм бон Ӕрхоны хъӕубӕстӕ сӕ саутӕ куы систой, уӕд кувӕндоны бӕласӕй мигъын агъуд райхӕлд ӕмӕ хъӕуы уӕлмӕрдты Сергейы ингӕны аныгъуылд.

Ацы ӕмбисонды хабар хъӕубӕсты стыр дисы куыннӕ бафтыдтаид: ӕрдзы цавӕрдӕр сусӕг тыхтӕ кӕй ис, ӕмӕ дзы Сергемӕ дӕр кӕй хӕццӕ кодта, уый сӕ дзуринаг сси.

Цард Ӕрхондонау размӕ абухгӕ тындзыдта. Илаты судзаггаг зианыл дыууӕ азы бӕрц рацыдаид, фӕлӕ Тимосӕйы рыст зӕрдӕмӕ рухсы цъыртт никӕцӕйуал хъардта. Хойраг ын ад нал кодта, изӕрыгӕтты-иу ӕй арӕх фендӕуыд Сергейы ингӕныл дӕлгӕмттӕгӕнгӕ. Лӕппуйы ӕнӕниздзинад ӕргом цудын байдыдта. Хионтӕ, хӕстӕджытӕй йын уайдзӕфгӕнджытӕ бӕргӕ уыд, фӕлӕ Къойы дурау ком никӕмӕн лӕвӕрдта, ӕмӕ уӕд хистӕр ӕфсымӕр йӕ хъаст Ныхасы бадӕг хистӕртӕм бахаста.

– Лӕгӕн йӕ зӕдыхай дӕр, йӕ кады фӕндтӕ сыгъдӕггӕнӕг

дæр сылгоймаг у æмæ цас тагъддæр уа, уыйас ын бинонты хъуыддаг бакæнын хъæуы, кæннæуæд ын рухс Саниба дæр нал баххуыс кæндзæн, – уыдис Хуыдæлты куырыхон хистæр Сæрæбийы фæндон.

– Бæргæ хорз уаид, фæлæ йæ ууыл чи сразы кæндзæн, – фæтыхсти Сафонка.

Нарты Уырызмæджы æнгæс лæг Сæрæби, йæ мидбынаты банкъуысгæйæ, фæзæгъы:

– Ардæм-ма йæм фæдзурут!

Уыдис Хуыцауы кадджын бон. Сæрдыгон хур изæрырдæм фæкъул, æмæ асæстытæ бæрзæндтæй лæсыдысты, афтæ ирон æфсарм æмæ æгъдау Тимосæйы Ныхасы хистæрты раз æрлæуууын кодтой, æмæ Сæрæбийы хъæлæс йæ хъусты дзæнгæрæгау ныййазæлыд:

– Лæппу, зæгъ-ма, кæд бæсты бикъ, комы дæгъæл дæ, уæддæр дын ирон æгъдæуттæ халыны бар чи радта?

Хистæрты кад уæларвон зæдтау бæрзонд уыдис, æмæ Тимосæ фырæфсæрмæй зæххы скъуыды куы ныххаудаид, уый дæр æй фæндыд. Сæрæби йæ ныхас дарддæр нывæста:

– Мæ хур акæнай, куыд æнхъæл дæ, дæу йеддæмæ йе ‘фсымæр никæмæн амарди? Авдæн кæм уа, уым чырынæн дæр æнæ уæвгæ нæ вæййы. Серге рухс дзæнæты бадæд, дзыллæтæ йын кад скодтой, цы ставд цæссыг ыл фæкалдтой, уыдон ын хæлар уæнт, фæлæ ма ды дæхимæ бакæс – царм æмæ стджытæ! Нæ зонын, дæ къæхтыл ма куыд лæууыс.

– Стыр хатыр уæ курын, – арф ныуулæфыди Тимосæ.

– Хатыр та дын уæд уыдзæн æмæ, Ныхас цы уынаффæ рахаста, ууыл дыууæ куынæ зæгъай.

– Хистæр цы зæгъа, æмæ кæстæр цынæ бакæндзæн, – йæ сау нымæтхуд сæрыл фæбæрзонддæргæнгæ дзуапп радты Илайы-фырт.

– Тимосæ, мæ хур, уый зон, æмæ цард цардыл ахатгæнæн нæй, ацы мæнг дунейы адæймаг дыууæ хатты нæ цæры. Ӕрдзыхъæд афтæ арæзт у, æмæ бæласæй тала куы не ‘взæра, уæд хъæд бынсæфтмæ цæуы. Гъемæ кæд мæ хæзнатæ доны нæ калын, уæд мæ ныхæстæ цæй фæдыл сты, уый ма мын зæгъ?

Тимосæ чысыл ахъуысы фæстæ, йæ рахиз армытъæпæн йæ зæрдæсæрыл авæры æмæ æфсæрмдзастæй дзуапп радты:

– Нæ буц хистæр, дæ фарн, дæ зæдыстæн, хъæубæсты хис-

тæртæ мæнæ иуæгон цард, ме 'нæниздзинадыл кæй тыхсынц, уый æмбарын æмæ стыр бузныг.

– Уæдæ дæ хъуыддаг раст, ныр мæм дæ Хуыцауы къух авæр, чындзæхсæвæн афæззæгæй дарддæр æргъæвæн нæй. Афтæ у Сафонкайы фæндон дæр.

Ирон царды урс дадали хистæрты зондамонæн ныхæстæ кæстæртæн Хуыцауы комытæфау вæййынц. Тимосæйы рыст уæнгты дæр мыд æмæ царвау ахъардтой æмæ 1940 азы, Джеуæргуыбаты мæйы мидхъæуккаг Цомайты сабыртæ дзураг, уæздан Дунетхан Илаты къонамæ фарны къах бавæрдта. Йе 'фсарм, йæ уæздандзинад, судзины дзудзин кæй нæ хуыдта, кæрдзыны – баппа, уыдæттæй бынаты бардуагæн фæадджын æмæ сыл йæ сæрыхицаумæ кувджыты куывд æрцыд. Мадымайрæм сын балæвар кодта дзæбидыры хъулы хуызæн авд лæппуйы æмæ уыдонæн уды гагайы хуызæн иунæг хо, фæлæ йын хъысмæт бирæ цæрæнбонтæ нæ радта, рухсаг уæд.

Дзæнæты бадинаг Илаты æдзард Серге йæ фарн мæрдтæм нæ ахаста. Фæстагæттæн æй ныууагъта, æмæ йæ ныр сæ бынаты бардуаг Тимосæйы авд фыртыл байуæрста.

Дзурынц, зæгъгæ, дам, зæнæджы хистæр Валодя йæ цыппæртыл хилынхъом куы фæци, уæд, дам-иу, донæй йедзаг бедрайы фæрстыл йæ гыццыл къухтæй ныххæцыд æмæ дам-иу æй йæ сæры æмвæз systa. Куы рахъомыл, уæд та йын йе 'мгæрттæй тыхгæнæг тых нæ ардта.

Хистæры кæстæр Максим йæ иннæ æфсымæртау гуырвидауц, хæрзуынд лæппу. Дыууæ путы уæзæн гиримæ, дам, йæ цонг куы адаргъ кæна, уæд æй æнæхъæн сахат не 'руадзы.

Æртыккаг æфсымæр Хасан – тулдз бæласы зæнгау нуарджын. Иуахæмы Мызуры поселокæй сæхимæ хъæумæ здæхгæйæ, æрзæткъахæны къанторы раз федта хæдзары æхсызгон хъæугæ рельсытæ. «Адонæй мæ иу куы уаид», – зæгъгæ сæ йæ цæстытæ нал иста.

– Лæппу, ахæмтæ дæ фесæфт, æви сæм цы ракæс-бакæс кæныс? – райхъуыст хицауы дæрзæг хъæлæс.

– Иу ма мын дзы радт, – йæхи йæм бакъултæ кодта лæппу.

– Цы дзы кæныс?

– Уæлæ мæ нæ сарамæ хъæуы...

– Сис æй æмæ йæ хæсгæ, – хъазыди хицау.

Хасаны цæсгом фæрухс. Æртæ-цыппар лæджы зынтæй кæй

сисынц, иу къухæй уыцы рельс йе уæхскыл авæрдта, æмæ мын æй хицау фæстæмæ куы æрæппарын кæна, зæгъгæ, комы нарæджы тагъд-тагъд фæуæлæмæ.

Æрзæткъахæны хицау Цæлыччы-фырт иуцасдæр йæ фæдыл кæсгæйæ баззад, стæй фырдиссагæй йæ къухтæ кæрæдзиуыл ныццагъта, кусджытæй дыууæмæ фæдзырдта:

– Цырддæр машинæйы абадут æмæ йын йæ рельс сæ тæккæ дуармæ схæццæ кæнут!

Æрхоны хъæумæ уырдыгæй фондз-æхсæз версты бæрц хæрдвæндагыл цæуын хъæуы. Хасан, мæ рельс мын фæстæмæ куы аласой, зæгъгæ, кусджытыл нæ бауæндыд. Иунæг ран дæр никæм æрæнцад (кусджытæ машинæйы бадгæ йæ фæдыл цыдысты), афтæмæй йæ уаргъ сæ тæккæ кæрты æрæвæрдта. Уæд Хасаныл цыдис æвддæс-æстдæс азы.

Æрхойнæгтæ Илаты бинонты уæйгуыты хæдзарæй фæамонынц. Авд æфсымæрæй чи тыхджындæр у, уый, æвæццæгæн, сæхæдæг дæр нæ зыдтой, фæлæ сæ маст ничи зоны, никуы никæй бахъыгдардтой. Гъе, фæлæ сæ нæдæр фæллой, нæдæр спортивон хъæзтыты кæй никæй ном райхъуыст, уый тыххæй мын кæддæр сæ хъæуккаг сæдæаздзыд Темырхъанты Уари – (рухс дзæнæты бадæд) ахæм таурæгъ радзырдта:

– Æрхондонæн йæ тæккæ гуырæны галиу фарс æнусон цъититы дæлфæдтæм, арф комы нарæджы, сæрдыгон æхсæв дæр халон уазалæй кæм баргъæвсы, уым, чи зоны, кæцы дуджы сæвзæрд Тъæрайы хъæу. Ам тар æнусты рæстæг цардысты Кобестæ, Илатæ, Бæлитæ, Дудутæ æмæ ма бирæ æндæр мыггæгтæ. Кодтой фосы æмæ зæххы куыст, фæлæ салд къæдзæхты хъæбысы, сæ авналæнтæ, сæ фадæттæ тæрхъусдзармау æппæтыл кæй не 'ххæссыдысты, уымæ гæсгæ сыл цард нæ хæцыд.

Илаты нæлгоймæгтæ, дам, уыдысты домбайау тынг хъаруджын. Исчи дам-иу дзы бæласы цъуппыл куы фæхæцыд, уæдиу æй йæ тæккæ бынмæ дыууæ афаста. Арсы та йæ хъустæй ахстой æмæ дам-иу ын йе 'фсæртæ фæйнæрдæм атыдтой. Æмæ Тъæрайы хъæумæ уыдоны тæссæй тыхгæнджытæ кæй нæ уæндыдысты, уый тыххæй сæм сыхаг хъæутæ хæлæг кодтой.

Кæсаг доны æрфытæ куыд фæагуры, афтæ адæймаг дæр, царды фадæттæ хуыздæр кæм вæййынц, уырдæм фæтырны. Гъемæ, зæгъы, иуахæмы Илатæ сæ сыхаг Æрхоны хистæртæм

куы бахатыдысты, уæ хъæуы нын æрцæрыны бар радтут, зæгъгæ, уæд сыл бацин кодтой æмæ сын æнæуæлдай ракæ-бакæйæ разыйы дзуапп радтой.

Тъæрагомы мигъ æнгом бадаг у, къуыригæйттæ нæ сысты. Гъемæ иу ахæм фыдхъуын бон Илатæ сæ муртæ хæрджытыл самадтой, сæ фосы кондыл рахъæр кодтой. Тар мигъы сæ фæдыл чидæр гурæй-гурмæ цыд æмæ-иу, фæрухс-фæталынггæнгæ, йе 'рхæндæг хъæлæс райхъуыст:

– Уаих фæуат, Илатæ, цæй æнæрхъуыды стут, уæ уæзæг дзæгъæл ныууагътат, фæлæ уæ уæ бынаты бардуаг та куыд ферох?

Фæлæ йæм Илатæ, кæд нæ исчи хъазгæ кæны, зæгъгæ, фæстæмæ дæр куынæ кастысты, уæд сæ ралгъыста:

– Илатæ, уæдæ мæ кæд нал хъусут, уæд уæ цы домбай хъаруйæ сифтыгъton, уый уын ном æмæ кад макуы скæнæд. Зæронды бонмæ уæ макуы мачи фæцæрæд!

Уыйадыл арв ныннæрыд æмæ сыг рацыд. Гъемæ уыцы карз æлгъыст абон дæр Илаты æккойæ нæма рахызт...

*Июль, 2005 аз*

## УАТАТЫ ДЗЕГА

1948 азы цыдæр хъуыддаджы фæдыл бафтыдтæн Хъæриуы хохмæ æвваxс Цъамады хъæумæ. Ам фембæлдтæн, сæдæ азæй фылдæр кæуыл цыд, ахæм зæронд лæг Черчесты Знайы фырт Джеорджиимæ. Уыцы кары дæр уæраг æмæ цæстæй бынтон нæма фæцудыдта. Уыдис мæлгъæвзаг, дзыхарæхст, бирæтæ фенæг. Хъæубæсты адæм æй хуымæтæджы нæ хуыдтой таурæгътæ, аргъæуттæ, æмбисæндтæ æмæ бирæ диссаджы хабæрттытæ æнæбын къæбиц.

Ирон хæдзары цалынмæ æфсин йæ бæркæдты фынг сиса, уæдмæ фысым уазæджы хабæрттæй нæ фæфæрсы. Фæсминас дзырд-дзырды къахгæ ныл ныхас ацайдагъ. Джеорджи, ивгъуыд царды бонтæ мысгæйæ, дзурын куы райдыдта, уæд æз, цы уыдтæн, уымæй хъустæ фестадтæн.

– Нæ хъæукkаг Уататы Дзега домбай лæг уыди, – мысыди Джеорджи. – Мæнæ дыууæ дынджыр лæджы фæрсæй-фæрстæм æнгом куы 'рлæууын кæнай, ахæм фæтæн гуырыконд ын уыдис. Йæ дынджыр цæсгомыл æдзухдæр хъазыдысты хуры тынтæ.

Тъыфыл æрфгуыты бын хъоппæг дыууæ цæсты стъалытау цæхæртæ калдтой. Халасхуыз рихитæ хъæрццыгъайы базыры йæстæ. Йæ дыууæ цонджы уæрдоны рæтæнæгъдты стæвдæнтæ. Мæстджынæй йæ никæд ничи федта. Мæ фыды карæн уæвгæйæ, фæсивæдимæ уыдис уæлдай лымæндæр.

Цъамад хæрæгуаргъæй сугтæ далæ Субийы хъæдæй фæхæссынц. Уым бирæ зайы алыхуызон хъæддаг дыргътæ, – йæ таурæгъ дарддæр нывæста Джеорджи. – Гъемæ мыл ссæдз азы бæрц цыдаид, уæд мæ иу фæлмæн фæззыгон бон уырдæм хъæддаг кæрдотæ æмбырд кæнынмæ Дзега йемæ фæхуыдта. Иу чысыл æрдузгонды æхсæвиуатæн халагъуд сарæзтам. Æрцæттæ кодтам æхсæвваг сугтæ арт æндзарынæн æмæ лыстæнваг фæсал.

Хур даргъ аууæттæ æвæргæ ныгуылæнырдæм тылди. Дзега æндзарæнтæ цæттæ кодта, æз та нæ дыууæ хæрæгæн сæ бынæттæ аивтон æмæ хистæры æвастæй хъæды æхсæрдзуан бафардæг дæн. Иу æрдузы гуыбыр бæласы бын арсы кæрдотæ хæргæ баййæфтон. Куы мæ ауыдта, уæд ныббогъ ласта æмæ мæ йæ хъæлæсы ахаста. Æз бæлæсты ‘хсæнты удаистæй хъæргæнгæ лидзын. Хъæдæй не ‘рдузмæ куы рагæпп ластон, уæд уым Дзега мæ тæккæ размæ фæцис æмæ мæ, цы хабар у, зæгъгæ, мæ цонгæй ацахста.

Æвæдза, тас ныфссæттæн у, зæгъгæ, мæнгæн нæ фæзæгъынц. Ныкъкъæзæнæг дæн æмæ дзурын нæма сфæрæзтон, афтæ арс нæ тæккæ раз йæ фæстæгтыл алæууыд. Дзега мæн фæстæрдæм фесхуыста, æмæ лæг æмæ сырд хъæбысæй-хъæбысмæ фесты. Тох бирæ нæ ахаста. Дзега йын йæ дæлæрмттæ æрцахста æмæ йæ йæ хъамбул цæнгтæй йæ фæтæн риумæ куы нылхъывта, уæд сырды астæуыстæджы къæрцц мæнмæ дæр фехъуыст.

– Лæппу, марадз, фæрæт мæм радав! – рахъæр мæм кодта Дзега.

Мæ ирвæзынгæнæджы галиу рус æмæ уæхскыл бæрæг дардтой арсы дзæмбыйы фæдтæ. Бинонтæ хъæддаг кæрдотæм æнхъæлмæ кастысты, мах та сын дыууæ хæрæгуаргъы арсы мард схастам. Хабар уайтагъддæр хъæубæстыл айхъуыст. Дзега мæ арсæй кæй фервæзын кодта, уый тыххæй йын мæ фыд номы куывд скодта.

Рæстæг йæ сираг бæхыл згъордта. Уалдзæг та Цъамады хъæумæ дзывылдары базыртыл æрбатахт, æмæ зæхх йæ риуы

дзаг сулæфыд. Нæ хъæуы дадатæ та сæ куыстдзагъд къухтæй æрхæцыдысты дзывырты гинонтыл, æмæ та нæ дæлвæзты хуымзæххытæ сау адардтой.

Уататы Дзега цы нæузæххы гæппæл басаста, уырдæм æй бахъуыд хъæдуры хъилтæ. Иу райсом джидæ фæрæт йæ фæсрон æрсагъта, бæндæны тыхтон йæ дæларм æрбакодта æмæ Субийы хъæдмæ ауырдыг. Фæндагыл йемæ фембæлд Созæты Созо. Уый дæр хъæдмæ хъæдуры хъилтæм цыди.

Дыууæ хъæддзауы фæйнæ фæндзай хъилы ракодтаикккой, афтæ Созойы къахмæ цыргъ фæрæт æрирвæзт æмæ нуæрттæ фæлыг сты. Лæг, æгуыст фæдæн, зæгъгæ, нырдиаг кодта. Дзега йын фарсылдарæн кардæй йæ хæдоны фæдджи æрбалыг кодта æмæ йын дзы цыдæр сыфгæрдæджытимæ йæ цæф къах æнгом бабаста.

Созо йæ къахыл слæууынæн нал уыд. Дзега хъæдуры хъилтæ дыууæ æргъомы баиу кодта. Дзæкъулбаст сæ скодта, Созойы сын сæ уæлæ æрхуыссын кодта æмæ сæ раккой кæны.

Субийæ Цъамадмæ хæххон къахвæндагыл, кæм тæссармæ, кæм гакъон-макъон фæндæгтыл, хæрдмæ цæугæйæ фистæг лæг дæр улæфынмæ æртæ, цыппар раны æрбады. Дзегайæн та йе 'ккой фондзыссæдз хъæдуры хъилы уæлæ ма дынджыр лæг, афтæмæй сæ суанг Цъамадмæ æнæ æрæнцайгæйæ схаста æмæ Созойы йæ хæдзарыл æд хъæдуры хъилтæ сæмбæлын кодта. Гъе, ахæм домбай хъаруйы хицау уыдис Уататы Дзега, – йæ ныхас балхынцъ кодта Черчесты Джеорджи.

## ДЗАМБАБАЙ

Мæ бабайы фыдыфсымæр Дзамбабай дыууæ сæдæ азы размæ царди, фæлæ йæ ном абон не 'хсæн кæй цæры, уымæн ацы цыбыр таурæгъ дæр æвдисæн. Дзамбабай знæгты ныхмæ тохы быдырты нæ фесгуыхт, фæлæ йын йæ райгуырæн Ходы цытджын æрдз цы домбай уæнгты æвæрд æмæ æвидигæ хъару балæвар кодта, уыдон сты æмбисæндты дзуринаг.

Дзамбабайы дуджы хохаг æмбæхст хъæуты цæрджытæм спортивон æмæ цирчы хъæзтытæ хъуысгæ дæр нæ кодтой, стæй сæ хæдзары уæззау куыстытæй ахæм хъуыддæгтæм æвдæлгæ дæр нæ ракодтаид.

Дзамбабай авд æмæ ссæдз бинойнаджы сæргъы лæууыд, зæххы æмæ йæ фосы куыстæй хæтæнты хæтынмæ не ‘вдæлд. Æхсæвæй-бонæй йæ йæ сæр схъил кæнæн дæр нæ уыд. Хохаг чема зæхмæ зилын хъуыд æмæ йын йæ хъæбæр цъар дæндагæй æхсыдта. Тынг фæтæнуæхск, бæрзонд лæг, дам, уыдис Дзамбабай. Хъæды, кæнæ, дам-иу, хæхты кæм фæзынд, уырдыгæй, дам-иу, тугдзых сырдтæ йæ тæссæй арвы талынгты лыгъдысты.

Ходыхъæуы фæсæфцæг стыр хъæдыл хуры цæст дæр не ‘ххæссы. Хонынц æй Саугъæд. Зайы дзы тынг алымыггаг æнусон бæлæстæ, уыдонимæ алы гагадыргътæ. Ис дзы уæрæх фосхизæн тъæпæнтæ, уæлвæзтæ, дæлвæзтæ, æрхытæ æмæ лæнчытæ. Хъæздыг у цæугæдæттæй, цъайтæй æмæ алыхуызон суадæттæй. Ацы æнæбындз, аргъæутты бæстæйы Ходы хъæуы цæрæг авд мыггагæй алкæмæн дæр уыдис фосдарæн уæтæртæ. Дзамбабайы фырттæй дыууæ æфсымæры уым фосимæ, æхситтæй заргæ, сæ рæстæг æрвыстой.

Нард фæззæг йæ бур рихитæ аздыхта, фос æлвынæнты рæстæг ралæууыд, æмæ Дзамбабай хæрæгуаргъ цæххы къæрттытимæ йæ фыртты бабæрæг кодта. Иу фæлмæн бон хъæды æрдузы æхсæртæ æмбырдгæнгæйæ егæрæфцæг арсимæ хæрхæмбæлд фесты, æмæ, дам, уæйыджы хуызæн лæджы тызмæг цæстæнгасæй хъуынджынхъус сырд бауадзыг. Дыккаг райсом уæтæрмæ æввахс хъæдрæбын нæудзар фæзы цæххы къæрттытæ байтыдтой æмæ сæм куыддæр фысты дзуг рауагътой, афтæ сæ уæлхъус æд хотых фараст тыхгæнæг барæджы æрбалæууыд. Дзамбабай йæ алфамбылай афæлгæсыд. Цæвæнгарзыл дзы йæ цæст куы ницæуыл æрхæцыд, уæд йæ армы цы цæххы къæртт фæци, уый абырджыты хистæрыл ныццæвон, зæгъгæ, афтæ дзугæй иу дынджыр нæл фыс йæ разы алæууыд æмæ цæххы къæртмæ йæ къубал сивæзта. Дзамбабай йæ фелвæста æмæ цыма гæххæттыл конд фысы ныв уыдис, уыйау æй акъабæзтæ кодта. Абырджытæ, ахæм диссаджы хъаруйы хицау лæг фенгæйæ, сæ бæхты æнæдзургæйæ фæстæмæ фæзылдтой æмæ уадидæгæн фæтары сты.

Бонтæ урс уæрыччытау кæрæдзи фæдыл згъордтой. Рæстæг гаккырисæй хъазгæ цыд æмæ Дзамбабайы хъæрццыгъайы базыры йас рихитыл бæзджын халас æрæвæрдта.

Фæззыгон уæлвæзты æмæ хохрæбынты кæрдæг нæма фæхъæбæр вæййы, æмæ дæсны хъомгæс фосы ахæм рæттæм хизынмæ уымæн фескъæры. Ходы хъæуы хъомгæс Газакк дæр

фосæн тæригъæдгæнаг лæг уыдис, æмæ йын хъæу йæ бæрны цы хъомвос бакодтой, уыдоны Урс хохы рæбынмæ скъæрын байдыдта. Гъемæ иу ахæм фæлмæн бон, хур цæхæртæ калгæ арвы астæумæ схæццæ уыдаид, афтæ Газакк фæдисонау дыууæ къобор галимæ хъæуы æрбамидæг æмæ лæдзæгæй Дзамбабайы кулдуар ныххоста.

Хæдзары хицау кæрты цыдæртæ архайдта. Дуар байгом кодта æмæ, хъомгæсы дыууæ къобор галимæ лæугæ куы федта, уæд бахудт:

– Газакк, æз дын саг куы загътон, уæд мæм ды дыууæ галы кæдæм æрхæццæ кодтай?

Хъомгæс аххосджынау йæ сæр ныллæг æруадзы æмæ йæ дардвæд цъæх нымæт йæ къухты æууæрдгæ ралæхуры:

– Дæ хорзæхæй, Дзамбабай, бахатыр кæн...

– Исты бæллæх æрцыди? – йæ ныхас ын фескъуыдта хæдзары хицау.

Газакк ныръхæндæг, нымæтхуды зæрондæй йæ цæстытæ зулмæ асæрфы, фæзæгъы:

– Уалæ Урс хохы рæбын Хуырджынты уæ галы къах дурты къæппæджы нынныхст, æмæ йæ уæраг асаст. Фыййæуттимæ йыл цыппарæй фæархайдтам, фæлæ нын фенкъысын дæр нæ бакуымдта.

– Уымæй стырдæр фыдбылыз ныл ма ʻрцæуæд, гал амæла – дзидза, уæрдон асæтта – суг. Фæлæ Дзаммæрзты галтæ та кæдæм скъæрыс?

Дзамбабайы фæлмæн ныхæстæм Газакк фæныфсджын æмæ йæ сæрыл бæрзонддæр схæцыд:

– Æвæццæгæн, галы æргæвдын бахъæудзæн. Искæмæнты ма зæгъ, мæнæ ацы галтæ дзоныгъы сифтындзут æмæ кусарты уæнгтæ ууыл æрласут...

– Хорз сарæхстæ, мæ хур, хорз. Галты уал уартæ Хъæзджынырдæм аздах æмæ фосмæ гъæй кæ, – уыдис Дзамбабайы дзуапп.

Дзамбабай дæлæсыхы хъæугæрон царди. Бинонтæй алчи йæ куысты сæргъы уыд æмæ йе ʻфсинæй æндæр сæ галы хабар никæмæн ской кодта. Иу афон уисцæгъдæн фæрæт йæ фæсрон атъыста æмæ, хъæугæрæтты змæлæг куынæ уыд, уæд уæйлаг нымæт йе уæнтыл æрбаппæрста æмæ сындæггай Донгомырдæм араст. Хъæзджыны тигъæй куы фæаууон, уæд цæугæдоны былты, комы уæлæмæ, Урс хохырдæм фæцагайдта.

Хуры ма ныгуылæны рагъмæ фæндзай сардзины бæрц хъуыдаид, афтæ Дзамбабай йæ бур галы раз æрлæууыд. Фæйнæрдыгæй хъуыстысты хуыргæрчыты айк-айк, зымты къуызситт, мæгаты уасын, уæрццыты былдыхъхъ, уыджы æнкъард гуым-гуым. Уыдон цыма Дзамбабаймæ дзырдтой, дæ сæры бæсты фæуæд, зæгъгæ, æмæ сæм æдзынæг ныхъхъуыста.

Æгомыг гал йæ хицауы куы федта, уæд æм мæллæг уаст бакодта, æмæ йæ дынджыр цæстытæ доны разылдысты.

– Уæ мæ хæдзардарæг, уый дыл цы бæллæх æрцыд, цы? – æрбауынгæг Дзамбабайы зæрдæ æмæ йæ бæрзæй адауы, йæ фæсхъустæ йын аныхы, стæй йæ дурты къæппæгæй суæгъд кæны.

Галы галиу раззаг къахы уæраг разынд цæхгæр саст. Дзамбабай йæ сæр банкъуыста, стæй къамбецы йас галы дзидзидай рæуæдау йæ хъæбысмæ фелвæста æмæ йæ Бæхтулæны фæзмæ ахаста. Уым æй суадоны был æрæвæры æмæ худаистæй скувы:

– Дунедарæг цытджын Хуыцау, дæ хорзæх радт! Мæнæ ацы хайуан мæ хæдзардарæг уыд, ныр не сконд зæдтæй кæйдæр бахъуыд æмæ йын барст уæд! Ходы бæрзондыл бадæг Уастырджи! Дæ кувæн бонтæ дард нал сты æмæ ныл дзæбæхæй, æнæмаст, æнæ фыдбылызæй æрцæуæнт! Мæнæ ацы кусæрттаг та бинонты сæры бæсты фæцæуæд! Уæ фосы бардуаг! Табу дæхицæн! Кувын дæм æмæ дæ курын, мæ хæдзар мын ма фегуыдзæг кæн! Ацы галы бынаты æндæр куыд æрлæууа, ахæм арфæ нын ракæн æмæ дын сызгъæрин тæбæгъты кувдзыстæм! Уæдæ Ирыстоны хæхты бардуаг, Гуыдыртыком, нæ фыдæлты уидаг нын скъуынын нæ бауагътат,ныр уæ, æвæццæгæн, ацы кусæрттаг бахъуыд æмæ уын барст уæд! – йæ куывд балхынцъ кæны Дзамбабай æмæ, ауæдзы бирæ чи фæцыд, йæ бæрзæй æфсондзæй кæмæн сæфхæлд, уыцы галы къубалыл тынг зынæй фарсылдарæн кард сдары. Бæрзуистæй раздæр цы бынæйласæн бæзджын цъæпæра сбыдта, кусарты мард ууыл æрфидæрттæ кæны æмæ йæ сыфцæй ласгæ Хатионыкъулты дæлæмæ, суанг Сычъиныхы дæлвæзмæ æрхæццæ кæны.

Дзамбабайы нæ фæндыд, йæ домбай хъаруйыл ын исчи бадис кæна, уый, æмæ комы дымæджы доны был йæхиуыл фæстиæттæ кодта. Æмбисæхсæв, уæдæ ныр цæуæг нал уыдзæн, зæгъгæ, уæд йæ галы мард æдтъанг-æдтъунг далысы мардау раккой кæны æмæ йæ фæсвæндæгты кæм тæссармæ, кæм

хæрдмæ суайæнты, ранæй-рæтты та уырдыгмæ ныууайæнты сæхимæ æрбамидæг кодта. Йæ уаргъ хæдзары астæу куы æрæвæрдта, уæд æм æнхъæлмæ чи каст, уыцы бинонтыл уæззау цæстæнгас ахæссы æмæ сæм бартхъиræн кæны:

– Хъусут, ме ‘ккой йæ æрбахастон, уый уынджы искæй дзыхæй куы сирвæза, уæд ын йе ‘взаг йæ тæккæ рæбынæй стондзынæн!

Фæлæ адæмыл бирæ цæстытæ ис, æмæ дыккаг бон хъæуы æндæр кой ницыуал уыд...

Дæ адæмæн сæ аиппытæ æмæ сахъаттæ хурмæ куы хæссай, уæд уый фыдракæнд нæу, фæлæ сгуыхтдзинад, æцæг патриотизм.

*Виссарион Белинский*

*ÆЛБОРТЫ Беллæ*

# УРСБАЗЫР ТЫМЫГЪТÆ

## ЗЫМÆГОН ИЗÆР

Зымæгон изæр, æз цæуын сындæггай,
Мæ сæрмæ арвыл иу мигъы къæм нæй.
Мæ цæсгомыл ныццæвы уазал ирдгæ,
Сæгъы цæстау ныдздзагъыр мæм ис мæй.

Дыууæ дихæй цæуы мæ ауон разæй,
Дæумæ, цыма, мын амоны фæндаг.
Куы фенын æз мæ ауоны мæ фарсмæ,
Вæййы мæ зæрдæ царды ныфсæй дзаг.

Мæ мадзура æмдзугæнæг – мæ ауон,
Мæн бахизыс фыдбылызæй ды кæд.
Æдзух цæуыс æхсæвыгон мæ фæрсты,
Фæлæ зæххыл нæ разыны дæ фæд.

Æрбахæццæ дæн, бахостон дæ рудзынг
Сындæггай – ма та смæсты уа дæ мад.
Нæ мæм ракастæ, – «Уазал у, цæй, тагъддæр...»
Зынди мæм сау, хуыдалынгау, дæ уат.

Фæцæуын æз мæ фæндагыл фæстæмæ,
«Цæмæ цыдтæн?» – æфхæрын æз мæхи.
Мæйрухс цыма мæ бамбæхста йæ тынтæ,
Мæ ауон дæр кæмдæр цыдæр фæци.

Дæ хъарм уаты та бадæм, цыма, иумæ,
Дæ къамтæй та мын ды дæсны фæрсыс...
Мæ ауон, цыма, баззади уым митыл,
Дæ рудзынгæй йæм тарстхуызæй кæсыс.

## ЦÆГАТАГ РУХСЫ ТÆМÆН

Цæгат бæстæм фæцæуæм, цæй, мæ лымæн,
Кæм ис æрмæстдæр митæмбæрзт быдыртæ,
Кæм нæ хауы зæрин хуры тын зæхмæ,
Кæм зилдух кæнынц урсбазыр тымыгътæ.

Кæсдзыстæм-иу, сæумæрайсомæй фурды
Куыд фæленк кæнынц ихын нау-къæдзæхтæ.
Нæ цæстæнгас ыздахдзысты сæхимæ
Цæгатаг фурды 'нæкæрон фæтæнтæ.

Фæлыст дзоныгъы баифтындзæм сагты,
Æрбабад-иу æвæлмонæй мæ фарсмæ.
Сæ сыкъатæй сæ фæсонтыл ныдзæвгæ
Ыскъæфдзысты мах митхъæпæнты размæ.

Цæгатаг рухсæн фендзыстæм йæ тæмæн,
Куыд рæсугъд вæййы арвæрдынау дардмæ.
Фæхондзæни нæ Уадæхсин йæхимæ, –
Йæ ихын галуан – рухс цæрæнбынатмæ.

Æхсæв та нын-иу уаддзалхы æхситмæ
Йæ тын æлвисгæ таурæгътæ кæндзæни.
Цыма нæм Митæ аргъауæй æрцыди,
Цыма мыггагмæ махимæ цæрдзæни.

Нæ сæнтты-иу нæм афтæ дæр фæкæсдзæн,
Фæцæуæм, цыма, райгуырæн хæдзармæ.
Æнкъардзыстæм, куыд тынг фæнды нæ удты
Фætæхын маргъау хуссарбæстæм – хъæрммæ.

## УАЛДЗÆДЖЫ САЙД

Зымæгон æхсæв федтон æз мæ фыны,
Мæ разы, цыма, буц уалдзæг лæууыд.
Мæ цæстытæ æз нал истон йæ уындæй,
Куыд фидыдта йæ цъæх фæлысты, куыд!

Нæ фæткъуы бæлас урс дидинæг калдта,
Йæ адджын тæф ын улæфыдтæн æз.
Мæ алфамбылай дидинджытæй байдзаг,
Ыскалдта дыргъдон иууылдæр йæ хуыз.

Рæудымгæйау, мæ цæсгомыл ныдзæвыд
Йæ базырты æнæрæнцой пæр-пæр.
Мæхи æнкъардтон аргъæутты бæстæйы,
Зæххыл, цыма, ис ‘нæмæлгæ цыдæр.

Ыстæй, цыма, мæ сæрыл мын æркодта
Сырх дидинджытæй аивбыд сæрдзæг, –
Паддзахы чызг уæд æз мæхи æнхъæлдтон,
Кæны мæм, цыма, хуры чызг хæлæг.

Мæ цæстытæй æз ракастæн... Цы ран дæн?..
Ырма бæстон нæ бамбæрстон мæхи.
Мæ буц уалдзæг фæтары ис мæ цурæй,
Мæ сæрдзæг дæр æваст цыдæр фæци.

Сæумæрайсом, æз растадтæн мæ уатæй,
Мæ рудзынгæй нæ дыргъдонмæ кæсын.
Сæнтурс митæй мæм нал зынынц бынтондæр
Дыргъ бæлæстæ... Фæсайдта мæ мæ фын...

*НАНИТЫ Асиат*

# ÆВЗÆР ФЫН

*Радзырд*

*Арын дзы мæ фыд Уано, мæ фыдыфсымæр Илуша æмæ, Ленингоры районы Цъиры хъæуæй Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чидæриддæр бабын, уыдоны рухс нæмттæ.*

Уалдзыгон райсом... Май йæ бартæ райста йæхимæ. Уалдзæджы фæдисон дидинджытæ хуры хъарммæ райхæлдысты. Нæуытæ дардмæ, гауызау, зынынц. Дыргъбæлæстæ дидинæфтыдæй урс-урсид дарынц. Арвы риу, сыгъдæг авгау, цæхæртæ калы. Дæрддзæфæй зынынц хæхтæ – хъæдæхгæд æмæ цъитисæр хæхтæ. Кæрдæгцъæх æмæ æрвхуызвæлыст дуне...

Хъæу райхъал. Алчи йæ райсомы зылдтытæ кæны... Алырдыгæй хъуысы хъæубæсты хъæлдзæг ныхас, зæрондæй-æвзонгæй бæрæгбонарæзтæй кæртыты лæууынц. Абон у... 9-æм Май!..

Уæд æз ахуыр кодтон 8-æм къласы мæ фаззон хоимæ. Æмæ мах дæр, нæхирдыгонау, нæхи цæттæ кодтам... Бæрæгбоны сæйраг архайджытæм хаудзыстæм: æмдзæвгæтæ дзурдзыстæм, зардзыстæм, кафдзыстæм...

Нæ сыхæгты зæронд лæг Лади нæ кæрты æрбалæууыд:

– Кæцы сахатыл у, кæ, Илас, цытджын æмбырд, нæ колхозы сæрдар йæ кусджытимæ ныридæгæн куы фæцæуынц, уæд?

– Куыд фæцæуынц? Чи фæцæуы? – хынцфарст æй акодта мæ фыдыфсымæр Илас.

– Гъо, гъо, фæцæуынц къанторы кусджытæ, бригадиртæ, хъæусоветы депутаттæ...

– Диссаг, афтæ раджы кæдæм атындзыдтой? Чи зоны, районæй уазджытæ æрцæуинаг сты æмæ уыдоныл фембæлынмæ...

– Уый гæнæн ис, иу бæрæгбоны дæр æнæ уазæг нæ вæййæм... Æмæ раст кæнынц, æнæуазæг бæрæгбон зæрдæмæ нæдæр хъуысы, – йæ цымыдис дард фæлыгъд æмæ мынæг хъæлæсæй дзургæ аздæхти Лади.

– Мæнæ мæхи адасон æмæ сæ мах дæр баййафдзыстæм, – йæ фæстæ ма адзырдта Илас.

– Гъемæ хорз, æз дæр дасинаг дæн, æцæг, – цыма йæ зæрдыл ныр æрбалæууыд, уыйау йæ рахиз къухы æнгуылдзтæ йæ рустыл æруагъта Лади.

Мæ фыдыфсымæр йæхи ныддаста, фæсдуар къулыл цы чысыл цыппæрдигъон кæсæн уыд, уый раз ма афæстиат æмæ тыргъмæ рахызт.

– Хуыцауæй бузныг, мæхи адастон. Тынг зивæг кодтон, фæлæ дзы æндæр гæнæн нæ уыд. Даст лæгмæ, дам, фарн кæсы, – æмæ Æнамæ баздæхт. – Гъеныр-ма дæ бинт рахæсс æмæ æххæст мæ къахы баст дæр раивæм æмæ мах дæр нæ фæндаг цыбыр кæнæм.

Æна рахаста иу бурхуыз, фæлурс фæтæн бинт, цыдæр авджын къоппы хос æмæ æрбадти ныллæг гыццыл бандоныл.

Илас йæ разы бæрзонддæр бандоныл æрбадт, хæлафы къахыл йæ фæкъæдзгæнæны онг хæрдмæ схæцыд, æмæ йæ къахы хъæдгом разынд. Ныр 10 азы дæргъы нысан кæнæм ацы бæрæгбон. Илас алы райсом йæ къахы баст ивы, фæлæ йын йæ хъæдгоммæ бакæсын мæ ныфс никуы бахастон. Цы маргæйдзаг нæмыг уыд! Ныр ауал азы афтæмæй лæууы йæ хъæдгом, йæ лæдзæг дæр нырма нæма аппæрста. Фæлæ йæм абон иу каст бакодтон... Мæ зæрдæ мæхимидæг ныккæрзыдта...

Нал фæлæууыдтæн æмæ йæ афарстон:

– Абон дын рæстæг нæй, фæлæ искуы дæхи февдæлон кæн æмæ мын, дæ къах куыд æмæ кæм фæцæф, уый радзур. Афон мын у, цæмæй уын зонон уæ хæстон хабæрттæ. Кæсыс, мæ фыд æгæр раджы аивгъуыдта æмæ йын йæ хабæрттæн ницы зонын, хъæбысыдзаг æфсæддон хорзæхтæй бон-изæрмæ цы фæхъазæм, уымæй дарддæр.

– Æмæ уымæн цæй æвдæлон хъæуы? Æцæг, мæ хæстон хабæрттæ, цал азы фæхæцыдтæн, уал азы хъуамæ фæдзурон, æмæ уый кæй бон бауыдзæн? Фæлæ мæ къах куы фæцæф, уæд... Уыцы сæумæ уыди сабыр, арв – сыгъдæг, иу мигъы къæм дæр дзы хæснагæн не ссардтаис. Чи нæ акъоппы бадгæйæ фынæй кодта, чи та мынæг хъæлæсæй йæ фарсмæ бадæгимæ ныхас кодта.

1943 азы 5-июлы изæры танкты гвардион бригадæтæ райстой бардзырд, хъуамæ Хуссар-Хурныгуылæнырдæм абырстаиккам сæдæкилометрон стæры æмæ контрцæф ныккодтаиккам, нæ хъахъхъæнынады арæн нын цуркау чи æрбайгæрста, знаджы уыцы тыхты. Разæй нæм карз тохтæ кæй каст, уый æмбæрстам æмæ æнхъæлмæ кастыстæм ног бардзырдмæ. Æз цæрæбонты фынæйы дзæкъул дæн æмæ уымæй тынг тыхстæн. Бирæ хатт мæ-иу цæугæ-цæуын дæр хуыссæг ацахста.

Æмæ та уыцы райсом дæр, бирæ кæмæйдæрты уæлдай, мæ сæр акъоппы сыджыткъулмæ азылдтон æмæ афынæй дæн. Хæсты фæудмæ тынгдæр уымæн бæллыдтæн, кæд ма фынæйæ бафсæдин, зæгъгæ.

Уалынмæ мын чидæр хъавгæ ме уæхскмæ февнæлдта æмæ мæ арæхстгай банкъуыста. Æз фехъал дæн, цы у хæстоны фынæй – карчы фынæй, фæлæ уæддæр тынг адджын вæййы. Мæ цæстытæ дыууæ къухæй ауæрстон:

– Бауагътаис-ма мæ, цæй хорз фын уыдтон, мæ зæрдæмæ рухсы цъыртт бакалд... – хæрдмæ скастæн мæ фарсмæ лæууæгмæ, æмæ дын уый та... нæ сыхаг Дриаты Бесайы хистæр фырт Хетæг.

– Æгас цæуай, Хетæг! – фестинаг уыдтæн, фæлæ уый мæ цуры æрбадт, сыстын мæ нæ бауагъта. Кæрæдзиуыл ныттыхстыстæм. Æз æй зыдтон, махмæ æвваххс кæй у се 'фсæддон хай, фæлæ махырдæм куыдæй æрбахауд, уымæн ницы бамбæрстон. Кæрæдзи арафæрс-бафæрс кодтам.

Уый уыцы æнкъард уыд, гъе! Æз ыл сбустæ кодтон:

– Къæвдабоны каркау цы ныхъхъуынтыз кодтай дæхи? Хæст фæуынхъус куы у, махуæттæ размæ куы бырсынц, тагъд Берлины къæсæрыл хъуамæ балæууæм, уæд дын уый цавæр æнкъард у? Абоны размæбырстæн ис историон нысаниуæг – хъуамæ знагæн ахæм цæф ныккæнæм, æмæ фæстæмæ йæ фæд-йæ фæд куыд абыра, залиаг калмау кæцæй ралæст, уырдæм. Æмæ уый та нæ къухы бафтдзæн, алчидæр нæ удуæлдай тох куы кæна, уæд. Уымæ гæсгæ нæ гъеныр рынчын кæнынмæ никæй æвдæлы, хъуамæ цин кæнæм.

– Алæ, рынчын... Цы мæ хъуамæ рисса? Дæхи загъдау, ууыл ахъуыдымæ дæр нæ не ‘вдæлы, фæлæ... Æвзæр фын федтон, æвзæр фын, æмæ абондæргъы ме ‘муд нал цæуын... Фыны, цыма, нæхимæ фестадтæн. Тымбыл хуымыл бынмæ хъæуырдæм фæцæуын. Иуцалдæр къахдзæфы акæнын æмæ та мæ разы зæхх аскъуыйы, æз йæ сæрты агæпп кæнын. Афтæ цалдæр хатты. Стæй фæстагмæ зæххы скъуыдæй арт йе ‘взæгтæ сдардта. Æз та уæддæр йæ сæрты агæпп кодтон, фæлæ мæ хæлафы къæхтæ ссыгъдысты... Уымæй æвзæрдæр фын ма дæ цы хъæуы? – саст хъæлæсæй йæ ныхас балхынцъ кодта Хетæг.

Æз æм уæд мæхи фæгæмæл кодтон:

– Хæстон та ма æвзæр фыны кой куыд хъуамæ скæна? Махæн нæ бон дæр æмæ не ‘хсæв дæр иууылдæр æвзæр фын не сты? Мæлæтимæ фæрсæй-фæрстæм куы цæуæм, кæд æй бафæнда, уæд нæ баппардзæн йæ уæрдоны. Уæдмæ та кæсын хъæуы размæ, рæсугъд хъуыдытæ кæнгæ...

– Нæ, нæ, Илас, раст мæ бамбар. Æрæджы уыдыстæм иуцалдæр лæппуйæ нæ «хæс» æххæст кæнынмæ. Хъуыддаг афтæ рауад, æмæ немыцæгтимæ бацыдыстæм æрмхæсты... Дыууæйæ не ‘мбæлттæй фæхицæн стæм, фæлæ нын Уастырджи баххуыс кодта, фыдбылызы хызæй раирвæзтыстæм. Нæ «хæс» сæххæст кодтам, нæ ныхмæлæуджытыл дзæбæх æрцыдыстæм тымбыл къухæй, фæлæ дзы мах дæр æнæмаст нæ баззадыстæм. Мæ хæлар лæппутæй иуæн йæ сæр фæцæф, сыбыраг уырыссаг лæппу. Дыууæ боны фæстæ госпиталы амард. Гъе, æмæ йæ дисæн хастой, йæ амæлæты размæ, дам, куыд тыхсти. Сæхимæ йын – уарзон чызг, тынг арæх фыстой кæрæдзимæ фыстджытæ... Зыдта йæ мæлæт æмæ мæт кодта, кæй йæ нæ фендзæн æмæ йын «хæрзбон» кæй нал зæгъдзæн, уый тыххæй. Йæ фæстаг минуты дæр, дам, кæд сæнттæ цагъта, дзæгъæл дзырдта, уæддæр кодта йæ уарзоны кой. Стæй, дам, йæ цæстытæ доны разылдта, бынтон сабырæй, дам, «хæрзбон» сдзырдта æмæ... – Хетæгæн йæ зæрдæ ауынгæг. Иудзæвгар ницыуал сдзырдта. – Дæхи загъдау, мæлæтмæ алыбон дæр æнхъæлмæгæсæн ис. Иу дзæбæх бон, гæнæн ис, æмæ де ‘мхъæуккаг Хетæг дæр уый фæдыл ацæуа... Фæлæ уым нæ рæстæджы, хæсты заманы, диссагæй ницы ис. Раст мæ бамбар, мæн, мах мæлæтыл хъуыдымæ не ‘вдæлы, нæдæр дзы тæрсгæ кæнын, фæлæ мæ фæнды цæрын, цард саразын. Уымæ гæсгæ, куы амæлон, уæд æй зон, кæй амæлдзынæн хъайтарæй. Махæй

алчидæр сæрыстыр у уымæй, æмæ нæ алкæйы мæлæт дæр кæй фæахъаз уыдзæн не стыр Уæлахизæн. Иннæмæй та... Нæхи Анетъайæ фыстæг райстон. Диссаг, уыцы æртæкъуымон гæххæтт цæй стыр ныфс бауадзы нæ зæрдæты... Куыд рабæрæг, афтæмæй нæ хъæуы алы сыхы дæр-иу нæлгоймаг дæр нал ис, æрмæст сылгоймæгтæ æмæ зæрæдтæ.

– Зонын æй, зонын. Мæнмæ дæр фыссынц. Æмæ сæм ныфсы ныхæстæ арвыстон, зæгъын, иу-чысыл-ма бафæразут, знаг раздæры хуызæн тыхджын нал у, йæ фæрсчытæ йын ныссастам æмæ фæстæмæ цæуы... – мæ ныфсы ныхас та баппæрстон æз дæр.

– Ехх, тæхуды, нæхимæ фест, – уæддæр йæ хъуыды нæ ивы Хетæг, – нæ хъæуы лæппутимæ дæ фаг фæкаф, фæзар, фæлæ...

– Кæд та æрцæуид, Хетæг, уыцы рæстæг дæр. Гъе, Уастырджи, хæххон дзиглотæ дæ фæдзæхст, дæ базыры бын сæ бакæн. Немæ алы æфсæддоны дæр, рæстыл тохгæнджыты. Нæхи зæххыл нæ æнафоны мæлæтæй бахиз. Мæлæт та – искæмæ тыхæй чи лæбуры, уыдонæн.

– Илас, диссаг у, диссаг, æвæдза, адæймаджы хъысмæт. Ныр æртæ азы æппынæдзухæй стæм фронты раззаг хаххыл. Ахæм уæззау æмæ-иу æвирхъау тохы бахаудыстæм, æмæ-иу загътон, ууыл фæци мæ цыбыр цард. Фæлæ, цæйау фæзæгъынц, лæджы Хуыцау куынæ мара, уæд æй фæнды дурты бын ныккæн... Æртæ хатты уæззау цæфтæ фæдæн, уæддæр та... Хæцæм, бырсæм размæ. Не знаг æгæр ныхмæ лæууы, басæттын нæ комы, æвæццæгæн йæ мæлæт базыдта. Фæлæ цыфæнды йæ гæндзæхтæ ма цæгъда, нæ тæрхон ыл конд у... Мæлæт! – чысыл йæ хъæлæс фæфидардæр Хетæгæн.

– Æвæдза, адæймаджы бон куыд бирæ у, ницы йæ басæттдзæн, уæлдайдæр, йæ хъуыддаджы рæстдзинадыл куы æууæнда, уæд. Амæлдзæн, уæддæр нæ фæтасдзæн. Мах рæстдзинад та стыр æмæ æгæрон у. Нæ рæстдзинад – нæ Уæлахиз, – æз дæр та йын ныфс авæрдтон.

– Æмæ куыд амондджын уыдзæнис, уыцы стыр Уæлахизы кæронмæ удæгасæй чи баззайа! Ехх, цард, ныммæлæн дын ма уа, куыд адджын æмæ рæсугъд дæ, куыд! Цæй тынг фæнды лæджы цæрын, куыд бафæлладтæн туг æмæ цардбæллон лæппуты мæрдтæм кæсынæй, нæ равзаргæ фæсивæд цагъды кæнынц! Ницæмæ бæллын, Илас, æмæ никæмæ батæхуды кæндзынæн, æрмæст æнæмаст æмæ æдасæй æрхуысс дæ сынтæгыл, райсоммæ фæфынæй кæн.

– Ӕнæуи дæр куыд ныддаргъ ис ацы тугхъулон хæстон фæндаг, нырма йæ кæрон нæ зыны, афтæмæй йыл ныр æртæ азы цас цæуæм, цас! – æз дæр та мæ ныхас баппæрстон, куыд хъуыды кодтон, афтæ.

– Иунæг Хуыцау йæ зонæг, кæронмæ нæ чи фæхæццæ уыдзæн. Цалы туг нын ис райсинаг нæ хæстон æмбæлтты, нæ хъæубæсты лæппуты тыххæй... Уыцы уæз нæ бæрзæйыл æнцайы... – уæддæр йæхицæн ныфс æвæрдта Хетæг.

– Ӕцæг, раздæрау тыхджын æмæ уæндон нал сты, нырмæ уыдоны рад уыди, ныр та – мах. Сурæм сæ... Ӕмæ цас мæрдтæ, цас танктæ, сармадзантæ æмæ алыхуызон хæцæнгæрзтæ уадзынц сæ фæстæ... Нæ быдыртæ байдзаг сты, Хетæг. Уый лæджы уæнгты ныфс уадзы, – æмæ йын йе уæхск хъавгæ æрхостон.

Уый йæ мидбылты гæзæмæ бахудт, фæлæ та, цыма, йæ зæрдыл исты æрбалæууыд, уыйау йæ мидбылхудт æрбайсæфт æмæ та йæ ныхас адарддæр кодта:

– Ӕй, дæ хæдзарылæй, Илас, бирæ хъæутæн сæ фæд дæр нал зыны, æвзалы æмæ сæ æртхутæг фестын кодтой. Горæттæ дæр афтæ... Адæм та – мæллæг, ингæнæй истыты хуызæн – афтид царм æмæ стджытæ... мæ цæст сæм бакæсын нæ комы.

– Диссаг, диссаг, Хетæг, не 'фсæддон хай кæм æрлæууы, уым ныл æххормаг сывæллæттæ æртымбыл вæййынц æмæ сын нæ хæринæгтæ раттæм, дæсгай километртæ нæ стæй къахæй цæуын кæй хъæудзæн æххормагæй, уый нæ айрох вæййы. Табу Хуыцауæн, кæд хъуыддæгтæ афтæ ахæссой, уæд хæст тагъд хъуамæ фæуа, æмæ та нæ кусын æмæ цæрынмæ кæд æрæвдæлид. Хетæг, нæ зонын цæмæн, фæлæ а фæстаг рæстæджыты нæ зæрдæ æдзух нæхимæ æхсайы... табу Хуыцауæн, махæн уарзон чызджытæ нæй де 'мбал лæппуйау æмæ уыцы хуызы сæрибар стæм... Фæлæ... – мæхимæ йæ æрбалвæстон æмæ йын йæ хъусы бадзырдтон. – Мæнæ хæст фæуа, уæлахизæй ныздæхæм æмæ чызджытæ дæр уым нæ уыдзысты? – æмæ гæзæмæ бахудæнбыл стæм...

Иудзæвгар æнæдзургæйæ алæууыдыстæм, æнхъæлмæ кастыстæм нæхимидæг сигналон ракетæмæ.

Политрук ныл æрзылд, не 'ппæты дæр райхъал кодта, æмæ цæттæ уыдыстæм бардзырдмæ. Уалынмæ уагъд æрцыди сигналон ракетæ. Хæстонтæ, кæрæдзиуыл сæхи къуырдтытæгæнгæйæ, разгъордтой сæ бынæттæй æмæ рæнхъæй алæууыдысты.

Бардзырд анæрыд арвы нæрдау:

– Размæ, Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау!

Æмæ та ныфсдæттæн хъæртæ айхъуыст хæстдзагъд, фæллад æфсæддонты æхсæн:

– Нæ хæстонтæ, размæ, æрмæстдæр размæ! Уæлахиз бафты æрмæстдæр ныфсджын адæймаджы къухты!

Æмæ та размæ нæхи аппæрстам.

– Абон дзæбæх боныхъæд хъуамæ уа, – арвмæ скæсгæйæ, сдзырдта Хетæг.

– Æз уæдмæ дæр мæ цæст дардтон арвмæ æмæ ныр Хетæджы ныхасмæ фæцæттæ дæн:

– Нæ. Хурыскæсæнырдыгæй арвыл мигътæ фæзынд, гæнæн ис, æмæ рауара...

– Нæ хæстонтæ фæразон сты... Боныхъæд сæ нæ бауромдзæн, – йæхицæн, цыма, ныфс æвæрдта, ахæм хъæлæсæй сдзырдта Хетæг.

– Уырны мæ, – æмæ нæ фæндаг дарддæр адардтам.

Æцæг, иу сахаты фæстæ арв сау мылазон мигътæй æрбахгæдта, ферттывта, цæхæртæ акалдта... æмæ хус зæххыл къæвдайы æртæхтæ æргæр-гæр кодтой...

Мах цæуæм... Нæ бæрæг бынатмæ бахæццæ стæм. Тæрккъæвда, æцæг, ницы хъыгдардта нæ хæстонты... Бригадæ хъазуатонæй тох кодта знаджы ныхмæ. Райдыдта тугуарæн хæст, нæмгуыты æхситт, гранатты æмæ сармадзанты нæрын æмæ æмбуйæ зæхх æнкъуыст. Знаг нæ баурæдта нæ ныббырст æмæ лидзынмæ фæци. Уый уыди нæ уыцы ныббырсты фыццаг уæлахиз Сталинград-Курскы здæхты.

Фæлæ дзы æз æвыдæй нæ баззадтæн... Æвиппайды ницыуал бамбæрстон, цыма талынг хъоргъы аирвæзтæн... æрчъицыдтон госпиталы. Уымæйразмæ уынын фын. Фестадтæн нæхимæ, фæлæ ацы хатт дыууæ бæрзонд хохы астæу комы стыр знæт цæугæдоны сæрмæ. Иу хохы цъуппыл – хъеллаугæнæн, мæнæ-иу фыййау кæнæ хъомгæс куы цыдыстæм, уæд-иу сæрвæты бæрзонд бæласы цонгыл цахæм хъеллаугæнæн сарæзтам, ахæм. Æрмæст тынг бæрзонд. Бынмæ цæугæдонмæ кæсын æмæ мæм зыны лыстæг урс æндахы халы ставдæн бæндæн. Гъемæ хохы иу цъуппæй иннæмæ рахъеллау кæнын, стæй та – фæстæмæ. Фыртæссæй дыууæ къухæй ныцъцъецъелæг дæн бæндæныл æмæ мæ цæстытæ бацъынд кодтон, цæмæй бынæй, комы, мацы уынон.

Куы æрчъицыдтон, уæд рабæрæг: мæ къах мын дæргъвæтин рæстæджы операци кодтой фынæйгæнæн хосимæ.

Мæ алыварс – урсхалатджынтæ, дзурынц мæм, цæмæйдæрты мæ фæрсынц:

– Ма тæрс, дæ къах фæцæф... Операци дын скодтам... Тагъд дын адзæбæх уыдзæн...

«Куыдз къуылыхæй нæ мæлы», – мæхимидæг ахъуыды кодтон. Уæддæр Хуыцауæй бузныг, удæгасæй баззадтæн, фæлæ Хетæгмæ мæ зæрдæ дзырдта. Цы бауыдаид, кæцæй йæ базонон.

Æмæ нæм иу къуыриййы фæстæ госпитальмæ нæ политрук бæрæггæнæг куы 'рбацыд, уæд мæ зæрдæ мæ риуы нал цыди... Кæд æй равдæлдзæн æмæ йæ кæд бафæрсдзынæн.

Стæй кæддæр-кæддæр мæ уæлхъус æрбалæууыд æмæ мæ аудгæ хъæлæсæй афарста:

– Куыд дæ, салдат? Бæдæйнаг, иууылдæр хъайтартæ стут, – æмæ мæ дæлфæдтæм сынтæгыл æрбадт.

Æз мæ мидбылты бахудтæн, æхсызгон мын уыдысты йæ ныхæстæ, кæй зæгъын æй хъæуы, æмæ афтæ бакодтон:

– Мах æххæст кодтам Райгуырæн бæстæйы раз нæ хæс! Фæлæ мæ ме 'мбалы хъысмæт мæты æфтауы æмæ йæ куы базонин... Загътон ын йæ мыггаг дæр.

Уый йе тарæй гæххæттыты тыхтон фелвæста... Азмæста сæ:

– Фенæм, фенæм де 'мбалы дæр... Нырма уал – цæфтимæ... Æмæ йæ цæст хæссы уыцы дæргъæй-дæргъмæ номхыгъдыл.

Мæнæн мæ зæрдæ мæ риувæйнæг куыд нæ ратыдта, уый диссаг уыд... Уым нæ разынд... Политрук æнæдзургæйæ цæфты номхыгъд мæ сынтæгыл æрæвæрдта æмæ æндæр райста... Кæсы та йæм... Æмæ иудзæвгар ницыуал сдзырдта... мæнæн ма йæ цы бамбарын хъуыд?

– Де 'мбал... паддзахадон хорзæхмæ æвдыст æрцыд... йæ амæлæты фæстæ... – æмæ мæм æнкъардæй æрбакаст...

Уæдæй фæстæмæ дæс азы рацыд, фæлæ мæ къах нырма не сдзæбæх...

– Æвзæр фын...

– Иу хатт ма йæ зæгъын: «Куыдз къуылыхæй нæ мæлы». Хетæг дæр къуылыхæй куы баззадаид фæлтау... Цæй, ацæуæм, не 'мбæлтты аййафæм...

Илас нæ разæй къуылых-къуылых фæцæуæг...

*2015 аз*

# ЛЕКОНТ ДЕ ЛИЛЬ: 200 АЗЫ



*Леконт де Лиль (1818–1894) – номдзыд францаг поэт, æхсæны кусæг, 1848 азы революцийы архайæг, поэттæ, «Парнас», зæгъгæ, цы къорд сарæзтой, уый разамонæг. Джиппы уагъта канд æмдзæвгæтæ нæ, фæлæ уацтæ, радзырдтæ дæр, иудадзыг тох кодта колониты адæмы цагъары къæлæтæй фервæзын кæныныл. Йæ поэтикон курдиат уæлдай тынгдæр разындис йæ чиныг «Варварон æмдзæвгæтæ»-йы. Йæ рæстæджы наукæйы æнтыстытыл æнцайгæйæ, Леконт де Лиль архайдта историйы цаутæ, нывтæ раст æвдисыныл. Уый дзырдта католикон дины ныхмæ, хуыдта йæ «сæнтсырх фæлыст сырд» – буржуазон æхсæнадæн, дам, кæны фарсласæн, хъахъхъæны йæ. Поэт сфæлдыста иттæг аив, æнкъарæнтæй арф, фæлгонцтæй, ахорæнтæй хъæздыг æмдзæвгæтæ, æвдисы æрдзы æнæкæрон фидыцтæ æмæ стыр тых, кад кæны, мыггагон цардæй чи цæры, уыцы варвартæн æмæ суанг сырдтæн дæр, æвæры сæ ницæйаг* ***буржуазон варварты*** *ныхмæ, тугцъирты хоны «сызгъæрины кæритыл хилджытæ».*

*Автор-иу арæх бахауд æрхæндæг хъуыдыты уацары, капиталистон цардæвæрдæн аивæн кæй нæй, уый аххосæй. Йæ уацмыстæ абон дæр сты актуалон, дæсны фатæхсæгау йæ фарны дзырдтæй Леконт де Лиль рæтъузы, ныртæккæ дуне, уыимæ Уæрæсе дæр, цы æнæфсис, æнæфсарм, æнæджелбетт бынхортæй, тугцъиртæй байдзаг, уыдоны. Афтæ ахсджиаг уыдзысты йæ фыстытæ фидæны дæр.*

*Поэт уыдис иттæг дæсны тæлмацгæнæг дæр. Францаг фысджытæй Гомеры æмæ æндæр рагон авторты чи тæлмац кодта, уыдонæй æппæты арæхстджындæр – Леконт де Лиль.*

## ÆМДУГОНТÆМ

Уæ цард – æнæсæрфат: нæй монцтæ, нæй хъуыды,
Цыма зæхх бахус и, ыскодта уыл фыдаз.
Нæ удхор сау æнус йæ цæвæгæй кæрды,
Ам алцы сæбæркад – æфсарм, æгъдау, ныхас.

Зыды фæсдзæуинтæ! Куыд бардузай сырды,
Стут афтæ ихсыдхуыз, уæ цæстæнгас – фæлмас.
Рæмпæгау – сусæгхор, цæлæмбыдтæ, чъынды.
Сты дзаг уæ рæбынтæ, фæлæ уæ 'взоны тас.

Æрцæудзæн ахæм бон – æртыхсдзæни уыл маст.
Сызгъæрин голджытыл уæ зæрдæ дарут ныр.
Кæнут уæ хуынчъыты уæ хæзнатыл зыр-зыр.

Фæлæ уæм удисæг фæзындзæнис æваст.
Уындзæнис удисæг: уæ банкноттыл хæцут.
Цы сты уæ банкноттæ! Уый уд агуры, уд!..

*2018.30.07*

## МÆРДТÆМ

Æппæлдæй буц чи уыд, кæуыл æхххуырстой даутæ,
Гæлхуыртæ, номдзыдтæ, мæгуыр æмæ хъæздыг,
Тæппудтæ, саггуырдтæ, æлгъинтæ 'мæ рæдаутæ,
Æдзардæй чи байсæфт, кæй бабын кодта зынг,

Æлдæрттæ, паддзæхтæ, фыд зæрæдтæ 'мæ таутæ,
Гъæлатæ, зонджынтæ, дæлæмæдзыд, уæйыг,
Нæрдтæ, тæнтъихæгтæ, фæлурсытæ 'мæ саутæ, –
Уæ бынат – рохуаты. Ныр ма цы стут? Æлыг...

Цæрынц уæ бындартæ... Кæрæдзийы туг нуазынц,
Куы та цæстмæмитæй сæ кæрæдзийы стауынц.
У Цæрддзуйы сау бæстæй[1] у мах заман фыддæр.

[1] Цæрддзуйы бæстæ – ирон мифологийы дæлимонты цæрæн, дæлдзæхбæстæ.

Сымах фæрныг ыстут – нæ зонут, циу фыдæбон.
Уæ хъысмæт – удæнцой, егъау æмæ æгæрон.
Æнцой, о, удæнцой – æппæт хæрзтæн сæ сæр.

*2018.02.08*

## ПОЭТЫ МАРДЫ УÆЛХЪУС

Дæ рухс цæстæнгас рог базыртыл тахти:
Фæсарвырон æрвдидинæг зыдтай,
Йæ фенынмæ дæ быцъынæг тыдтай.
Фæлæ ма цы? Нæ мæнг дуне ныууагътай.

Циу цард? Æрмæст ызнæт дымгæ ‘мæ рыг.
Уæд уарзт та циу? Зæрин кæхц – йедзаг мастæй.
Æрхæндæг зæдау ды мæрдтæм фæхастай
Дæ адджын сæнттæ, катай æмæ хъыг...

Нæ зонын æз: дæ фæллæйттæ цæрдзысты,
Уыдзæни дæ сыдывд æнус сæрыстыр,
Æви дæ ном фæуыдзæни дæлдзæх.

Кæнын хæлæг дæ хъысмæтмæ, сæттын ыл, –
Ды нал уыныс: фæхудынц ам ***сæрджыныл***,
У ***райгуырын*** æвирхъау ми, бæллæх.

*2018.01.08*

## У АРФÆЙАГ ÆНУСМÆ

Мæ зæдыхай, ысног та дæн дæ рухсмæ:
Æвзонджы дугæй хурзæрин æркаст,
Зæххон фынтæн сæ удæхцондæр – Уарзт
Фæци мæ хай – у арфæйаг æнусмæ.

Уд нал тæрсы мæлæтæй дæр – дæ хуыз ын
Фæстаджы бон дыдзыхурау уыдзæн.
Куы йæм бадара удисæг йæ хызын,
Уæддæр дæ рухс, дæ цæстытæ уындзæн.

*2005*

## САУ АДÆМÆН

*Скъуыддзаг*

Сæрыстырæй мæлæт æрцахсæд мæн,
Йæ хъæлæсы мæ ауадзæд хуыдалынг,
Уæддæр уыдзæн нæфæтчиаг дæуæн
Мæ уды рис. Дæхицæн уадз дæ цин,
Æз де 'мдзæгъдмæ нæ кафдзынæн, о сау уыг,
Быдзæутæ сты дæ хъахбайтæ, дæ зин.

*2018*

## ÆРВОН ЦЫРАГЪ

Æрвон Цырагъ ыстъалыты рæхысыл
Æрцауыгъди, кæлы рæдауæй рухс,
Æнхъæвзы фурдмæ, хохрындзтыл æртыхсы,
Йæ тавицæй хъæрмуст æхсæв дæр – урс.
Егъау гуылфæнтæн се 'хцон улæфт хъуысы, –
Æрвон Цырагъ рæдауæй тауы рухс,
Æрцауыгъд æй ыстъалыты рæхысыл.

Йæ фарны тынтæй арвы къуырф – æфсæст,
Æнæсым рухс зæрдæскъæф у, æвдадз у.
Æрсабыр мал, æвзист хызæй – æмбæрзт.
Фынæй ахстæттæм ауæтты нæ уадзы
Æрвон Цырагъ, фæдары сæм йæ цæст.
Æнæсым рухс зæрдæскъæф у, æвдадз у,
Йæ фарны тынтæй арвы къуырф – æфсæст.

Ды ленк кæныс нæ дунейы кæрæтты.
Зæгъ-ма мын, чи дæ? Мæрдты хур дæ, Мæй?
Кæд урс æндар дæ уыдонæн дзæнæты?
Æдзæм æнцой сыл байтауыс тынтæй.
О, амондджын сайд акæныс нæ мæрдты.
Зæгъ-ма мын, чи дæ? Мæрдты хур дæ, Мæй?
Цы ленк кæныс нæ дунейы кæрæтты?..

Ахæрæтмæ – фæстаг бонмæ – фыдæх
Мæрдонæдзæмы, талынджы хай бауæд!
Хъуыдытæ, монцтæ, утæхсæн, бæллæх,
Дзæнгæдатæ – сæ кой, сæ хъæр дæр ма уæд!
О, талф-тулф бонтæ... Зæрдæ сæ фæцъæх.
Мæрдонæдзæмы, талынджы хай бауæд
Ахæрæтмæ – фæстаг бонмæ – фыдæх!

Æрвон Цырагъ, ыстъалыты рæхысыл,
Тынты суадон, ды дзедзырой кæныс.
Æрхау ды дæр тызмæг фурды хъæбысмæ,
Цæмæй фæуай сæрсæфæны зынгхуыст!
Уадз, гуылфæнтæй æхцон улæфт нæ хъуыса!
Тынты суадон, ды дзедзырой кæныс
Æрвон Цырагъ, ыстъалыты рæхысыл.

*2018.04.08*

* * *

Уæздан Леконт де Лиль йæхи æппæты ирддæрæй равдыста куыд бæрзонд поэзийы минæвар æмæ дзырдтæй нывæфтыд кæныны дæсны. Фæлæ нæм уæддæр йæ иуæй-иу æмдзæвгæты, – чи зоны, æппæты аивдæрты, – разынди æфсæрмдзæст æмæ сæрыстыр элегион поэтæй. Уый канд æхсарджынты зарæггæнæг нæу, фæлæ арæхстджын нывгæнæг. Стæй ноджы хъуыдыты поэт дæр.

***Анатоль Франс***

* * *

Леконт де Лиль уыд, æппæлæнтæ-йедтæй æдзухдæр йæхи иуварс чи ласта, ауuон ран-иу чи баззад, ахæм поэт. (...) Кадыл иузæрдион нæ уыди. Олимпаг поэтыл нæ фидауы зæххон зарæггæнджыты аслам цыт. Францы, Европæйы, æппæт дунейы дæр ын йе ‘мдзæвгæтæ кæсынц ахуыргонд адæм, нывгæнджытæ æмæ поэттæ. Йæ ахуыргæнинæгтæй æрмæстдæр иунæгæн айхъуыст йæ ном дæрдтыл – Хосе Мариа де Эредиайæн. Уый дæр Леконт де Лилау тропикон сакъадахыл райгуырди.

* * *

Зæрдæйы æнæнцой гуыпп-гуыппау,
дæ рæнхъытæ – фурды уылæнтæ.
Сæууон хур æрвиты рæдауæй
зæрин рухс дæ фæндыры тæнтæн.

***Рубен Дарио***

* * *

Леконт де Лиль йæ поэмæтæ фæлдыста, цыма дурæй зынг цагъта, уыйау.

***Александр Луначарский***

***Хъодзаты Æхсары*** *тæлмацтæ*



*ГАДЖИТЫ Илас*

# УДÆГАС МАРД

*Радзырд*

Бæттал, цыма, мæрдвынæй кæны. Хъæдабæцъар чырыны æнцад хуыссы, налдæр фезмæлынхъом у, налдæр исты сдзурынхъом. Мидæмæ алцыдæр æмбары, фæлæ æддæмæ исты ралæхурын йæ бон нæу. Йæ хурхы дзидзайы къуылдых ныффидар æмæ йын йæ улæфæнтæ сæхгæдта. Кæйдæр хистмæ та, бецау, хæддзуйæ барæдыд æмæ æгæр фæхæлоф кодта.

Табæты алыварс сау халæттау æрбатыгуыр сты сыхы устытæ æмæ цъах-цъах кæнынц. Бæтталæн йæ риуы дзыппы æвæрд ис япойнаг диктофон æмæ сын сæ ныхас фыссы:

– Хорз фæцарди Бæттал. Йæ тонайы хай кæцæй нæ ракодта, ахæм скълад, ахæм дукани нал баззад. Суанг ма заводтæ æмæ фабриктæм, колхозтæ æмæ совхозтæм дæр лæбурдта ревизи кæнынмæ. Мæйдзыд хъыбыл æмæ уæрыччы фыд бирæ уарзта.

– Мæрдтæм хæрæджы игæртæ хæргæ фæцу, Чъиппой, æндæр дын бафтъæринаг мацы уæд!

– Алæ, уагæр дын цы кодта?

– Мæ лæджы мын мæрдтæм батардта.

– Сæмбегæй зæгъыс?

– Уæдæ кæмæй. Иу машинæйы хæррæгъ балхæдта, æмæ йыл ацы гуыбындзæл автоинспекцимæ ныффыста, давгæ, дам, æй акодта. Хæдтулгæ байстой æмæ мæ

бинонты дарæг зæрдæхæлд фæци, хуыссæнæй нал сыстад. Куы амард, уæд ма нæм æдзæсгом пъагонджынтæ хатыр курынмæ цыдысты, фæлæ ма цы. Машинæ дæр нын нæ дуармæ авæрдтой, фæрæдыдыстæм, зæгъгæ.

– Æмæ нæ парламентмæ депутатæй куы цыд, уый уæ ферох? Æвзарджытæ йæ бафарстой, цы, дам дзы кусдзынæ, куы дыл ысхъæлæс кæнæм, уæд? Æмæ, дам, коррупцийы ныхмæ тох самайдзынæн. Ревизийы рæстæг-иу скъладтæ æмæ базæтæй йæ хæдзармæ цы фæллой ссывта, уый гæртамыл нæ нымадта.

– Мæ хъæукkаг поэт Чехойты Сæрæби йæ иу æмдзæвгæйы фыста: «Ахæм куыдзы цармы ис дыууæ куыдзы». Æз та уын зæгъын– дыууæ нæ, фæлæ дыууиссæдз куыдзы бацæуиккой Бæтталы цармы. Иу сæрдыгон тæвд бон дуканийы раз харбызтæм рады лæууыдыстæм æмæ дын не сгуыхт ревизор (йæхи афтæ хуыдта) кæцæйдæр куы фæзынид. Йæ голлагимæ æппæты разæй алæууыд. Адæм куы схор-хор кодтой, уæд цыдæр книжкæ йæ риуы дзыппæй фелвæста æмæ фæтъæлланг ласта: «Тихо! Я – участник войны». Иу зæронд лæг йæхи нал баурæдта æмæ йын бакъæрцц кодта: «Дæ цæсгом дыл бампылæд, Абырæджы фырт. Мæнæ ай газеты дæ къам нæу? Дæхи депутатæй куы ‘взарын кæныс æмæ дæ биографийы фыст куы и, 1941 азы гуырд кæй дæ, уый, уæд дзидзидайæ хæсты архайдтай?»

– Æмæ уæд се ‘хсæн хъаугъа нæ рауад?

– Куыннæ стæй! Куыдзыл бату кæн æмæ йæ бастæрдзæн. Йæ голлаг харбызтæй байдзаг кодта æмæ афардæг. Æхца дæр нæ бафыста.

Бæттал хуыссы æмæ фырмæстæй фæйнæрдæм тоны: «Ехх, ныр фест æмæ сыл лæдзæгæй хафт-хафтæй балæуу. Уыцы дзидзайы кæрдих куынæ схауа, уæд мæ удæгасæй баныгæндзысты. Фрося кæдæм абырыди, найгæ мæ уæд та куы ныккæниккой, кæд искуыд фезмæлин æмæ мæ хъуыр фегом уаид».

Устытæн банцайæн нал ис, алы диссæгтæ йыл мысынц:

– Æмæ уæд йæ цæст та цы кодта?

– Уымæй мæн бафæрс æмæ дын æй зæгъон. Мæ сæры хицау Тугъан универсамы директорæй куыста. Ацы куыдзæй гуырд ыл сагъуыд æмæ йæм ревизи ревизийы фæдыл кодта. Дунейы æхца ассывта, фæлæ йын уæддæр бафсис нæ уыд æмæ йæхи хонын кодта кафетæ æмæ ресторантæм дæр. Фæлæ йын лæппутæ йæ аккаг фесты. Дзæбæх ын бадардтой æмæ бынты-быны расыгæй

кæдæмдæр адзæгъæл. Райсомæй йæ Терчы был хуыртыл хуысгæйæ ссардтой. Йæ иу цæст йæ уæлæ нал уыд, галиу къах та уæрагæй дæлæмæ – схъиссæстытæ.

– Азау, дæ лæг мæ цæсты ноджы фæкадджындæр. Хорз ын бакодта куыдзы хъæвдынæн.

«Уæдæ уый уыди мæ сафæг!» – Бæттал йæ хъæлæсы дзаг ныхъхъæр кæнынмæ хъавы, фæлæ никуы æмæ ницы. Уыцы мæйдар æхсæвы цаутæ йæ дзæбæх цæстыл ауадысты. Кафейæ æнафоны цух-мухтæ кæнгæйæ фæцæуы. Тигъмæ куы бахæццæ, уæд ыл куыйтæ срæйдтой æмæ йæ сæ разæй айстой. Бæттал доны былты дæлæмæ ныййарц. Лæпутæ йæ æрурæдтой æмæ йын йæ дзыппыты аджигул кодтой, стæй йæ Терчы сæрмæ цы ауыгъд хид ис, уымæ ахæр-хæр кодтой æмæ дæлæмæ ныппæрстой. Уым æм бынæй æнхъæлмæ касти фыдгæнджыты иннæ къорд. Йæ ног костюм ын феппæрстой æмæ йæ сæ къæхтæй хойын райдыдтой. Фæстагмæ дзы иу загъта «Готов!», æмæ ацыдысты. Куы ‘рчъицыдта, уæд йæ нæтынмæ æхсæвгæсы куыдз срæйдта.

– Мæ лæг стадионы æхсæвгæсæй кусы æмæ милицæмæ уый адзырдта, – хистæр æнгуылдзæй йæхимæ ацамыдта иу нард ус, фæлæ фенцад. Тыргътæй кæйдæр кæуын æрбайхъуыст.

– О бецау Гамбол, иунæгæй мæ ацы бирæгътимæ кæмæн ныууагътай? – бæстæ йæ сæрыл систа иу расыг лæг, къæсæрыл мидæмæ хизгæйæ. Устытæй йын иу йе ‘фцæгготыл фæхæцыд æмæ йæ феддæдуар кодта:

– Гамбол дарæг дæ мауал уæд. Кæдæм æрбарæдыдтæ, тъангхор? Цыппæрæм подъезды йæ агур, – зæгъгæ, ма йæ фæстæ ахъæр кодта.

– Æмæ Гамбол дæр амард?

– Мæ бобиччы хуызæн.

– Уæдæ ма нын уæд нæ бырæттæ чи ласдзæн?

– Ссардзысты, дæс минил æз дæр сразы уаин.

– Уыдæттæ-ма ныууадзут, мæнæ нæ марды кой кæнæм.

– Æмæ уæдæ цы кусæм? Мах ын ам йæ фыдгой кæнæм, райсом та дзы чырыны уæлхъус æппæлгæ кæндзысты.

– Барастыр налат у, æвзæртæн дзæнæты дуар нæ гом кæны. Ды дæр куы амæлай, уæд дæ афтæ æппæлдзысты.

– Тынг мæ хъæуынц сæ козбау ныхæстæ. Æз уын, мæхи цæстытæй кæй федтон, ахæм сценæ сныв кæнон. Советон рæстæджы Елхоты ресторан уыди хуыздæртæй иу. Æз дзы

буфетгæсæй куыстон. Бæттал-иу ревизи куы кодта, уæд сихорыл цыди махмæ. Æртæ стыр фыдджыны, коньяк кæнæ водкæйы авг, цыппар бæгæныйы-иу фæдæле кодта райпойы хардзæй æмæ-иу худгæйæ ацыд, цы фатер-иу ын баххуырстой, уымæ. Сылгоймаг дæр ын ссардтой, фæлæ къуыри дæр нæ бафæрæзта йæ буары смаг æмæ йæ арахъхъы тæфæн.

«Кæсут ма ацы гаццамæ дæр. Æмæ ды æнæхъæн райкомы аппаратæн куы фæрæзтай», – йæхинымæр бахудт Бæттал.

– Æмæ ныр дæр йе смагæй уатмæ æрбацæуæн куынæ ис. Фындзыхуынкъ уыл нæй?

– Æххæст ма Фросяйы æрбацыдмæ банхъæлмæ кæсæм. Марды иунæгæй уадзын нæ фæтчы.

– Уый та чи ‘рхъуыды кодта? Мæрдтыбæсты сæ уæлхъус хъахъхъæнджытæ вæййы?

– Уæхи дзæбæх дарут, мард, дам, фыццаг æртæ боны алцыдæр мидæмæ фембары. Ноджы ма йæ риуы дзыппы диктофон дæр ис æмæ ныл йæ ус судмæ куы бадæтта.

– Гъемæ бадæттæд. Æз оргæнты куыстон æмæ зонын, Бæтталы хуызæн къляузник Иры дзыхъхъы нæма уыд. Æртæ ранæй йæ ратардтой йæ хахуырты тыххæй, фæлæ уæддæр йæ фыссæнгарз не ‘рæвæрдта. Рагæй нырмæ æртхъирæнтæ кодта йе знæгтæм æмæ ныр йæхæдæг фæразæй.

– Фæстагмæ хистытæм хæддзуйæ цæуын райдыдта. Ревизоры æвдисæндаримæ дуканитæ æмæ базартыл зылдис æмæ дзы æхца куыста, цалынмæ йын æй нæ байстой, уæдмæ.

– Уæвгæ та мах хæдзармæ куыд æрбахауд?

– Цы ‘рбахауын æй хъуыд. КРУ-йы шеф Ленкар та йæ иуахæмы базæмæ ревизи кæнынмæ куы арвыста, уæд уым фæзонгæ иу абадгæ сылгоймагимæ. Йæ сæр кæм фæтъыстаид, уый йын нæ уыд æмæ йæм мидæгмойы бацыд. Ай дæр уый фатер у. Ус йæхæдæг дæс азы размæ амард, цот сын нæ рацыд.

– Кæм ис, уым ма схъæрзæд, фæлæ йæ лæгæй æгæр хъал уыд. Уый йæ скъулбадæг кодта. Бæттал хонын дæр æй нæ уагъта, фæлæ Батик. Ныртæккæ йын цы ус и, уый та хахойлаг у, фæлæ иронау сыгъдæг дзуры. Амарды тыххæй æвдисæндар исынмæ ауад. Ныртæккæ йæ ардæм хъæуы...

Ус ма цыдæр зæгъынмæ хъавыд, афтæ сæ цуры алæууыд, йæ кой кæмæн кодтой, уыцы бурдзалыг сылгоймаг Фрося æмæ устытæн хъуыддагхуызæй загъта:

– Ирон ӕгъдау кӕнут ӕмӕ уын стыр бузныг. Зиан ӕвӕрӕм райсом 12 сахатыл ӕмӕ ма фӕзивӕг кӕнут, уӕ лӕгтӕн, стӕй уӕ зонгӕтӕн дӕр зӕгъут ӕмӕ сӕмбӕлой. Ныр та нӕ бауадзут ӕмӕ Бетал Абрековичы цынайӕм.

Уыцы ныхӕстимӕ уатмӕ ӕрбакъахдзӕф кодтой дыууӕ лӕджы. Устытӕ ӕддӕмӕ рахызтысты ӕмӕ Бӕттал йе 'муд ӕрцыд. Дыууӕ гуыппырсары йӕ мадард бӕгънӕг куы акодтой, уӕд дзы иу иннӕмӕн афтӕ бакодта:

– Тут что-то не то. Он на мертвеца не похож. Тело теплое, но пульс нащупать не могу.

– Сами разберутся, нам что?

Центнерӕй фылдӕр чи ласта, уыцы гуыбындзӕлы ваннӕйӕ куы систой, уӕд сӕ къухтӕй феуӕгъд ӕмӕ пъолыл йӕ тъӕпп фӕцыд. Дзидзайы карст феуӕгъд, ӕмӕ Бӕттал сулӕфыди, схуыфыд, йӕ цӕстыдзаг ракаст. Дыууӕ лӕджы дуар сӕ сӕрыл ахастой. Ус нырдиаг кодта ӕмӕ сыхӕгтӕм балыгъд. Бӕттал сыстад ӕмӕ йӕ дзаума йӕ уӕлӕ скодта, стӕй йӕ диктофон асгӕрста ӕмӕ гом рудзынгӕй радзырдта:

– Сар мын уӕ сӕр кӕны, диттойтӕ! Уӕ уд мӕ къухы и. Бӕттал уын, лӕг цы у, уый фенын кӕндзӕн.

Спутникон бастдзинад, дзыллон информацион фӕрӕзтӕ ӕмӕ чырӕг телефонты руаджы хабар уайтагъддӕр апырх горӕттӕ ӕмӕ хъӕутыл. Доваторы уынгмӕ адӕм ныххӕррӕтт кодтой, рог машинӕтӕй дзы азмӕлӕн нал уыд. Автоинспекцийы кусджытӕ сӕм къухауuонӕй кастысты ӕмӕ ницы дзырдтой.

– Ай дӕр та, Уастырджи нӕм куы 'ртахт, уый хуызӕн ма рауайа, – загъта сӕ иу.

Милицӕ подъезды дуармӕ лӕууыдысты ӕмӕ мидӕмӕ никӕй уагътой. Мидӕгӕй слестгӕнджытӕ фарстой цӕрджыты. Вертолет ныллӕджыты тахт ӕмӕ-иу рупорӕй арвы нӕрдау райхъуыст:

– Знӕт ма кӕнут, хорз адӕм. Ам дзӕгъӕлы лӕуут, чидӕр уӕ асайдта. Уалынмӕ, милицӕ кӕм лӕууыд, уыцы подъезды 5-ӕм уӕладзыгӕй лӕг рахъӕр кодта:

– Чырын афтид у, чи дзы хуыссыд, уый ӕрбадӕлдзӕх.

– Уым ис, уым. Сымах ӕй ӕмбӕхсгӕ кӕнут, – схъӕр ӕм кодтой бынӕй.

Сауджын лӕдзӕджы 'нцӕйтты кӕцӕйдӕр фӕзынд ӕмӕ ныхъхъӕр кодта:

– Это богохульство, искушение дьявола. Расходитесь по домам!

– КГБ-йы шпион, – йæ къах æм фæдардта, ахæстонæй чи рацыд, ахæм дзыпкъахæг. Дины лæг размæ бахауд. Йæ фындзыхъæл зæхмæ æрхаста æмæ йын фæсаст.

Хъæлдзæг нывтæн фенæн уыд уыцы спектаклы. Иу бæрзонд лæг ирон уæлæдарæсы адæмы 'хсæн лæууыд æмæ йæ армытъæпæнтæ уæлæмæ даргæйæ дзырдта:

– Ирон адæм Хуыцаумæ кувæг сты, æмæ сæ Хуыцау бæгуыдæр уарзы. Уастырджи нæм æртахт, ныр та нæ Чырысти дæр бабæрæг кодта. Кæм сты нæ дзуары лæгтæ, кусæртытæ акæнын хъæуы ацы тæккæ ран.

Фæндыр æрцагъта æмæ иу æнæдаст лæг гуырвидауц чызджы йæ разæй айста. Ерысæй кафт сын бацайдагъ.

– Кафунцæ æстайаздзуд биццеу Гасинти Жорж æма Хугати Пъируз, – райхъуысти рупорæй, æмæ адæм нымдзæгъд кодтой.

Раст загъта Цомахъ: «Адæмы ныхмæ цы уæйыг фæлæудзæн». 12 сахатыл милицæ фæйнæрдæм алæууыдысты æмæ мызыхъхъ лæппутæ подъезд бацахстой.

Бæттал дæр уæдмæ æнцад нæ бадт. Раст уыцы афонмæ балæууыд Иугонд Эмиратты. Ардæм æрбатахт хæдтæхæджы æмæ уазæгуатмæ бацæуæн фойейы каст телевизормæ. Фæстаг хабæрттæ куы райдыдтой, уæд экраныл ауыдта Доваторы уынг æмæ йæ фарастуæладзыгон хæдзар. Адæмæй дзы базмæлæн нæ уыд. Федта се 'хсæн йæ зонгæты дæр. Тæлмацгæнæджы бафарста æмæ уый худæнбылæй загъта:

– Горæт Владикавказы æрцыди стыр диссаджы æнахуыр цау. Иу лæг амард æмæ йæ ваннæйы куы цынадтой, уæд фæстæмæ райгас æмæ кæдæмдæр алыгъд. Пъæлицæ йæ агурынц.

Чысыл фæстæдæр та экраныл фæзынд, кæй агуырдтой, уыцы лæджы къам. Бæтталы фарсмæ чи бадт, уыцы уырыссаг чызг æм æрбакаст æмæ бафарста:

– Уый ды нæ дæ?

– Нæ дæн. Уый мæ фаззон æфсымæр у, – фæцарæхсти йæм Абырæджы фырт. Йæхæдæг та хъуыдыты ацыд: «Лидзын хъæуы ардыгæй. Ам мæ куы ссарой, уæд мæ фæстæмæ нæхимæ балæууын кæндзысты æмæ, банкæй цы кредит райстон, уый дæр мæ фидын бахъæудзæн. Фæлæ кæдæм? Цæй цы мын у. Боцъотæ æруадздзынæн».

Бæттал тызмæг уавæрты схъомыл æмæ йæ фыдау советон цардарæзтæй йæ удхæссæг уыдта. Путины та нæ уарзта, бынæттон хицауадыл цы хъæстытæ фыста, уыдонмæ йын кæй никуы æркаст, уый тыххæй. Доллæртæ йæм бирæ уыд, рагæй сæ æмбырд кодта. Цы гæртам иста, уый «цъæхтыл» ивта, 90-æм азты горæты хæдзæрттæ реставраци чи кодта, уыцы туркæгтæн. Æмæ ныр дунейы хъæздыгдæр бæстæтæй иуы уыдонæй уыд фæпайда кæнæн. Иу супермаркеты йæ цæст æрхæцыд уазалгæнæнтæ æмæ гæрзтæхсæн машинæтыл. Сфæнд кодта дæс сæ иутæй райсын, дыууадæс та – сæ иннæтæй, æмæ сæ Дзæуджыхъæумæ арвитын.

Сæ аргъ бафидынмæ сын кассæмæ æхца куы балæвæрдта, уæд саулагъз чызг доллæртæм æркаст æмæ йæ нарæг сау æрфгуытæ фелхынцъ кодта.

Цыдæр кънопкæйыл ныххæцыд æмæ пъæлицæ уайтагъд Бæтталы уæлхъус алæууыдысты. Йæ паспорт ын равдисын кодтой, стæй дзы иу уырыссагау загъта:

– Сэр, ваши доллары фальшивые. Следуйте за нами.

Абырæджы фыртæн йæ зæрдæ бахъарм ис. Дон ыл куы бакалдтой, уæд йе 'муд æрцыд æмæ сын загъта:

– Это турки, они обманули меня, это они дали мне...

Фæлæ йæм хъусæг нæ уыд. Дыууæ мæйы йæхи нæ ныддаста æмæ йыл хил рахæцыд, ысхъуынджын и. Уынгмæ йæ куы ракодтой, уæд æм иучидæр фæкомкоммæ æмæ ныхъхъæр кодта:

– Лидзгæут! Ай пысылмæтты цыфыддæр знаг Базарган у, – æмæ йыл автомат ауагъта.

Бæттал æрхауд æмæ йæ гæндзæхтæ ацагъта. Йæ фарсмæ лæууæг афицер уырыссагау загъта:

– Собаке – собачья смерть. – Æмæ йæ сæрты ахызт.

Ацы хатт Абырæджы фырт æцæг мард акодта. Уайтагъд йе 'нæдаст цæсгом фæзынд Иугонд Араббаг Эмиратты телеэкрантыл. Адæмæн хъусын кодтой, иу супермаркеты дуармæ урæд кæй æрцыд тæссаг рецидивист. Йæхи æмæ пъæлицæйæгты ысрæмудзынмæ куыд хъавыд, афтæ йыл уыдон автомат ауагътой, æмæ дæ балгъитæг афтæ.

*КОКОЙТЫ Махар*

# ДЫУУÆ ÆМДЗÆВГÆЙЫ

## СЫВÆЛЛОНЫ АЗТÆ

Сывæллоны дзæбæхдæр азтæ,
Куыд тагъд фæтары стут фынау?
Ныууагътат мæ нæ кæрты хъазгæ,
Цыма æрцыдыстут хуындзау.

## ХÆРЗБОН

Фæцæф дæн дæ цæстыты зулæй,
Фæцавддур дæн, нал дæн дзырдхъом.
Дæ цуры уæнтæхъил, сæркъулæй
Æрлæууыдтæн, чызгай, мæ бон.

Мæ дидинты баст мын кæд айстай,
Уæддæр æм тызмæгæй кæсыс, –
Æндæримæ д' амонд ысбастай,
Мæ црд дæ, зæгъгæ, йын зæгъыс.

Хæрзбон ныр, фæцæуын æнкъардæй, –
Уæддæр дын мæ зæрдæ зæгъы,
Куыд бафсæдай амондæй, цардæй
Æнæнымæц азты дæргъы.

*ХУЫБАТЫ Никъала*

# НÆЙ ÆНÆ УАРЗГÆЙÆ ЦАРД

* * *

Уарзт у хин æмæ кæлæн.
Уый цы нæ кæны лæгæн?
Базырджын дзы фестдзæн лæг –
Арвыл уарийау тæхдзæн.

Аргъ ын чи зона æрмæст, –
Амондæй уыдзæн æфсæст.
Науæд сæмбæлдзæн æваст
Зæххыл дойнаг дурау раст.

* * *

Нæй æнæ уарзгæйæ цард,
Амонд дзы фæлидзы дард.
Уарзгæйæ та цард мыдау
Ратты ‘взонг удтæн Хуыцау.

* * *

Тыхнадæй голлаг уа, гуыбын, –
Нынннæрсы, райдайы хъæрзын.
Цæрай æнæнизæй цæмæй, –
Æмбæлы алцыдæр бæрцæй.

*ЦОМАРТАТЫ Дунетхан*

* * *

Тарф фынты арæх кæй уыдтон,
Бон-иу кæй агур зылдтæн,
Уый кæд æппындæр нæ зыдтон, –
М' амонд æнхъæл ын уыдтæн.

Федтон æд фæндыр уый хъазты, –
Диссаг уыд, диссаг йæ цагъд.
Стæй дын сæхимæ фæраст и,
Кодта ныййарæгмæ тагъд.

Сагъæсты бахауд мæ зæрдæ,
Хъизæмар басыгъта мæн.
Сау чызгмæ кастæн æнхъæлмæ,
Фæлæ бæллицсайд фæдæн.

Зилын ныр алкæд йæ фæстæ, –
Оххай, нæ йыл хæцы цæст.
Цоппай мын баззад æрмæстдæр,
Сусæг уарзт – риуы æмбæхст.

*2014*

*КЪОРАТЫ Зæлинæ*

* * *

*Мæ мад Джусойты Марияйæн*

Мæ уæздан мад, дæ фæлмæн къухтæ
Фыргуыстæй сты фæллад.
Ды махыл узæлыс æдзухдæр,
Ды дæ нæ хæдзары бæркад.

Æххæссыс алкæуылдæр хурау,
Вæййæм дæ хъармæй мах рæвдыд.
Ды дæ мæнæн зынаргъ мæ удау,
Ды мын – цыкурайы фæрдыг.

*БЯЗЫРТЫ Димитр*

# ГУАЦЪÆТÆ ÆМÆ СХЪÆЛАТÆ

*Таурæгъ*

Схъæлатæ æмæ Гуацъæтæ иугæр зынгхицæн куы фесты, алчи сæ йæхицæн хицæн бындур кæнын куы райдыдта, уæд зæрдæйæ дæр фæхицæн сты. Мæнг нæ акæнынц нæ ирон адæм, кæрдзын куы асæттай, уæд нал ныхæсы, зæгъгæ. Гъе æмæ дыууæ фыдыфырты дæр кæрæдзийы рæстмæ нал æмбæрстой.

Схъæлайæн уæрсты фæстæ йæ зæнæг ауæрæх. Иу фыдбылызы гуырд ын райгуырд, Дзебыс, зæгъгæ, йæ ном. Хылмондаг æмæ æхсарджын уыди Дзебыс. Йæ тæссæй æгас Багатæ æмризæджы рызтысты. Ноджы диссаджы амондджын фæци. Рацыд ын зæнæг – цыппар фырты. Уыцы заманы лæгджын ныфсджын æмæ æхсарджын уыди. Дзебысæн йæ цыппар фырты дæр йæхийау фыдбылыз, хылмондаг рауадысты. Æнæхъæн Чеселтгом дæр сæ фæлмæцыд уыдысты.

Дзебыс буц уыд йæ зæнæгæй. Цæмæ æнхъæлмæ каст, ахæм фырттæ йын рауадысты. Иудадзыг æхсары сæрыл лæуд уыдысты. Ныхасмæ-иу куы фæзынд, уæдиу æппæлæгау дзырдта:

– Лæппутæ дзы мæ фыртты хуызæттæ схъомыл хъæуы, науæд Гуацъæйы байзæддаджы цы нæлтæ рахъомыл, уыдон та цы сты: уалдзыгон цола галау, дзедзылойтæгæнгæ рацæйхилынц сæ хæдзæрттæй.

Хотыхæй та бынтон æнарæхст сты Гуацъæтæ. Нæлтæ куы рахъомыл уа уæзæгыл, уæд сæ тасæй хъуамæ дымгæ басабыр уа, быдыры дон йæ цæуынæй фенцайа. Науæд уæртæ Гуацъæтау хырх æмæ хырх æхсæвæй-бонæй.

Ахæм бæрзонд æмæ схъæл ныхæстæ-иу ралæхурдта Дзебыс ныхасы. Бæргæ-иу мæстæй тъæппытæ хаудтой, Дзебысмæ-иу чи хъуыста, уыдон, фæлæ æргом сдзурын ничи ницы уæндыд, æмæ-иу алчи йæ масты тула йæ хуылфы батайын кодта.

Гуацъæтæ, æцæгдæр, æхсары сæрыл лæуд нæ уыдысты. Уæвгæ, хъару, æгъдау æмæ лæджыхъæдæй цух нæ уыдысты. Счъилдысæй зæххы се 'рмттæ дардтой, сæ уæззау фыдæбоны сæхицæн æнæбары къæбæры фæрæз кодтой. Иудзырдæй, номхæссæн уыдысты кусынмæ, æрдхæрæн – къæбæр дæттынмæ. Фос, зæххæй дæр уадиссаг цух нæ уыдысты. Алчидæр семæ рæдау æмæ хæларæй царди. Уый та Схъæлатæм хардзау касти. Мæнгæй нæ акæнынц: хъулæттæ мады гуыбыны дæр вæййы. Гуацъæтæ дæр æмæ Схъæлатæ дæр сты Багатæй. Гуацъæтæ кусаг, адæмæн уарзон! Схъæлатæ æцæг схъæл æмæ хылмондаг. Сæ лæг-рæгъауы фæрцы – ныфсджын æмæ æхсарджын. Кусгæ, мыййаг, нæ кодтой, фæлæ искæй исбонæй исджын уыдысты, искæй зæххæй – зæхджын. Дзебыс æмæ йæ фырттæ зайæн хуым бафиппайдтой искæмæн, уæд-иу хуымы хицауы хуымы тæфтыл ауайын нал ауагътой. Æниу афæлвар æмæ сæм сдзурын бауæнд, мæ хуым у, зæгъгæ. Мæ хур акæн, ачъепп дын кодтаиккой дæ къубал. Хæтæнты цæуаг уыдысты, цæуаг, Дзебыс æмæ йæ цыппар фырты æмæ-иу афтидармæй хæдзармæ ницыхуызы æрыздæхтаиккой. Гъе æмæ се 'хсары фæрцы исджын уыдысты. Дзебысы хистæр фырт хуынди Хъандо, æгъуыстаджы уæйыг æй хуыдтой. Бакæсгæйæ дæр-иу адæймаджы уæнгты тас бауагъта. Йæ цæстæнгас знæт сырдау дзæгъæлтæ кодта.

Хъандойы хæд кæстæр Мырзæт уыди даргъгомау, йæ фезмæлд – арт. Тæргæ бæхæй-иу атæррæст кодта, стæй та-иу фæстæмæ саргъыл февзæрд. Уайгæ бæхæй милмæ нæ ивгъуыдта, фæлæ – æгъатыр, дурзæрдæ лæг.

Мырзæты кæстæр та Грига – рæстæмбис ас, æгъуыстаджы къæрных. Лæджы раз хæдзар дæр афистæг кодтаид æмæ йæ цæст нæ ауыдтаид.

Цыппæрæм фырт уыди сæ кæстæр – Илыкъ. Уый иннæты

хуызæн хъаруджын нæ рауад. Фæлæ йæ хистæр æфсымæрты ныфсæй ныфсджын уыди æмæ зæххыл дæр нæ хæцыд, æхсары сæрыл лæуд уыди уый дæр. Гъе æмæ иннæтау уый дæр стыр тас æвзæрын кодта Гуацъæты зæрдæты.

Цы дардыл дын нывæндын мæ таурæгъ! Схъæлатæ æмæ Гуацъæты ‘хсæн фыдæхдзинад ацайдагъ ис, уæдæ цы! Гуацъæты фыдыфыртты уынаффæгæнæг уæд Хъæцлæу уыди. Азтæй, стæй уæд зондæй дæр хистæр уыди Гуацъæйы цотæй. Мæ фыдæйиу фехъуыстон, авдыссæдз азы, дам, ыл куы сæххæст и, уæд, дам, амард. Ныр дæр ма йæ æмбисондæн æрхæссынц, зæгъгæ, мын Гуацъæты Хъæцлæуау стыр хæрнæг куынæ уыдзæн. Дæс æмæ ссæдз галы уыди æргæвст йæ хæрнæджы. Авд бæхæй та йын дугъ уыди, æмæ куыд дугъ! Æхсæвæддæйыл ацыдисты дугъонтæ, цæмæй дыккаг бон хæрнæджы æмгъуыдмæ æрбахæццæ уыдаиккой. Хъæцлæуы зæнæгæй иу Хæмыц хуынди. Хайджын уыд Хæмыц йæ фыдæлты зонд æмæ хъаруйæ. Куыстмæ æрдхæрæн уыди кæмдæр! Æппын фæллайын нæ зыдта. Æхсæвæй бон кодта. Гъе æмæ йæм цард йæ мидбыл худти. Фæлæ йæ иу æнамонддзинад баййæфта. Цæвиттон, цыбырцонг уыди. Хуыцау ын кæд æппæт дæр ралæвар кодта: фос, хуымзæххытæ, уæддæр сæхи æнамонд хуыдтой йæ ус Саучызгимæ, зæнæг сын кæй нæ уыд, уый тыххæй.

Хæмыц æдзух куывта Стыр Хуыцаумæ. Мадымайрæмæн йæ дзугты нарддæртæ нывонд кодта. Куывдтæ кодта. Дæснытæн йæ тугвæллойæ ницы ауæрста. Хосгæнджытыл зылди, фæлæ хæрз дзæгъæлы: лæг æмæ ус афтæ цыбырцонг æмæ æхсарцухæй æрвыстой сæ царды бонтæ. Куыд карджындæр кодтой, афтæ æнкъардæй-æнкъарддæр кодтой. Хæмыц-иу сагъæсгæнгæ дзырдта:

– Гъе, гормон, мæ хуыцауыхай, уæд мæ ахæм цыбырцонг æмæ æхсарцухæй цæмæн рафæлдыстай! Уæдæ æвзæргæнæг куынæ дæн, уæдæ мæ цæхх æмæ мæ къæбæр нæртонæй адæмыл куы уарын. Уæдæ давæг дæр куынæ дæн.

Æмæ цы! Æцæг лæг хуыдтой Хæмыцы. Нæ комбæстæ сæ йæ ус Саучызгимæ сæ рæдау æмæ сæ хæларзæрдæйы тыххæй фæрæты хъæдæй барст хуыдтой.

Иу изæр лæг æмæ ус сæ хуыссæны сæхи куы ‘руагътой, уæд Хæмыц афтæ зæгъы Саучызгæн:

– Сатæ, мæ хур, цымæ кæмæн бынтæ кæнæм, цæмæн мæ

хъæуынц мæ фосы муртæ, мæ зæххы гæппæлтæ? Куы ‘рбамæлæм, уæд кæмæн зайынц? Æцæг нæ фыды цот бирæ сты, сæрбахъуыды сахат нæ уæлхъус æрбалæуудзысты... Фæлæ нын нæ арм чи фæрог кæна, нæ дзыхмæ нын дон чи бадара зæрыбон, иу ахæмæн исты фæрæз бакæнæм, Сатæ, цæмæй нæ иснæ бон нæ амæлæты фæстæ ма ныххæлæттаг уой, нæ хæдзар æдзæрæгæй ма баззайа.

Саучызг исдуг æдзынæг хъуыста Хæмыцы æнкъард ныхæстæм. Цармæ йæ цæстытæ ныйирд кодта, кæд æхсæвы тары уынгæ ницы кодта, уæддæр. Æмæ æрхæндæг хъæлæсæй афарста йæ лæджы:

– Æмæ цы радавинаг дæ, нæ лæг? Нæ хуыцауыхай нæ афтæ æнамондæй рафæлдыста, нæ нын батæригъæд кодта, æмæ цы кæнæм?..

– Гъе æмæ, Сатæ, мæ хур, мæ сагъæстæ дæр ууыл сты, ууыл. Фæлæ ма иунæг хъуыды æрцыди мæ сæрмæ, æмæ кæд исты рауайа, уæд уый хуыздæр, кæннод... Дæлæ мын Карелы хæрæфырттæ ис. Æцæг сæ зонгæ дæр нал кæнын, мæ фыдимæ сæм раджы кæддæр уыдтæн хæрзчысылæй. Фæлæ сын зæнæг кæмдæр ауæрæх мæ хæрæфырттæн. Цæй æмæ сæм тæккæ райсом фæцæуон æмæ мын кæд сæ зæнæгæй иу æнахъом саби бахæлар кæниккой. Нæ бындуртæ йын хъæдæй, дурæй, фæллойæ хæларæй ратдзыстæм. Уæддæр хи туг, хи стæгæй уыдзæн æмæ нын кæд мад æмæ фыды аргъ кæнид, хи хъæбулау нæ рæвдауид. Науæд кæсыс, куы нæ уыгæрдæнтæй мæкъуылтæ аластæуы, куы нæ дзугтæй æрбайсæфы, æмæ чи сты, уый бæргæ зонын, фæлæ, иуæн – дыууæ ‘фсад, мæ хæдзар, лæгцух æхсарцух у. Дзебыс æмæ мын йæ фырттæ халынц мæ хæдзар. Мæ фосæй сойбыл сты, мæ хостæй – хосджын. Æмæ нæ фыдыфырты лæгтæн кой дæр нæ уæндын. Уымæн æмæ уæд туджы зæйтæ ацæудзæн нæ уæзæгыл æмæ æлгъыстаг фæуыдзæн мæ зæронд къоппа.

Æмбисæхсæвæй аивгъуыдтаид, уæддæр Хæмыц æмæ йæ ус сагъæстæ кодтой. Саучызджы разы-иу цыма февзæрди чысыл саби. Цыма-иу æм йе ‘рмттæтилгæ ‘рбауад æмæ-иу ыл йæхи æрбаппæрста. «Гыцци, гыцци», зæгъгæ-иу сдзырдта. Фæлæ-иу йæ хъæбыс æхсæвы тары куы æрысгæрста æмæ-иу дзы лæггаг куынæ разынд, уæд-иу арф æрхæндæг улæфт ныккодта, бакатай, басагъæс-иу кодта:

– Ехх, сылгоймагæн йæхи бынæй куынæ скæуа лæппу, уæд ын йæ лæппу чи хъуамæ ратта! Мыййаг, æлвисæн уæдæртт куынæ у.

Æхсæв Хæмыц æмæ Саучызджы сагъæстæм хъусынæй куы сфæлмæцыд, бæрзонд хæхты цъуппыты фæстæмæ йæ пæлæз куы аласта, бон та йæ цъæх цæстытæй куы ‘рбакаст уæлæ Хъемултайы сæрмæ Хъеллауы хохы сæрæй, уæд Хæмыц дæр фестад йæ хуыссæнæй, бæхыл саргъ авæрдта. Цъиутæ, цыма Хæмыцы йæ дард балцы фæндараст кодтой, уыйау сæумæрайсомæй диссаджы зарджытæ кодтой. Хæмыц арæвдз кодта бæх. Хордзентæ саргъыл æрфидар кодта, æвзонг лæппуйау бæхмæ йæхи систа. Бæхы рохтæ галиу къухмæ райста, рахизæй йæ сау фысдзарм худ систа æмæ йæхинымæры скуывта фæндагсар Уастырджимæ.

Æртыккаг бон ныххæццæ Карелмæ йæ хæрæфырттæм. Рæстмæ сæ зонгæ дæр нал кодта, фæлæ хъæуы куы афарста, уæд æй уайтагъд сæмбæлын кодтой йæ фысымтыл. Йæ хо æгас нал уыдис, раджы фæхъуыд, фæлæ йыл йæ хойы лæппутæ тынг фæцинтæ кодтой. Кæрæдзи хабæрттæй фæфарстой. Стæй Хæмыц йæ хæрæфыртты хистæр Бедзийæн æркодта йе ‘рцыды хабар. Загъта йын:

– Гъайæппæт сывæллæттæй мын иу раттут. Цалынмæ мæ сæр удæгас уа, уæдмæ йæ схъомыл кæнин, æмæ мæ бындуртæ нæ ныххæлæттаг уаиккой.

Бедзи арф хъуыдыты афардæг. Тынг батæригъæд кодта йæ мадыфсымæрæн æмæ йын афтæ зæгъы:

– Мæ зæнæджы зæнæг æгæр фæас сты, æниу дæ кæцы хъæуы, уый акæн, уæддæр сын æз сæ хæссыныл тынг тыхсын. Фæлæ дын хуыздæр уаид, Хæмыц, йæхи рæстмæ чи нæ зоны, ахæм æнахъомы куы ахæссис.

Хæмыц фенкъард Бедзийы ныхасмæ æмæ æнæбары загъта:

– Чи ратдзæн мæнæн йæ сывæллоны?..

– Кæд дын иунæг Хуыцау æххуысгæнæг уа, уæд фæзындзæн, нырма æнахъом чи у, ахæм сывæллон. Мæнæ нæ сыхы иу хæдзары бинонтæ бынысхъуыд аисты, æрмæст ма авдæны иу саби баст уыди æмæ удæгасæй аирвæзт, иннæтæ, мæгуыр сæ бон, бындзагъд фесты. Чи сын цы зоны, иунæг Хуыцауæй дарддæр, цы сæм рауад, фæлæ сæ фыртыхстæй цыдæр марг кæй бахордтой æмæ иу рæстæджы уымæй кæй ахицæн сты се ‘намонды цардæй, уый гуырысхойаг нæу.

Куыд, цы, фæлæ дын Хæмыц фæфæндараст æмæ уыцы тæригъæддаг сывæллоны Хъемултамæ ‘рбахаста. Кæд уыцырдæм цæугæйæ æртæ боны бахъуыд, уæд фæстæмæ æрмæст бафæстиат дыууæ боны. Фырцинæй кæуылты æрбахæццæ, уый фиппайгæ дæр нæ бакодта. Сывæллоны-иу асгæрста, хатт-иу фенæууæнк, чи зоны, уыцы æнамонды бинонтæ исты низæй аскъуыдысты æмæ мын исты куы кæна. Фæлæ-иу æм æнахъом саби йæ дынджыр сау цæстытæ куы байгом кодта, уæд-иу бахъæлдзæг. Сæ кæртмæ куы схæццæ Хæмыц, уæд йæ бæх фæурæдта, хæдзармæ бадзырдта:

– Уæ, Сатæ, кæд хæдзары дæ, уæд-ма рауай, мæ хур, мæнæ сывæллоны айс!

Саучызг Хæмыцы хъæбысы, æцæг, чысыл лæппу куы ауыдта, уæд фæсонтау. Йе ‘рмттæ фæйнæрдæм байтыгъта! Цавæрдæр цины хъæр фæкæныны æввонг йæ дзых байгом кодта... Æмæ уыцы хуызæнæй йæ мидбынаты лæугæйæ баззад. Иудзырдæй, чи йæм бакастаид, уый æнæмæнг загътаид, зæгъгæ, Саучызг сæрра. Хæмыц дæр æм дисгæнæджы цæстæй иудзæвгар фæкаст, стæй йын хъæлдзæгæй загъта:

– Æвæццæгæн, сывæллон ахуыр нæ дæ æмæ дзы фæтарстæ.

Саучызг уæлбæхмæ фæлæбурдта Хæмыцы хъæбысмæ æмæ æнахъом сывæллоны скъæфæгау ракодта. Йæ риумæ йæ балхъывта. Йæ хус дзидзи йын йæ дзыхы акодта.

Сывæллон дæр зыдæй ададта дзидзи. Фæлæ дзы йæ хъуырмæ куы ницы цыди, уæд æй раппæрста йæ дзыхæй. Саучызг зæрдиаг пъатæ æмæ хъæбыстæ фæкодта йе ссаргæ хъæбулæн æмæ йæ хæдзармæ бадавта.

Бонтæ цыдысты, уæдæ цы уыдаид, Хæмыцы кæнгæ фырт, мæнæ аргъæутты цæйау фæдзурынц, æхсæв уылынг рæзыди, бон – уыдисны. Саучызг æмæ йæ Хæмыц зæхмæ дæр нæ уагътой. Алы хорз дзаума йын æлхæдтой. Хуыздæр номæн ын равзæрстой Баймæт. Йæ бакастæй бæрæг уыди, хъаруджын лæг дзы кæй рауайдзæн, уый. Æмæ кæд æгас Гуацъæйы фыдыфырт райгонд уыд Баймæтæй, уæд Дзебыс æмæ йæ фырттæ та тарзæрдæ æмæ æлхынцъæрфыг кодтой рæзгæ лæппуйы хъæлдзæг æмæ ныфсджын уындæй.

Дзебыс-иу йæ фырттæн бакодта:

– Уыцы кæйдæр дзæгъæл къæбылайы искуы фæхурх кæнут, науæд куы бахъомыл уа, хотыхтæ хæссынмæ куы фæуа, уæд уын Хæмыцы дзугтæй æнцонæй æрбаргæвдæн нал уыдзæн.

Азтæ кæрæдзи ивтой. Баймæт байрæзт, бахъомыл. Диссаджы лæг дзы рауад. Æхсæрдæсаздзыд Баймæт лæгцух хæдзары змæлын райдыдта, лæджы куыстытæ йæхи ‘вджид бакодта. Йæ фосы дзугтыл-иу сæрвæтырдæм куы ахъæр кодта. уæд-иу дзы Хæмыцы зæрдæ фырцинæй хуры фарсмæ абадт. Йæхи дзæгъæл, æнæхицау, цыбырцонг æмæ æхсарцух нал хуыдта.

Баймæт-иу раст уæлæ Къахыры фæтæссаргæнæнæй йæ фос куы фæфале кодта, уæд-иу йæ хъæлæсыдзаг ныззарыд, æмæиу уæртæ Тæрсджыныкомы цыма исчи мырмырæгтæ бацагъта, афтæ-иу йæ зарын кæмтты зæллангæй азæлыд. Фæлæ иу изæр йæ хъæлдзæгдзинад æрбайсæфт. Фос хизæнуатæй æртардта æмæ сæ кæрты бакодта. Йæхæдæг хæдзармæ бацыд æмæ йæхи тæрхæгыл мæсты ‘ппæрст æркодта, хъыпп-сыпп нæ хауы йæ дзыхæй. Йæ цæсгом фырмæстæй артау пиллон уагъта, хурхуадындзтæ ныддæнгæл сты.

Саучызг тæгæр къæрта райста æмæ йæ фос дуцынмæ рацæйцыди. Фæлæ Баймæты ахæм хуызæнæй куы федта, уæд къонагæрон къæрта зæхмæ æрæппарæгау кодта. Бауад Баймæтмæ, йæ хъæбысы йæ ныттыхта æмæ йæ афарста:

– Дæ нывонд фæуа мæ сæр, мæ хъæбул, исты дæ, мыййаг, риссы æви мын фæллайгæ бакодтай?

Фæлæ лæппу йæ мады фарстæн ницы дзуапп загъта. Уæд ус тынгдæр басагъæс кодта:

«Дæ-дæ-дæй, кæд мын исчи мæ цард æрбайхалынмæ хъавы?» – æмæ та йæм лæгъстæгæнгæ дзуры:

– Уæдæ цæмæн æнкъард дæ, мæ зæрдæдарæн?

– Рынчын бæргæ нæ дæн, фæллайгæ дæр нæ бакодтон, нана. Фæлæ абон хур бæрзæндтæм йæхи куы систа, уæд æз дæр мæ фос ривæддонмæ æрбаздæхтон æмæ мæхицæн уадындзæй цагътон. Мæ уæлхъус Дзебысы лæгбирæгътæ дыууæйæ февзæрдысты...

– Кæцытæ уæд? – афарста йæ ус.

– Хъандо æмæ Мыртаз. Фосыл сæ цæст ахастой. Мæнмæ зулаив æрбакастысты, стæй уæд Хъандо Мыртазмæ фæхудт æмæ йын загъта: «Уæртæ, кæсыс, – ацамыдта ехсæй нæ бурæфцæг нæл фысмæ, – Рагъыдзуарæн æй снывонд кодтам айразмæ. – Æрхиз æмæ йæ рацахс». Мыртаз дæр йæ бæхæй æргæпп ласта, фысыл йæхи знæт сырдау ныццавта æмæ йæ рацахста. Æз мæ уадындз аппæрстон, фысы сыкъатыл фидар

ныххæцыдтæн. Хъандо уый куы базыдта, нæ йын æй ауадздзынæн, уæд æргæпп кодта уый дæр бæхæй, ехсæй мыл ралæууыд æмæ мын афтæ: «Айс дæхи, кæйдæр дзæгъæлзад, науæд дæ ныртæккæ фысы ‘фсон сæргæвддзыстæм». Æз уæддæр нæ фæтарстæн, фæлæ мæм, ме ‘намондæн, нæ кард фæци, нæ – хъыримаг, æндæра сæ æвыдæй нæ ныууагътаин. Гъе æмæ мын мæ фысы аластой уыцы сырдтæ, – фæци Баймæт йæ ныхас æмæ йæ цæстытæ мæсты æрттывд фæкодтой. Йе ‘взонг зæрдæйы фыдæхы дзæкъул атымбыл.

– Мауал дæхи ‘фхæр, мæ зæрдæ, иу фыс бирæгъ дæр аскъæфы.

– Нæ, нана, æгæр-æгæр кæнынц уыцы налæттæ, æмæ сын æз дарддæр нал ныббардзынæн.

Саучызг йæ ризгæ цæнгтæ атыхта Баймæтыл æмæ кæуынæмхæццæ дзуры йæ хъæбулæн:

– Уый фæнд ма скæн, фæлтау дæ хъомылгæнæджы баныгæн. Уыдонимæ хæцæн нæй, æгас комбæстæ сæ æмризæджы ризынц, уæд сын ды цы ракæнинаг дæ, мæ хъæбул. Уæлæ сын Стыр Хуыцау кæд нæ ныххатыр кæнид нæ тæригъæд.

Хæмыц изæры куы базыдта, зæгъгæ, та йын йæ нывонд фысы сæхи бакодтой, уæд йæ маст адæнгæл. Масты фæйлауæн сæрымагъзмæ судзгæ æхсидæвтæ скъæфта. Зæрдæ адур. Цæстытæ цæхæртæ акалдтой. Йæ уæнгтæ барызтысты. Йæ куыстуарзаг æнгуылдзтæ фæтымбыл сты. Фæлæ цы бакæна, йæ масты фæдыл бæргæ ацæуид, иу дыууæйы дзы бæргæ ‘рбамарид, йæ маст бæргæ райсид, нырмæйы мæстытæн кæрон бæргæ скæнид, фæлæ, цард-цæрæнбонтæм цæмæ фæбæллыд æмæ нырцы ссарæггаг лæппуйы бахъомыл кодта, лæджы бындзæфхад чи сси, æхсæрдæс азы кæуыл сæххæст æмæ ас лæгау зонддзын хуыз чи ‘вдисы, йæ иу бакастæй дæр йæ зæрдæ буц кæмæй у, уыцы Баймæты йын лыстæг къуыхтæ скæндзысты. Цæй, фæлтау мацы ской кæнон уыцы лæгбирæгътæн. «Уыцы фысы уæрыкк ма фæуæд туджы зæйы райдиан», – загъта йæхицæн Хæмыц.

Ралæууыд Рагъыдзуары бон. Алы хъæутæй ног æмæ рæсугъд дарæсты адæм цыдысты дзуармæ. Дзуары бын дынджыр тæгæр бæласы бынæй зарыны хъæр, хъæлдзæг уынæр хъуысти. Дзаджджын уæливыхтæ тæгæр тæбæгъты адæргъ сты зæлдаджы хуызæн кæрдæгыл. Алчи-иу дзуары алыварс æртæ зылды бæгъæмсарæй куы ‘ркодта, уæд-иу нæууыл æрбадт. Æнхъæлмæ кастысты адæмы æрæмбырдмæ.

Куывддон адæм сæ цæуынæй нæ цух кодтой. Хъæцлæу сын иста сæ тæбæгътæ, зæрдиагæй сын-иу акуывта. Раст-иу Зикъарайы бын Бурсамдзелийы хохæй райдыдта зæдтæн кувын æмæ-иу дæлæ быдыры зæдтыл фæцис. Æмбисбонмæ æввахс адæм сæ цæуынæй фенцадысты.

Уæливыхты сой хуры тынтæм æнхъæвзæнтæ кодта. Цæмæй физонджытыл бындзытæ ма бадтаиккой, уый тыххæй сыл цъæх сыфтæ æмбæрзтой. Уалынмæ Хъæцлæу йæ лæдзæджы æнцæйтты дзуары кувæндонæй æрбацыди бадæн фæзмæ.

Адæм сæ бынæттæй сыстадысты. Сылгоймæгтæ иуварс алæууыдысты æмæ Хъæцлæуы йæ бынаты æрбадын кодтой. Уый фæстæ алчи йæ рады æрбадти цъæх кæрдæгыл æмæ сын уырдыглæуджытæ сæ разы æвæрдтой дзадждждын уæливыхтæ, уæрстой нард фысы фыдæй физонджытæ. Зарды хъæлдзæг зæлтæ кæмтты нæрыдысты.

Гаджидау гаджидауы ивта. Сау бæгæны тагъд-тагъд хастой рæгъгæнджытæ æмæ сыл рæгъытæ систой. Иудзырдæй, адæмы цинæн зæгъæнтæ дæр нæ уыди.

Цæвиттон, Дзебыс æмæ йæ фырттæ дзуармæ нæма ‘рбацыдысты, æмæ уый тыххæй уæлдай хъæлдзæгдæр уыдысты куывддон адæм. Фæлæ уæдмæ дзуармæ фæзындысты Дзебыс æмæ йæ фырттæ. Адæм сын æнæбары арфæ ракодтой æмæ сæ æрбадын кодтой, уæдæ цы!

Дзебысы раст Хъæцлæуы дæллаг фарс æрбадын кодтой æгъдаумæ гæсгæ. Ногæй та минас райдыдтой. Кæстæр фæсивæд сæ бадæнтæй фестадысты æмæ минасгæнджытæй чысыл æддæдæр хъазт сарæзтой. Къæрццæмдзæгъд хæхтæ арыдта. Ас адæмæй ма чи йæ бадæны бадт, чи та хъæдырдæм йæхи аирхæфста. Иудзырдæй, бадт фæкъахыртæ.

Дзебысы фырттæ хорз сæхи куы федтой хæрд æмæ нозтæй, уæд фестадысты æмæ сæ кæрæдзи уæхсчыты сæрты сæ къухтæ ауагътой, афтæмæй иуварс ауадысты. Цæуылдæр сусæгæй тæрхон кодтой. Бæрæг уыди, кæйдæр цырын артыл та ихджын дон бакалынмæ кæй хъавынц. Æмæ алчидæр йæ хотыхтæ цæттæ дардта.

Дзебыс хинæйдзаг худт бакодта æмæ Хæмыцæн афтæ зæгъы:

– Уæллæй, диссаджы нард тохъыл уыди дæ тохъыл, дæ хорзæхæй, нал дæм дзы ис?

Хæмыц фырмæстæй рафыхт. Æнгуылдзтæ хъамайы хæцæныл

андæгъдысты. Цæстытæ анæрстысты. Уынгæ ницыуал акодта, фæлæ уал йæхи тыхурæд ныккодта. Уый нæ, фæлæ йæм цыма Дзебысы дзырдтæ бынтондæр нæ бахъардтой, афтæ йæхи равдыста æмæ йын загъта:

– Уæ, Дзебыс, айс мæ нуазæн. Иу туг, иу стæг стæм, кæд фыдыфырттæй хицæн стæм, уæддæр Багайы стыр мыггагæй стæм æмæ дæ фырттæн зæгъ: мауал мæ хъыгдарæнт. Мæ фосы дзугмæ сæ ницы хъуыддаг ис. Цæмæн мын æрцахстой мæ нывонд фыр, и? Мæнæ мын ацы зæдæн хæларæй нывонд куы уыди. Ма кæн, Дзебыс, сæ рохтыл сын æрхæц, науæд исчи дæр йæ мадæн лæппуйæн райгуырд.

– Æмæ цы дæ зæрды ис, Хæмыц? Дæ кæвдæсард къæбылайæ æртхъирæнтæ кæныс мæ цыппар фыртмæ?

Гъæйда-мардзæ, нал бабыхста Хæмыц. Йедзаг дзæбидыр Дзебысы былтыл фæкодта. Уый фæстæ йæ æрбынæй кодта æмæ ныхъхъæр кодта:

– Ацы дзуары цæхæрæй басудзæд, мах чи баиргъæва. Уадзут нæ, æмæ бавзарæм!

Адæм сæмхæццæ сты. Дыууæ къорды фесты. Иутæ сæ иргъæвын фæуагътой, карз дзуары цæхæртæй фæтарстысты. Иннæтæ ма уæддæр иргъæвынц.

Хæмыц хъама фæцъортт ласта, хъуамæ йæ Дзебысы тæнты атъысса, фæлæ йæ уайтагъд Дзебысы цыппар фырты ацахстой. Йæ хъама йын йæ къухæй стыдтой, лыстæг къуыхтæ йæ скодтой. Уый фæстæ сæ хъаматæ сæ зæнгæйттыл асæрфтой æмæ сæ сæ кæрддзæмты нытътъыстой.

Адæм Хæмыцы мард систой æмæ йæ йæ хæдзармæ ‘рхастой. Сыхæгтæй ма дзуары чи нæ уыди, уыдон дæр æрбамбырд сты æмæ фæкуыдтой Хæмыцы тæригъæддаг мардыл. Уый фæстæ йæ сау зæххы хъуыры ауагътой, æмæ алчи йæ хæдзармæ фæцыд. Саучызг ма зæрдæхалæн хъарджытæ кодта уæддæр Хæмыцыл. Мæрдтæм æм дзынæзта.

Æппæт хæдзары хъуыддæгтæ, нæлгоймаджы куыстытæ æрæнцадысты æнахъом Баймæты уæхсчытыл. Æвзонг уæвгæйæ, куыстæй нæ фæллад. Йæ цонджы хæцъæфтæ-иу хъыбылы мардыйæстæ фæтымбыл сты. Йæ цæвæджы рариуыгъд нæ хæццæ кодта æндæртимæ. Йæ мæкъуыламад, фидар хохау, æнæфæцудгæ лæууыди уыгæрдæны.

Кæд марды кæндтæн бирæ фæхардз, фæфæлхас кодтой Сау-

чызг ӕмӕ Баймӕт, уӕддӕр Баймӕт йӕ хъаруйы фӕрцы хӕдзар фӕцудын нӕ бауагъта. Ӕдзух уыди йӕ куысты уӕлхъус. Азтӕ цыдысты тар ӕмӕ ӕрхӕндӕгӕй. Фӕлӕ дыууӕ фыдыфырты ‘хсӕн туг ӕхсад нӕма ‘рцыд, ӕмӕ хӕрамдзинады дзӕкъул йӕ былтӕй калди. Пиллон калдта фыдӕхы арт. Гуацъӕтӕ мӕстӕй фӕйнӕрдӕм тъӕпп хауынц, Дзебысы фырттӕ сӕ мурмӕ кӕй нӕ дарынц, уый тыххӕй. Ӕгӕрыстӕмӕй, туг бафидыны кой кӕнгӕ дӕр нӕ кӕнынц.

Баймӕт ӕппӕтӕй дӕр йӕ лӕджы кары бацыд. Фындзы бын сатӕгсау рихитӕ дыууӕ дихы фесты ӕмӕ фындзы фӕрсты гӕзӕмӕ фесхъӕл сты. Саучызг йӕ лӕппуйы цинӕн Хӕмыцы мардыл тынг фыдох нал уыди. Фӕлӕ уӕддӕр йӕ зӕрдӕйӕ нӕ рох кодта. Арф-иу ныуулӕфыд, ӕмӕ-иу йӕхинымӕры ӕнкъардӕй загъта:

«Нӕ лӕг, Хуыцауы рынӕй мын куы фӕхъуыдаис, уӕд дӕ афтӕ нӕ дарин мӕ зӕрдӕйы. Фӕлӕ мын лӕгбирӕгъты кардӕй кӕй фӕмард дӕ, уый мын нырма мӕ зӕрдӕйы уидӕгтӕ судзгӕ хӕрдӕй хӕры. Фӕлӕ амӕлӕджы фӕстӕ чи баззайы, уый цӕмӕй знаджы фӕндиаг ма фӕуа, уый тыххӕй йӕ царды кой кӕнын уӕддӕр фӕхъӕуы».

Хӕмыцы мардыл ныр ӕхсӕз азы рацыди, фӕлӕ Баймӕт йӕ былы бын худыны сӕраппонд никуы базыхъхъыр кодта. Никуыуал базарыд йӕ зӕлланг хъӕлӕсӕй. Куыд цыди йӕ лӕджы essential кармӕ, афтӕ йӕм ӕгадӕй-ӕгаддӕр касти, нырма йӕ фыды туг кӕй нӕ райста, уый. Саучызг – ӕмбаргӕ сылгоймаг, зындзинады фӕлтӕрд адӕймаг, сфӕнд кодта йӕ лӕппуйӕн ус ӕрхӕссын, кӕд афтӕ ӕнкъардӕй нал цӕуид, зӕгъгӕ. Иуизӕр сӕ хъӕуы хистӕр зӕронд Хъӕцлӕумӕ барвыста, цӕмӕй сӕм иучысыл абада. Хъӕцлӕу йӕ чындзы дзырдыл дыууӕ нал загъта ӕмӕ бацыди Саучызгатӕм.

Саучызг кӕд ацӕргӕ сылгоймаг уыди, уӕддӕр Хъӕцлӕумӕ уайсадгӕ кодта ӕмӕ йын къухты ‘мхасӕнтӕй бамбарын кодта, зӕгъгӕ, нӕ зианы фӕстӕ ныр уал азы рацыд ӕмӕ мӕнӕ ацы лӕппуйӕн бинонтӕн исты амал скӕнӕм.

Хъӕцлӕу тынг зӕрдӕбынӕй байхъуыста Саучызгмӕ. Кӕд ын йӕ дзырдтӕй бирӕты нӕ фехъуыста, ӕгӕр ныллӕг хъӕлӕсӕй кӕй дзырдта фырӕфсӕрмӕй, уый тыххӕй, уӕддӕр бамбӕрста, Саучызджы зӕрдӕйы цы фӕндтӕ ӕмӕ хъуыдытӕ ис, уыдон. Ӕмӕ йын загъта:

– Хорз, мæ чындз, хорз! Фæлæ афæрстытæ кæнæм. Акæсæм, æмæ дын уæд уый фæстæ зæгъдзынæн. Чи зоны уын уæхицæн искуы исты бацамындæуыди, уæд уый та – хуыздæр.

Саучызг йæ сæр банкъуыста, нæ, нырма ницы зонæм, ахæмæй, зæгъгæ.

Баймæт йæ мады фæндыл цæхгæр «нæ»-йыл ныллæууыд:

– Мæ фыды цæсгом цалынмæ ссыгъдæг кæнон, уæдмæ мæм, гыцци, ахæмтыл дзургæ дæр мауал скæн. Мæн Дзебысы фырттæ кæвдæсардæй тонынц, фысы аргъ дæ, зæгъгæ, мыл худынц, æмæ бавзарæм.

Саучызг уырдыг фестад, Хъæцлæуæй дæр нал фефсæрмы кодта, атыдта æфсармы фидар тæлы, ныккуыдта æмæ Баймæты раз йæ уæрджытыл æрхауд:

– Æмæ дын æз уымæй куы тæрсын, мæ хъæбул, цæмæй туг райсыныл ма ныллæууай, æмæ дæ мад уынджы къæйыл кæугæ æмæ ниугæйæ ма баззайа.

Хъæцлæу йæ фидар зонды руаджы æрсабыр кодта Баймæты. Æппæтдæр ын загъта, æнхъæлмæ уал кæй кæсы.

– Науæд мæ фырттæ æмæ мæ фыртты фырттæ дæр сарæхсдзысты. Афтæ æнхъæл ма ут, мæ хуртæ, æмæ ме ’фсымæры фырт Хæмыц мæнæй байрох. Нæ, уый нæ уыдзæн, фæлæ уал сын сæхи намысмæ кæсын. Нæ мæ фæнды, цæмæй не ’хсæн уæлдай туг акæла æмæ ма нæ фыдыфырттæй исчи мæрдтæм аивгъуыйа.

Куыд, цы, фæлæ Баймæтæн бинонтæ æркæныныл ныллæууыдысты.

Хъæцлæу йæ хистæр фырты барвыста уæртæ Цадыхъæумæ. Уым иу æгъуыстаджы бонджын лæг Бигъамæ уыди чындздзон чызг. Исджын æмæ царддجын уыди Бигъа. Фæлæ æнæфсисгомау уыд, йæхицæй æппæлын та йæм мыдыкъус сдæрæгау касти.

Бигъа æмбæрста, йæ дæндаг цæуыл схæца, ахæмæй Баймæтмæ æппæтдæр кæй разындзæн, уый. Ирæд æвæстиатæй ратæрдзæн, æмæ уыцы заманы ирæд ссарын алкæй бон нæ уыди.

Бигъа минæвар Дотийæн загъта:

– Гуацъæты æз æппæтæй дæр зонын, фæлæ ауынон лæппуйы. Кæд ма Хæмыцы цæджындзыл цы цырагъдарæн ис, ууыл ма цырагъ афтæ цыренæй судза, сæ къултæм ма сæнæрттæ рæдзæгъдæй лæууынц, уæд ауынаффæ кæндзыстæм.

Доти æнæфсис лæджы хъуыды бамбæрста æмæ йын загъта:

– Ирон фæтк æмæ намыс мах, мыййаг, не скодтам. Гъе æмæ сæ сафгæ дæр нæ кæнæм. Дæ ирæдмæ дын чи цы бар дары?

Чызг къонагæрон уырдыг лæууыд. Фырæфсæрмæй йæ цæсгом туджы разылд. Йæ фидауцджын уæнгтæ барызтысты æмæ уынгмæ йæхи фæцæуæг кодта. Йæ фыдмæ фæфыдæх æмæ мæстыхуызæй йæхинымæр бахъуыр-хъуыр кодта:

«Гормон фæуай, мæ фыд, уæд та уыцы лæгæн афтæ куы загътаис, мæ чызджы кæмæ дæттын, уый уал фенæм, науæд ды та ирæдыл куы райдыдтай дзурын».

Джиуæргуыбамæ раст мæйы бæрц уыди, афтæ Баймæт нысангарз схаста Цадыхъæумæ.

Бигъа сæм тынг хæларæй равдыста йæхи. Цыты уазджыты лæггад сын кодта. Баймæт-иу аивæй бакаст Сурандомæ æмæ-иу йæ уæнгтæ адон сты. Сурандо дæр цæмæ æнхъæлмæ каст, ахæм лæппу йæм æнæнхъæлæджы фæзынди. Кæрæдзимæ-иу сæ мидбыл фæхудтысты. Кæрæдзийæн-иу цæстæнгасæй адджын хъæбыстæ, арф цины улæфт ныккодтой. Баймæт йæ дамбаца райхæлдта æмæ йæ Бигъайæн балæвар кодта. Рацæуынмæ куыд хъавыдысты, афтæ Сурандо донхæссæн къæрта райста æмæ суадонмæ йæхи фæцæуæг кодта. Суадон тæккæ фæндаджы был ис.

Баймæт фæсте æдзынæг каст Сурандойы фидауцджын уæнгтæм. Йæ даргъ дзыккутæ-иу фæтæн синтыл куы банкъуыстысты, уæд-иу лæппуйы зæрдæ ныссæххæтт кодта.

Бигъа æмæ ма Доти цæуылдæр даргъ ныхас кæнынц, уый базонгæйæ, Баймæт, цыма ницы бафиппайдта, афтæ уæззаугай йæхи æриста суадонмæ. Сурандомæ хæрз хæстæг бацыд æмæ йын афтæ загъы:

– Дæ хорзæхæй, дæ донæй мын авæр!

Чызг йæ мидбыл фæхудт æмæ йын хъæлдзæгæй афтæ:

– Мæ къонайыл, æз та афтæ æнхъæл уыдтæн, дзурын бынтон нæ зоныс, – æмæ йæм доны къус авæрдта.

– Уæд цæмæн афтæ ‘нхъæл уыдтæ, мæ хуры хай? – афарста Баймæт.

– Уымæн æмæ ныр дыккаг бон нæ хæдзары дæ æмæ дæ сыбыртт нæ фехъуыстон.

Баймæт дон зыд нозт акодта æмæ йæм къус фæстæмæ авæрдта. Цыдæр загъынмæ ма хъавыди Сурандойæн, фæлæ уæдмæ тигъæй æрзынди Доти, æмæ сæ ныхас фескъуыдтой.

Сурандойы бæргæ нæ фæндыди Баймæтæй фæхицæн, фæлæ æндæр гæнæн нæ уыд, уæд æм йæ мидбыл бахудт æмæ йын зæгъы:

– Хорзыл амбæл, фæлæ та-иу нæ тагъд абæрæг кæн.

– Хорз, хорз, мæ царды хур. Ныр ардæм цæуынмæ зивæг никуы бакæндзынæн.

Хæтæнхуаг æфсымæртæ уайтагъд бафиппайдтой, зæгъгæ, Хæмыцы ‘лхæд фырт Сурандоимæ бафидыдта. Уæд Дзебысы хистæр фырт Хъандо йе ‘фсымæртæн загъта:

– Уæртæ уыцы кæвдæсард Цадыхъæуккаг Сурандойы æрдавинаг у, æмæ уæм уый куыд раст кæсы? Мæнæ Илыкъæн нырма бинойнаг нæй, æмæ нæ цæстуынгæйæ уыцы æлхæд ахæм рæсугъды куы ‘рдава, уæд нæ удæгас удæгас мауал уæд. Ау, уæндгæ та куыд кæны æнæмæтæй ус æрхæссын, нæ тасæй арв нæрын куынæ уæнды.

Куыд, цы, фæлæ йæ уæлвæд Хъандо бамидæг Цадыхъæумæ æмæ раст Бигъаты кæрты æрхызт бæхæй. Бигъа та уымæн дæр хорз балæггад кодта, хæрд, нозт ын йæ размæ ‘рхаста. Нуазæнтæ йын лæвæрдта. Цæвиттон, Бигъа афтæ æнхъæл уыди, зæгъгæ, мæнæ Багатимæ лымæн бакодтам æмæ нæм нæ ног лымæнтæ хонæг æрбарвыстой, цæмæй сæм ирæдисæг фæзынæм. Уæд-иу æнæ фысимы фæсидт чызджы фыд нæ цыди ирæд исынмæ. Фæлæ Хъандо æндæр хъуыдытимæ фæзынд ардæм. Ахъаззаг куы ныррасыг, уæд бухъхъытæгæнгæ загъта Бигъайæн:

– Хæрд, нозт хорз куыннæ сты, фæлæ уæм цæмæн æрбауадтæн, Бигъа, уый дын нæма рахабар кодтон.

– Дзур, дæ хорзæхæй, ног лымæнтæ стæм æмæ бамбардзыстæм нæ кæрæдзи.

Хъандо йæхи фæтар кодта Бигъайы ныхасыл æмæ йын ныллæг хъæлæсæй загъта:

– Дæ чызг арвау рæсугъд, хæххон суадонау сыгъдæг æмæ йæ зындоны цæмæн æппарыс, и? Кæд дын уыйбæрц уæлдайаг у, уæд æй дæлæ Пацъайы иу хуыдымы бавзил. Уыцы Баймæты адæм фидисæн куы хæссынц, кæвдæсард æмæ фысы аргъ æй куы хонынц, уæд цæмæн дæ чызджы худинаг кæныс? Цæмæн дæхи кад сафыс?

Сурандо къонагæрон ног куырæтæн æгънæджытæ хуыдта. Баймæт кæвдæсард у, зæгъгæ, куы фехъуыста, фысæй æлхæд у, зæгъгæ, куы загъта налат Хъандо, уæд адæргæй йæ куырæт йæ къухтæй æрхауд. Цæстытæ донæй айдзаг сты, йе уæнгтæ базыр-

зыр кодтой. Ныббогъ кæнынмæ йæ бирæ нал бахъуыд. Фæлæ йæхи тыхурæд ныккодта. Йæ бандонæй фестад æмæ, цыма бынтондæр йæ цæсты рухс атад, афтæ къулы ‘нцæйтты уынгмæ рахызт.

Кæрты афæлгæсыд æмæ куы никæй суыдта, уæд ныккуыдта. Сау зæхх уымæл кодта йæ цæссыгæй.

«Уæ, Иунæг Хуыцау, æркæс мæм æмæ мын батæригъæд кæн. Кæнæ мæлæт, кæнæ мæ Баймæтæй ма фæхицæн кæн. Кæвдæсард нæ, кæд бынтон ницæйаг у, уæддæр ын ныртæккæ мæ зæрдæ мæ риуæй стонин, нæ йын æй бавгъау кæнин».

Хъандо бирæ æлгъаг ныхæстæ фæкодта Бигъайæн, цæмæй йæ чызджы Баймæтæн ма сфыццаг кæна.

Бигъа дæр дзургæ ницы скодта, зæхмæ дызæрдыг цæстæнгасæй каст. Хъандо уæд тынгдæр фæныфсджын æмæ йын загъта:

– Мæ кæстæр æфсымæрæн бинонтæ нæй. Нæ тых, нæ хъару нын зоныс. Ирæдæн цы хъæуы, уый тæккæ абон ахицæн кæндзынæн, цы зæгъай, уымæй æртывæрæй. Æрмæст бауынаффæ кæнæм, æмæ дæ чызгæн йæ сомбоны цард хуыздæр цæмæй уа. Дæуæн дæр исбонæй дæ арм истæуыл цæмæй фæхæца, ууыл цæуылнæ дæ разы?

– Æз, мæ хæлар, Гуацъæтæй ирæд нæма æрдомдтон, фæлæ фидыдгонд стæм æмæ уæд та чызджы афæрсæм.

Хъандо нырмæ дæр æмбæрста Сурандойы хъуыды. Чысыл раздæр чызгæн йæ хуыинаг йæ къухæй куы ‘рхауд æмæ куы феддæдуар ис, уæд та бафиппайдта Сурандойы зæрдæ. Хъандо хинæйдзагæй Бигъамæ дзуры:

– Кæд уыди уыцы хабар, æмæ ирон лæг сылгоймаджы фæндыл ацыди?

Иудзырдæй, Хъандо Баймæты Бигъайæн йæ удхæссæг фестын кодта, æмæ Бигъа ныллæууыди, цæмæй йæ чызджы Дзебысы фырт Илыкъæн ратта. Ныфс æй уыди, зæгъгæ, Дзебысы фырттæ фылдæр фос ратдзысты Бигъайæн.

Сурандо, уый базонгæйæ, йæхи мæлæтмæ лæвæрдта. Атыдта ирон æфсармы фидар рæхыстæ æмæ йæ фыдæн загъта:

– Уый нæ уыдзæн, æмæ мæ ды мæ амондæй фæхицæн кæнай, лæгбирæгъы дзæмбыты мæ фæсадзай. Мæхи къухæй мæхи марын дæр нал зонын?

– Омæ æз ирæд нал исын, мæ чызг, фæлæ, дам, балхæнæггаг

лæппу куы у. Кæвдæсардæй йæ тонынц, Багатæй дæр куынæ у...

– Уый балхæнæггаг у, фæлæ мæ ды та уæй кæныс. Мæхи къухæй мын мæхи марын кæныс?

Гуацъæтæ дæр æрыхъуыстой, зæгъгæ, сын Дзебысы фырттæ сæ чындзаджы сæ къухтæй стонынмæ хъавынц, цæмæй сыл худинаджы ном сæвæрой. Фæрахъуыды-бахъуыды кодтой, фæлæ ацы бонты ницы аразæн уыди.

Цæвиттон, Хъандо Цадыхъæуæй куы ‘рбаздæхт, уæд рахабар кодта йе ‘фсымæртæн æмæ уайтагъд æмæхсæвæджы æрбадæлдзæх сты. Æнæхъæн къуырийы дæргъы нал разындысты. Цыдæр фыдбылыз сæ аныхъуырдта. Сыхы адæм кæрæдзи рафæрс-бафæрс кодтой, зæгъгæ, та кæдæм фæмæрдты хай сты уыцы лæгбирæгътæ. Фæлæ ничи ницы зыдта, кæм сты æмæ та кæй бабын кæндзысты.

Уыцы къуыри рæстæг æваст йæхи аивта. Сæрд нæ хæхбæсты рæсугъд куыд уыд, афтæ зымæг та зындон уыди. Æмæ-иу алчидæр зымæджы æрбалæудæй тарст, уæззау мæт-иу æвзæрдис алы мæгуыры зæрдæйы.

Æрæгвæззæг æрлæууыд. Мигътæ сау тарæй хохæй-хохмæ лæбурæгау лæсыдысты. Арв йæхи æрбахгæдта сау мигъты рæдзæгъдтæй. Фæззыгон уазал дымгæ къуыззит кодта гом къæдзæхты риутыл.

Æмбисæхсæв уыдаид, афтæ митфæлдзæгъдæн райдыдта æмæ ставд пирæнгæмттæй зæхх æмбæрзта. Гъе æмæ ацы æнафоны Дзебысы фырттæ сæ дард балцæй æрыздæхтысты. Къуыззитгæнгæ сæ кæрты æрбалæууыйн кодтой æнæхъæн фосы дзуг æмæ дыууæ та саргъы бæхтæ. Хъæубæстæ дисы бафтыдысты, зæгъгæ, кæй та бабын кодтой, кæй артыл та ауагътой ихджын доны къæрта. Фæлæ бафæрсын ничи бауæндыд уыцы æгъатырты.

Дзебыс сæ размæ рауад, йæ мидбыл бахудт æмæ сын афтæ зæгъы:

– Гъе, мæ хæдзар, гъеныр цы ирæды кой кодтам, уымæй уæлдай ма ацы æвæлмон фосæй уæхицæн дæр аззайдзæн.

Фос бæргæ ‘ртардтой, фæлæ фосы ацы зымæгон уазал æхсæв хæрын дæр хъуыди. Гъе æмæ та Дзебысы æдзæсгом фырттæ æвиппайды фæфæнд кодтой æмæ æмæхсæв раафтид кодтой Баймæты æфтауц.

Йæ райсомы Баймæт йæ хуыссæнæй куы фестад, йæ фосмæ куы рауад, куы скаст æфтауцмæ æмæ дзы дыууæ мæкъуылы йеддæмæ куынæуал уыди, уæд йæ уæнгтæ фырмæстæй андзыг сты. Зæрдæ йæ риуæй рацæйтыдта:

– Æз лæппу ма фæхуыйнон, æгаддзинад ма мæ сæрмæ куы 'рхæссон, – фырмæстæй хæдзармæ фездæхт æмæ дзуры йæ мадмæ: – Гыцци, уыцы лæгбирæгътæ та мын цæрдудæй ингæн скъахтой. Уæдæ ныр дæр мацы суæндон, ма бавзарон мæ хъару уыдонимæ?

Саучызг бауад Баймæтмæ. Йæ цæнгтæ йыл ныттыхта æмæ йын æрхæндæг хъæлæсæй дзуры:

– Дæ мадæн ингæн скъах, мæ хъæбул, ды дæ масты фæдыл куы ацæуай. Дæ-дæ-дæй, уыцы лæгбирæгътæ нын нæ артыл туджы зæй ацæуын кæндзысты. Зынджы хай нæ бакæндзысты.

Баймæт йæ хъомылгæнæгæн батæригъæд кодта. Йæ тæригъæддаг цæстытæм ын бакаст æмæ йын афтæ:

– Уæдæ кæдмæ барон, кæдмæ худинаджы цардæй цæрон? Туг мæ кæй дарынц, уый мурмæ нæ дарынц, ноджы мæ тугвæллойæ сæхи хъæздыг кæнынц.

Уыцы бон хæдзарæй йæ къах нал равæрдта Баймæт. Йæ сæрмæ алы хъуыдытæ бырстой хæлбурцъгæнгæ.

Саучызг дæр йæ фырты хъахъхъæнæгау кодта. Æризæр, æхсæв йæ сау нымæт айтыгъта хъæубæстыл. Хъыхъхъаг дымгæ 'хсæвы тары, футтытæгæнгæ, къуыззитт кодта уынгты. Баймæт йæ цæстытæ æрæхгæдта æмæ, цыма тарф фынæй баци, афтæ ныхъхъус, ныссабыр. Саучызгæн йæ зæрдæ цахæмдæр тасдзинад æнкъардта æмæ нæ фынæй кодта. Йæ къахæлгътыл-иу бауад Баймæтмæ æмæ-иу æм байхъуыста, зæгъгæ, фынæй кæны æви нæ. Фæстæмæ-иу йæ хуыссæнмæ баздæхт æмæ-иу йæ цæстытæ цармæ ныйирд кодта, кæд нæ афынæй уаин, зæгъгæ. Фæстагмæ æгъатыр хуыссæг йæхи фæсагъта Саучызджы цæстыты, æмæ йæ хуыссæг йæ хъæбысы куыд ныттыхта, куыд афынæй, уый нал бафиппайдта.

Баймæт йæ хуыссæнæй сыстад. Цæджындзыл ауындзæнæй хъавгæ райста йæ хотых. Йæ хъама бабаста йæ фарсыл. Æмæ цыма хæдзарæн фæстаг салам лæвæрдта, уыйау къонайы цур сонтау æрлæууыд. Саучызгмæ бакаст æмæ йæхинымæр загъта:

«Бахатыр кæн, гыцци, мæхи зондæй удуæлдай тохмæ кæй цæуын, фæлæ...»

Скаст саджы сыкъатæм. Сæ уæлæ ауыгъд уыдысты, хæрзæрæджы Саучызг Баймæтæн цы ног цухъхъа æмæ куырæт бахуыдта, уыдон. Йæ цæстытыл ауад, нырма йæ уарзондзи-

надæй кæмæн нæма бафсæст, йæ зæрдæбын ныхæстæ кæмæн нæма фæкодта, афтæмæй йæ царды ныфс, йæ дунейы рухс кæй хуыдта, уыцы рæсугъд Сурандо. Айразмæ йын афтæ куы загъта, «Тагъд та-иу нæ абæрæг кæн», уыцы ныхæстæ йæ зæрдыл æрбалæууыдысты. Фæлæ масты тула нал бакуымдта сайын æмæ Баймæты акодта йæ разæй.

Баймæт рахызт уынгмæ. Акаст, афæлгæсыд æхсæвы тары. Æппæтдæр уыди сабыр æмæ æрхæндæг, æрмæст хъæугæрон Дзебысы хæдзары чысыл рудзынгæй рухс калди. Рухс уыцы иухуызон цыренæй нæ судзы, фæлæ куы тынгдæр разыны, куы та æрмынæг вæййы.

Баймæт йæхинымæры бадис кодта, зæгъгæ, та уыцы лæгбирæгътæ ацы æнафоны цы архайынц, æмæ фæраст Дзебыстырдæм. Æрлæууыд сæ кæрты. Ахъуыды кодта, хæдзармæ сæм уыцы иу цыдæй бамидæг уа, æмæ йæм сæхæдæг куы фæцарæхсой раздæр, уæд æй кæрдихгай акæндзысты.

«Цæй, фæрссагæй сæ райдайон æхсын, уæд мын бирæ æнцондæрæй бантысдзæни сæ ныццæгъдын».

Фæраст и хæдзары къулмæ, йæ хотых йæ къухмæ райста, хæстæввонгæй йыл ныххæцыд, чысыл рудзынгмæ бырæгау бакодта. Бакаст мидæмæ æмæ федта диссаджы ныв. Хæдзары астæу арт фæйлауæн кæны. Дзебыс фыдæлтыккон къæлæтджыныл фæстæдзæг бады. Хъандо даргъ уæхстыл физонæг цæхæрмæ дары. Дуарæй чысыл мидæгдæр Мыртаз, Грига æмæ Илыкъ дынджыр галы цармыл стыгъд галы уæнгтæ кæнынц æмæ сæ ‘фснайынц. Иудзырдæй, алчидæр сæ фæдисоны архайдæй архайы.

Дзебыс райгондæй кæсы куы Хъандомæ, куы та йæ иннæ фырттæм. Æвæццæгæн, æнхъæлмæ кæсы физонæг ацæттæмæ. Уæдмæ галы уæнгтæ афснайдтой. Илыкъ галы сæр зæххæй систа, фæсдуармæ йæ къуыдыр æппарæгау бакодта æмæ даргъ фынг Дзебысы раз авæрдта. Иннæтæ дæр куы ‘рбадтысты, уæд Хъандо физонæг цъысцъысгæнгæ фынгмæ ‘рбахаста.

Баймæт арф мæсты улæфт никкодта æмæ йæхи афарста:

«Цымæ та кæй бабын кодтой, кæй гал та ‘рбаргæвстой? Гъе, джауыртæ, бавзарæм ныр, искæй тугвæллойæ куыд цæрын хъæуы, уый, æмæ йæ хъыримаг рудзынгæй сабыргай бадардта. Фехсыныл нæ тагъд кодта, хæрыныл уал æрбадой, зæгъгæ.

– Уæ хæцæнгæрзтæ хæстæг æрбайсут, мæ хуртæ. Цынæ

вæййы, æппæтæй хи бахъахъхъæнын хорз у. Уæд та ныл исчи æдзæттæйæ сæмбæлд, – загъта Дзебыс йæ фырттæн.

Хъандо фæхудт æмæ æртхъирæнгæнæгау загъта:

– Мæнмæ тыхгæнæг чи фæзына, уый зонæд, йе 'намонд фæндагыл кæй ныллæууыд, – æмæ фæкаст тæрхæгмæ йæ хотыхмæ.

«Фæлæуут, иууыл сымах нæ хæтдзыстут амондджын фæндагыл», – йæхинымæр бакодта Баймæт.

Куыд, цы, фæлæ Баймæт ныддардта рудзынгæй хъыримаг Хъандомæ. Фæлæ Баймæты топпы гæрах æмæ Хъандойы фестын баиу сты æмæ топпы нæмыг бацыди Хъандойы уæраджы. Иннæтæ уыцы иу сæррæтт фæкодтой, сæ хотыхтæм февнæлдтой. Кæстæр, Илыкъ, галдзарм раскъæфта æмæ йæ артыл амбæрзта, цæмæй рудзынгæй чи 'хсы, уый сæ быдзагъд ма фæкæна.

Хæдзар æваст фæталынг. Баймæт ма цалдæр гæрахы бакодта зæрдаивæй, фæлæ фыдызнæгтæм йæ топпы нæмыг хæстæг нал бацыд. Баймæты зæрдыл æрбалæууыд, дуар сыл æдде сæхгæнын кæй хъæуы, уый. Ратæррæст-ма кодта, бæргæ, фæлæ ферæджы. Дзебысы æртæ фырты феддæ сты хæдзарæй. Баймæтæн куы ницыуал фадат æрцыд, уæд уыцы иу сæррæтт акодта хъæууынгты æмæ сæ хæдзары бамидæг, йæ хуыссæны аныгъуылд. Фæдисы адæм Баймæты йæ хуыссæны куы ссардтой, уæд Дзебысы фырттæн бауайдзæфтæ кодтой, зæгъгæ, уе знаг æндæр чидæр уыди, сымах та мæнæ рæстаг лæппуйы марынмæ 'рбацыдыстут. Куыддæртæй ныйиргъæвтой Дзебысы фыртты, æмæ уыдон сæ хæдзармæ аздæхтысты.

Зæронд Хъæцлæу рахъуыды-бахъуыды фæкодта, зæгъгæ, кæрон скæнын хъæуы ацы хæрамдзинадæн нæ фыдыфырттæй Схъæлаты фыртты 'хсæн, цалынмæ мæ кæстæртæ не сфизонæг сты, уæдмæ.

Иу изæр Хъæцлæуы кæстæртæ куыстæй куы 'рцыдысты, уæд сæм басидт. Лæгтæ уайтагъд æрбамбырд сты Хъæцлæутæм æмæ йæ разы уырдыг слæууыдысты.

Зæронд Хъæцлæу арф ныуулæфыд æмæ сын афтæ:

– Зæгъут-ма, мæ кæстæртæ, кæдмæ нæ хынджылæг кæной Дзебысы фырттæ?

Кæстæртæ сæ бынæтты базмæлыдысты, кæрæдзимæ бакастысты.

Доти афтæ зæгъы:

– Зæгъ, Хъæцлæу, дæхæдæг, цы бакæнæм?

Хъæцлæу йæ миты хуызæн урс зачъе адаудта йæ дæрзæг армытъæпæнæй æмæ зæхмæ йæ цæстæнгас аздæхта. Кæстæртæ 'нхъæлмæ кастысты, цы зæгъдзæн сæ хистæр? Хъæцлæу йæ къæлæтджыны базмæлыд, йæ цæст ахаста йæ цуры уæвджытыл æмæ мæсты хъæлæсæй райдыдта:

– Не знæгтимæ иу мыггаг стæм, мæ хуртæ. Уыдон Схъæлайы фыртыфырттæ, мах Гуацъæйы зæнæг. Схъæла æмæ Гуацъæ Багайы хъæбултæ уыдысты. Цæй, ныр цы чындæуа? Иу къухмæ кард райс æмæ иннæйы ракæн. Фæлæ дарддæр нал и быхсæн. Хæмыц, нæ хуыздæр, хи хъæбулау æй уарзтон. Цæхх-къæбæрæй йæхи уарзын кодта адæмæн, æгас комбæстæн æмæ йæ уыцы лæгбирæгътæ сыджыты хай бакодтой. Уый фæстæ Баймæты аныхъуырынмæ хъавыдысты, æмæ сыстад æмæ абырæг алыгъд. Иннæ хабæрттыл æз нæ дзурын. Фæлæ кæрон скæнын хъæуы æнаккæгтæн, науæд æгæр фæтугдзых сты æмæ...

– Зæгъ, дæ хорзæхæй, Хъæцлæу, хъусæм дæм нырмæйау, – райхъуысти ныхæстæ.

– Гъе æмæ уæдæ иу цонгæй иннæйы ракæнын кады хъуыддаг нæу. Фæлæ уæ цы фæнды? Цонг куынæуал бæзза, куы рисса, кусгæ куынæ кæна, хæрам куы хæсса æмæ йын хосгæнæг хос куынæуал ара, уæд, мæ хуртæ, цæйнæфæлтау иннæ буармæ хæрам бахæсса æмæ лæджы буар æгасæй фæнизæфхæрд уа, фæлтау æй алыг кæнын хъæуы æмæ иннæ буар æнæсахъатæй баззайа.

– Æгадæй цæрыны фæлтау – кадджын мæлæт! Зæгъ, Хъæцлæу, цы нын амоныс? – йæ бандонæй фестгæйæ, фæхъæр кодта Борсæ.

– Уæдæ мæм хъусут, кæд мæ уынаффæ уæ зæрдæмæ фæцæуа, уæд уый хуыздæр, кæд нæ, уæд æндæр исты æрхъуыды хъæуы. Мах Схъæлатæм туг бафидынмæ æнхъæлмæ кæсæм ныр ацал-ауал азы, фæлæ нын иу сæныччы хъус дæр нæ ратдзысты. Æмæ нæ, мæ хуртæ, цалынмæ бындзагъд нæ фæкодтой, уæдмæ цæй æмæ саразæм афтæ: фынг скæнæм, мæ хуртæ, фынг, уыцы налæттæн...

– Мах? – афарста мæстыйæ Доти.

– О, мах. Уый уæм худинаг ма кæсæд, фæлæ мæм хъусут. Æрбахонæм сæ æмæ сæ хæрд, нозтæй хорз фенæм. Куы срасыг уой, уæд уæ хъару æмæ уæхæдæг. Афтæ куынæ бакæнæм, уæд уыдонæй иу куы амæла, махæй æртæ фæмард уыдзæн. Куыд уæм кæсы мæ уынаффæ, мæ кæстæртæ?

– Хорз, иттæг хорз уынаффæ у!

– Уæдæ сæм æз лæг баминæвар кæндзынæн, сымах æрцæттæ кæнут æппæтдæр: хæрд, нозт. Бæгæны бахсидут, кусæрттæгтæ рахицæн кæнут. Æрмæст уæ фæдзæхсын, алчи уæ йæхицæн архайæд, йе 'взагæн уæ алчи хицау уæд. Нæ уынаффæ цæмæн, цæй тыххæй у, уый мачи срæдийæд æндæр искæмæн. Науæд ныры дуджы ныхас дугъы бæх у, æмæ нæ быныдзагъд, быныскъуыд æрбакæндзысты. Фæлхас куы сцæттæ уа, уæд ма фæсиддзынæн уе 'ппæтмæ æмæ ма аныхас кæндзыстæм. Алкæмæн хицæн хъуыддаг уыдзæн кæнинаг.

Хъæцлæу куыд загъта, афтæ Гуацъæтæ сæ фосæй нард кусæрттæгтæ рахицæн кодтой. Цæджджинаджы бæгæны бахсыстой, карз арахъхъ рауагътой.

Æнæхъæн комы айхъуыст уыцы хабар æмæ сыл бирæтæ æххы ту кодтой, сæ туджджынтæн фынг кæй кæнынц, уый тыххæй. Чи та æнæууæнк кодта, зæгъгæ, цыдæр хинæйдзаг хъуыддаг бакæнинаг сты. Фæлæ бæстонæй сæхицæй дарддæр ничи ницы 'мбæрста.

Хъæцлæу æвæстиатæй æрцагуырдта дзырддзæугæ лæджы æмæ йæ барвыста Дзебысмæ ахæм фæлмæн ныхæстимæ:

«Иу туг, иу стæг стæм. Багайы кадджын æмæ æхсарджын мыггагæн æрвнæрæгау хъуыстгонд уыд йæ тых, йæ хъару. Æцæгæлон мыггæгтæ нæ æдас кæй не сты, уый сымахæн, стæй уæд махæн зындгонд у. Фæлæ фыдбылыз фæкуыси не 'хсæн æмæ æнамонды хъуыддаг февзæрд нæ уæзæгыл. Дæ фырттæ амардтой Хæмыцы. Туг бафидын æгъдаумæ гæсгæ сымахæн æмбæлы. Фæлæ сымах туг мах туг дæр у. Махæй Хæмыц кæй фæхъуыд, уый сымахæн дæр æрвадæлтæй иуы 'рбайсæфт у. Цæй æмæ бадзæбæх, бараст уæм æмæ нæхи тугæй нæхи мауал ахорæм, кардæлвæстæй кæрæдзимæ мауал цæуæм. Топпы кæсæнæй кæрæдзи мауал агурæм. Кæрæдзиуыл нæ цы фыдбылызтæ бафтыдтой, уымæн скувынæн фæлхасæн цы хъæуы, уый – мæнæй. Æрмæст уæ сæрмæ бахæссут æмæ нæ фынгмæ 'рбацæут. Нæ цæхх, нæ къæбæры фæрцы бафидауæм, мæ хуртæ, æмæ дарддæр амæй фæстæмæ хæларæй цæрæм. Æмæ бахъуаджы сахат не 'хсарæй кæрæдзийæн баххуыс кæнæм. Нæ лæгбæрцæй кæрæдзийæн ныфс уæм».

Дзебысæн минæвары лæг ахæм зæрдæмæхъаргæ ныхæстæ куы ракодта, уæд бабуц. Йе схъæл урс рихитæ аздыхта æмæ афтæ зæгъы:

Сæрæй, нырма ныр бафиппайдтой, мæ фырттæ хъæбатыр кæй сты, уый. Цæй, кæд сæ афтæ фæнды, уæд, гъа, зæгъгæ, æмæ йæ цæнгтæ байтыгъта. Йæ фырттыл йæ цæстæнгас ахаста æмæ Хъандомæ бакаст, зæгъгæ, уæ куыд фæнды.

Хъандо фембæрста йæ фыды хъуыды æмæ рабадт йæ хуыссæнуаты. Цæвиттон, нырма йæ уæраджы цæф бынтон нæ бадзæбæх æмæ мæстæй тъæппытæхаугæ загъта:

– Фидаугæ бакæнæм, фæлæ уыцы кæвдæсард абырæг кæй фæлыгъд, уый мæм цыдæр дызæрдыг æвзæрын кæны. Чи зоны, æмæ мын мæ къах уыцы дзæгъæл дзынга фелхыскъ кодта сусæгæй æмæ уымæн атахт. Æниу мын бафидыды фæстæ кæдæм аирвæздзæн. Ныр мæнæ мæ къахыл слæууынхъом фæдæн æмæ а лæппу йæ тых бавзардзæн уыдонимæ. Цард та йæхæдæг домдзæни, цы хъæуы æмæ куыд аразгæ у, уый.

Баймæт абырæг куы алыгъд, уый фæстæ Саучызг кæугæ æмæ ниугæ æрвыста йæ бонтæ. Хæдзары муртæм æркæсæг нал уыди. Ацæргæ сылгоймаг йæ тыхы фæрцы ницыуалхъом уыди æмæиу бирæ хатт рафæнд кодта, цæмæй ацы хъизæмармæ ма кæса æмæ йæхи къухæй йæхи амара.

Куыд, цы, уый дардыл у, фæлæ минæвар лæг фæстæмæ æрбаздæхт Хъæцлæумæ æмæ йын рахабар кодта, зæгъгæ, ком радтой уыцы æнæрцæф Дзебыс æмæ йæ фырттæ бафидауыныл.

Хъуыддаг скъобор. Фынгмæ сæ хъуамæ æрбахуыдтаиккой сабатизæр. Æмгъуыд рæстæгмæ ма баззад дыууæ боны.

Гуацъæтæ зынгæвæрдау цæттæ уыдысты. Æрмæст ма кусæрттæ æнæконд уыдысты. Иу изæр та Хъæцлæу раст фæсахсæвæр фæдзырдта йæ зæнæджы зæнæгмæ.

– Айразмæ уын кæй фæдзырдтон, уыцы хъуыддæгтæ сæ къахыл слæууыдысты. Фæцис нын фадат, цæмæй уыцы æнаккæгты бынысскъуыд скæнæм, нæ фыййау сæрвæты лæгбирæгътæй йæ риуыдзаг æдасæй сулæфа, нæ сабитæ æмбæхсгæ мауал цæуой, нæ кæстæрты хуыздæр æмæ хъæбатырдæр абырæг мауал хæта æмæ йæ хъомылгæнæг мад тæригъæдæй мауал мæла. Лæгдзинады сæр уæ бахъуыд. Æрмæст уыцы лæгбирæгътæм афтæ бавналæн нæй. Хъандо та йæ гаччы сбадт, мæ хуртæ. Æнæрабадгæ куы фæуыдаид, уæд нын иннæтимæ тынг æнцон архайæн уыдаид, фæлæ уыцы налат тынг хъаруджын у. Иу лæг уымæн йе 'нгуылдз дæр нæ фæтасын кæндзæн. Доти, ды сбаддзынæ йæ уæллаг фарс. Борсæ, ды – йæ дæллаг фарс. Æз

ænхъæл дæн, æмæ йыл дыууæйæ фæтых уыдзыстут. Тома, дæ бæрны фæуæд Мыртаз. Уый тыхæй тынг тæссаг нæу, фæлæ йæ фезмæлд рæвдз у. Кардæй – арæхстджын. Фæлæ йыл æнæнхъæлæджы дæхи куы ныццæвай, уæд дæ къухты бафтдзæн. Майыр, ды, мæ къона, Григайы æмгар дæ. Уыимæ бавзар дæ хъару. Йæ рухс ын аталынг кæн æвиппайды. Баймæт ам куы уыдаид, уæд нæ хъуыддаг бирæ рæвдздæр ацыдаид. Нæ цоты кæстæр – Цъæхил, Дзебысы фырттæ нæ чындзаджы æрдавынмæ кæмæн хъавынц, худинаджы ном ныл тынгдæр кæй тыххæй æвæрынц, уыцы Илыкъы ды хъуамæ фæкæнай æдзæммард.

Сылгоймæгтæ уыцы рæстæджы къонагæрон æндзыгæй лæууыдысты зæхмæ кæсгæ, æмæ афтæмæй хъуыстой Хъæцлæумæ.

Иудзæвгар ницыуал райхъуыст Хъæцлæуы дзыхæй, стæй уæд йæ цæсгом аздæхта сылгоймæгтæм æмæ та дзуры:

– Сымах та, мæ хуртæ, архайут нуазæнтæ дæттыныл, – Саучызгмæ дзуры уæлдай æнкъарддæрæй, – чындз, дæуæй кæд тынгдæр фефсæрмы уаиккой. Дæхи-иу схъæлдзæг кæн, æмæ арахъхъы нуазæнтæ дæтт дзæбидыры сыкъайæ. Нæхи лæппутæн аивæй дæттут фылдæр бæгæны, цæмæй сыл нозт ма фæтынг уа. – Æз æндæр ницы зæгъинаг дæн, – æмæ йæ цæст ахаста йæ кæстæртыл, зæгъгæ, куыд уæм кæсы.

– Æппæт дæр бакæндзыстæм, – загъта кæстæр Цъæхил.

– Бакæндзыстæм, уый Хуыцау зоны, мæ хуртæ. Цалынмæ сырд амарай, уæдмæ цармæй ныфс ма бавæр. Де знаджы та цалынмæ топпыкæсæнæй суынай, уæдмæ гæрах ма фæкæн, науæд дыл йæхæдæг фæтых уыдзæн. Тынг уæ фæдзæхсын, арæхстджын ут, мæ хуртæ, рæгъытæ кæнут хъæлдзæг мидбылхудтимæ. Æз дæр хъуыддагæй мæхимæ хæс исын, цæмæй мыл уæ зæрдæ ма фæхуда. Дзебысы фæлитойы та мæ бæрны бакæнут. Ныр цал æмæ цал азы нал сластон мæ фæтæн сау хъама, йæ кæрддзæмы мын нызгæ. Гъе æмæ йæ сфæлварон. Чи зоны ма уыцы сырды стджытыл схæца, – загъта æмæ тыххудт бакодта.

– О, рох мæ кодта. Дзырд рацæудзæн мæнæй. Хорз куы срасыг уой, уæд æз зæгъдзынæн: уæ куыст кæнут нуазæнтæй. Гъе уæд – уæ хъару æмæ уæхæдæг. Æцæг-иу уæ куыст бакæнут æвæстиатæй. Æндæр ницы зæгъинаг дæн. Хуыцау уын бантысын кæнæд уæ фæндтæ уæхи фæндиаг. Ныр та уал цæут æмæ уæ алчи дæр баулæфæд, райсом та кусæрттæ-æндæртæ цæттæ кæнын хъæудзæн.

Æнæхъæн æхсæв нæ бафынæй сты усæй, лæгæй Гуацъæтæ. Саучызг сæгæйдзаг хæдзары йæхи, кæугæ æмæ ниугæйæ, фæхордта. Йæ лæджы амард, йæ лæппуйы абырæг фæлыгъд, йе 'ппæт æфхæрдтæ йæ зæрдыл æрлæууыдысты. Йæ дудгæбæттæ цыма ныр федта, уыйау куыдта æмæ ниудта.

Дыккаг бон хур йæ был куы сдардта, скæсæнырдыгæй хохæйхохмæ тын куы анывæста, уæд Гуацъæты уынгтæ æмызмæлд систы. Сылгоймæгтæ дон хастой. Хъæцлæу æппæтмæ йæ цæст дардта.

Лæппутæ талынг æмæ даргъ тыргъы бадæнтæн дынджыр хъæдтæ авæрдтой. Кусæрттæгтæ 'рбакодтой æмæ сæ аргæвстой. Фæздæг арвыл æмбæлын байдыдта. Нард фысы фыд стыр аджы бафтыдтой. Сау бæгæны дынджыр тæгæр гарзы сæрсæргæнгæ йе 'нхъизынæй нæма 'рæнцад. Уалынмæ та хур дæр дард кæдæмдæр фæлыгъд, атылд фæсхохмæ.

Æризæрмилтæ. Хъæцлæуы æрвыст лæг Гуацъæты уынгмæ 'рбакодта Дзебыс æмæ йæ цыппар фырты.

Саучызг хæдзармæ бауад, йæ рустæм фæлæбурдта. Афтæ йæм фæкаст, цыма дæлæ уынгмæ æрбахастой Хæмыцы мард, цыма Баймæты мард фехъуыста. Ныхъхъарæг кæнынмæ йæ бирæ нал хъуыди. Фæлæ йæ зæрдыл æрбалæууыд зæронд Хъæцлæуы фæдзæхст, зæгъгæ, уæхи-иу сæм хъæлдзæгæй равдисут. Æмæ йæ кæуындзæг нынныхъуырдта. Йæ судзгæ цæссыгтæ асæрфта æмæ змæлын райдыдта.

Уалынмæ фынгтæ æрæвæрдтой. Æгъдаумæ гæсгæ æрбадын кодтой туджджынты Хъæцлæуы дзырдмæ гæсгæ. Фæлæ иу хъуыддаг уый уыди, æмæ Дзебыс æмæ йæ фырттæ 'рбадтысты хæстæввонгæй, – топпытæ сæ къухæй зæхмæ дæр не 'руагътой. Иу сыбыртт ничима кæны. Цæвиттон, цалынмæ дыууæ туджджыны кæрæдзимæ нуазæнтæ авæрой, кæрæдзийæ хатыр ракурой, уæдмæ сын ныхасгæнæн нæ уыди.

Æвзаргæ лæг сыстад, йæ цæст ахаста фынджы фарсмæ баджытыл æмæ райдыдта:

– Уæ, Багатæ, æз сымахæн æцæгæлон нæ дæн. Кадджын, æхсарджын у Багайы мыггаг. Фæлæ уæ кæрæдзимæ мæлæт кæй хæссут, уый у æнамонддзинад. Цæй æмæ 'рцæугæ æнамонддзинæдтæ 'нусмæ дæлдзæх фæуæнт, сымахæн та Хуыцау уарзондзинад раттæд.

Бирæ зæрдæмæхъаргæ ныхæстæ фæкодтой иннæ минæвар

лæгтæ дæр, стæй уæд фыццаг Хъæцлæу æмæ Дзебысæн сæ кæрæдзимæ нуазæнтæ авæрын кодтой. Уый фæстæ иннæтæ дæр райстой кæрæдзи нуазæнтæ æмæ та ‘рбадтысты. Гаджидаутæ фæтынг сты. Рæгъгæнджытæ нæртонæй лæвæрдтой йедзаг дзæбидырты арахъхъ æмæ сау бæгæны. Хъæцлæуы амындмæ гæсгæ Дзебысы фырттæн фылдæр – арахъхъ, къаддæр – бæгæны. Сæхи лæгтæн та фылдæр – бæгæны, къаддæр – арахъхъ. Сылгоймæгтæ рæгъытæ систой, нуазæнтæ дæттынц Дзебысы фырттæн. Саучызг фынгмæ ‘рбацыд, йæ цæст ахаста Дзебысы фырттыл æмæ хъæлдзæгæй дзуры:

– Ферох уæд æппæт дæр. Нæ лæджы амард сымахæй дæр уыди иу лæджы фесæфт. Æз – æркæнæггаг, сымах та мæнæ мах лæппутимæ ‘фсымæртæ. Абонæй фæстæмæ уын лæггад кæндзынæн чындзы лæггадæй, – æмæ сыл хъæлдзæгæй райдыдта уый дæр йедзаг дзæбидыртæй рæгъытæ кæнын.

Хорз срасыг сты Дзебыс æмæ йæ фырттæ. Хъæцлæу, а ныр фæхъæр кæна «уæ куыст кæнут нуазæнтæй», зæгъгæ, афтæ Цъæхил фыдызгъæлтæ лыгтæ кодта æмæ фырцырдæй йæ хъама тæбæгъы аирвæзт. Хъуыддаг йæ райдианмæ куы ‘рцыди, уымæй чысыл раздæр иу æнарæхст сылгоймаг хъама йæ ауæттæ ‘рбадавта æмæ йæ Цъæхилмæ авæрдта. Дзебысы фырттæн ма уæд цы бамбарын хъуыди, ацы бафидауыны фынгыл Хъæцлæуы кæстæртæ цы бакæнинаг уыдысты, уый. Уайтагъд сæ бынæттæй фæтæррæстытæ кодтой, фæфæлдæхтытæ кодтой фынгтæ, сау бæгæны алеуахи кодта зæххыл. Хъæр, хъæлæба сси хæдзар, цырæгъты рухсмæ ‘ндон кæрдтæ ферттывтой. Иудзырдæй, кæрæдзи хъуамæ ныццагътаикккой. Фæлæ, цыдæр амондæн, Дзебысы фырттæ лидзынмæ фесты. Зæронд Дзебысы раст къæсæргæрон чидæр ацахста. Хъуамæ йын йæ сæр акъуырдтаид, фæлæ Хъæцлæу фæхъæр кодта:

– Уæхи худинаджы нымæты ма стухут, зæрондæй уæ маст райсыны фæнд ма скæнут.

Ууыл ахицæн туджджынты фидыд. Фыдæхдзинады артыл цæхæр тынгдæр бакалд æмæ ноджы тынгдæр сцырын.

Гуацъæтæ сæхи хъахъхъæдтой. Æнæ хотыхæй уынгмæ нал цыдысты, сæ сылгоймæгты æнафоны донмæ дæр нал уагътой. Дзебысы фырттæ сæ фæстæ зылдысты. Иу сæрдыгон бон хъугомы сæрмæ хъæды суадысты, цæмæй Гуацъæты истæмæй фелхыскъ кæной, хыл ракъахой. Хъæдмæ куы ссыдысты, уæд,

Лæгъзкъуылдым æй хонынц ныр дæр ма, уым диссаджы суадон ис, фæлладæй дзы анызтай, уæд уæнгтæ фæрог вæййынц, зæрдæ цины улæфт скæны. Гъе æмæ дын уыцы суадонæй банызтой, сæ хотыхтæ цъæх зæлдаджы хуызæн кæрдæгыл æрæвæрдтой æмæ ‘рбадтысты.

Уалынмæ фæтæны бынæй ныззарыд Гуацъæты фыййау. Зарæг анæрыд кæмтты æмæ дард кæмдæр байсыст.

Дзебысы фырттæ кæрæдзимæ бакастысты. Сæ хистæр æфсымæр Хъандо загъта:

– Гуацъæтæ æгæр æдасæй райдыдтой цæуын. Кæсут, сæ фыййау куыд æнæмæтæй зары йæ зæрдæйы дзæбæхæн. Æвæццæгæн нæ байрох кодта уыцы фыййау. Цæй æмæ йын бацамонæм, зарын куыд хъæуы, уый. Ауай, Илыкъ, æмæ фыййауы йæ дзугимæ ардæм ратæр. Абон та нæртон сихор хъуамæ бахæрæм!

Илыкъ уайтагъд суадоны цурмæ ‘рбатардта Гуацъæты фос. Фыййау чысыл фалдæр æрлæууыди æмæ зæхмæ ныккаст. Йæ зæрдæ фыртæссæй йæхи къултыл хоста.

Хъандо фыййауыл фæхъæр кодта:

– Уым цы дæ был æруагътай, хусгуыбын! Хæстæг рацу æмæ уæртæ уыцы гуымыдза хуыскъ фысы рацахс.

Фыййау йæ кæуындзæг нал баурæдта, йæ уæнгтæ базырзыр кодтой æмæ кæугæмхæццæ загъта:

– Уæ хорзæхæй, мæ фыстæй мын ма аргæвдут, фæлтау... – загъта æмæ ныккуыдта.

Лæгбирæгътæ нæ батæригъæд кодтой фыййауæн. Хъандо топп фæцарæзта фысмæ. Фæцыд гæрах. Фыс ма хæрдмæ фæхауд. Иннæ фос уалдзыгон сæлæф миты зæйау ныггуылф кодтой æмæ хъæуы бамидæг сты.

Цæф фыс дæр ма тугкалгæ сæ фæстæ фæцæйлыгъди, фæлæ уайтагъд æрхауд.

Уæд та Хъандо фыййауæн тызмæгæй загъта:

– Уайгæ ныртæккæ уæхимæ. Гуацъæтæ диссаджы нозт аразынц, зæгъ сæ чындзытæн æмæ нын иу дурын арахъхъ æмæ уæливыхтæ кæд рарвитой, уæд хорз, науæд сæ лæгтæй идæдзæй аззайдзысты! Бамбæрстай?

Фыййау ницыуал сдзырдта, хъæуырдæм лидзынмæ фæци. Лæгтæй хъæуы ничи уыди, алчи куысты уыди, фæлæ сылгоймæгтæн тагъд-тагъд радзырдта Дзебысы фыртты домæн.

Саучызг мæстæй рахсыст, фæлæ чындзытæн тарстхуызæй загъы:

– Цард уын фестон, ауайут æмæ ацæттæ кæнут, науæд та ныл судзгæ бонтæ акæндзæн. Дæ-дæ-дæй, сынтытæ та æнхъæлмæ кæсынц холымæ. Фæцырд ут, цалынмæ лæгтæ куыстæй нæма ‘рыздæхтысты, науæд та ныл туджы зæйтæ рацæудзæн.

Чындзытæ, тæрсгæ-ризгæйæ, цæттæ кодтой уæливыхтæ. Саучызг стыр дурыны арахъхъ æрцæттæ кодта. Фæстаг уæливых арты цæхæрæй куыд райстой, афтæ мæнæ хæдзармæ ‘рбацыди Доти. Фынгыл уæливыхтæ æмæ дурын куы ауыдта, уæд бахъæлдзæг æмæ афарста:

– Абон исты Стырбон у, мыййаг?

Саучызг, цæмæй чындзытæй мачи срæдийа, зæгъгæ сæ Дзебысы фырттæм æрвитæм, уый тыххæй фæцырд æмæ йын, йæхи тыххъæлдзæггæнгæ, загъта:

– Æмæ æнæ исты Стырбоны дзæбæх сихор ничи хæры?

Уæдмæ фæзындысты иннæ лæппутæ дæр, æмæ та Борсæ дæр мидбылхудгæ бацин кодта:

– Æз нæ зонын, цы, æфсинтæ кусæгæн йе ‘рцæуынмæ ахæм сихор хъуамæ ацæттæ кæной! Науæд мын нартхоры кæрдзыны хус къæбæр мæ хурх ныххафта.

Дотийæн йæ зæрдæ цыдæрхуызон фæкъæпп кодта æмæ ныллæг хъæлæсæй йæ ус Фырдæуызы афарста:

– Саучызг мæ, æвæццæгæн, хынджылæг кæны. Зæгъ-ма, цæмæн ахæм сихор сарæзтай?

– Ау, куыд цæмæн? Уæ тугвæллойæ абон уæддæр бахæрут дзæбæх хæринаг.

Ницыуал загътой Гуацъæты лæгтæ. Æрбадтысты дзаг фынгыл. Хъæцлæу мусонджы сæр хуыссыди йæ кæрцы къæридыл. Йæ зæронд стджытæ хурмæ тавта. Уымæ дæр фæдзырдтой æмæ сæхи хорз федтой, уæдæ цы уыдаид! Изæры фыййау фос куы ‘ртардта, уæд æй Саучызг бафæдзæхста, цæмæй фыс аргæвдыны хабар ма зæгъа лæппутæн. Куы йæ бафиппайой, уæддæриу зæгъ, бирæгъ æй ахаста, зæгъгæ.

Изæры зæронд Хъæцлæу кæртмæ бацыд, фосыл йæ цæст ахаста æмæ фыййауы афарста:

– Дæ фыстæн сæ нарддæр ам куынæ ис, уæд дын кæм ис?

Фыййау ма бæргæ афсон кодта, бирæгъ æй аскъæфта, зæгъгæ, фæлæ зонджын Хъæцлæу уайтагъд фембæрста хабар æмæ йæхинымæр сагъæсгæнгæ загъта:

– Æцæг æй аскъæфта бирæгъ, уый зонын. Фæлæ хъæды бирæгъ нæ уыди. Дзебысы лæгбирæгътæ йæ ахордтой, æвæццæгæн.

Дзебысы фырттæ бонæй-бон исджындæр æмæ фæллойджындæр кодтой искæй тугвæллойæ. Суанг фæсхохмæ дæр лæбурын райдыдтой æмæ сæ фыдмæ афтидармæй никуы цыдысты фæстæмæ.

Иуахæмы та Дзебысы фырттæ ‘рбадæлдзæх сты. Гуацъæтæ сæ риуыдзаг сулæфыдысты. Мæсыджы цурмæ ныхасмæ дæр цæуын райдыдтой. Сæ сылгоймæгтæ уынгты тæрсгæ æмæ ризгæйæ нал цыдысты. Сæ цæсгæмттыл æнæбары цины уылæн ахъазыд.

Фæлæ уый бирæ нæ ахаста. Иу æмбисæхсæв хъæугæронæй æрбайхъуысти топпы гæрæхтæ. Уый фæстæ та – зарыны нæрын кæмтты. Хъæуы цæрджытæ уайтагъд фембæрстой: Дзебысы фырттæ та кæй æрыздæхтысты сæ хæтæнæй.

Æнæхъæн хъæубæстæ та сагъæсы бахаудтой. Лæгтæй та алчи йæ хотых райста. Сабиты æдзæстхизæй уынгмæ нал уагътой. Фæлæ адæймагæн цыфæнды тасы ран дæр йæ хъуыддаджы фæстæ æнæфæцæугæ нæ вæййы. Гъе æмæ иубон, хур нæма скаст, афтæмæй Майрæм йæ бæхыл саргъ авæрдта, дзаг хордзентæ саргъыл абаста æмæ зæронд Хъæцлæуæн загъта:

– Уæ зæрдæ мæм ма ‘хсайæд, райсом æнæмæнг зындзынæн.

Цæвиттон, сæ хъустыл æруади, зæгъгæ, Баймæт æхсæвыгæтты æруайы Цадыхъæуы Бигъатæм, – чызг, дам, æй кæмæндæр загъта, æмæ цæмæй бæстонбæрæг базоной, гъе, уый тыххæй Майрæм араст Цадыхъæумæ. Саучызгæн дæр ницы загъта йæ балцы тыххæй.

Хъæцлæу бафæдзæхста Майрæмы, цæмæй йæхи хъахъхъæна уыцы налæттæй.

Майрæм дæр æдас кæм уыдаид Дзебысы тугмондаг фырттæй, фæлæ ныфсæвæрынæн загъта зæронд Хъæцлæуæн:

– Кæд мыл æнæнхъæлæджы рамбæлой, уæд сæ æз дæр æвыдæй нал ауадздзынæн, – æмæ ацыд йе ‘намонды фæндагыл.

Лæппу хъæдвæндагыл куы ауад, Пацъайы былтыл куы аздæхт, уæд æм æвиппайды фæндаджы уæлбылæй Дзебысы дыууæ фырты Хъандо æмæ Мырзæ æргæпп ластой. Иннæ дыууæ та сæ хотыхтæ ныддардтой Майрæммæ. Майрæм йæ хъамамæ февнæлдта. Бæргæ ма йæ фелвæста йæ кæрддзæмæй, фæлæ йын Хъандо æхсаргардæй йе уæхск æрриуыгъта. Майрæмы цонг ныддыз-дыз

кодта æмæ йæ хъама йæ къухæй æрхауд. Йæ бон базыдта, цыппар лæгбирæгъæн кæй ницыуал ракæндзæн, уый æмæ сын загъта:

– Цæвут, тугхортæ, цæвут, фадат уын ис. Фæлæ зонут, мæ тугкалд æнæхъуаджы нал фæуыдзæн.

– Дзæгъæлы ма дыв-дыв кæн, фæлæ зæгъ, кæдæм у дæ фæндаг?

Майрæм ницы дзуры. Уæд æй бæхæй æристой æмæ йæ лыстæг къуыхтæ скодтой. Йæ цæстытæ йын скъахтой, йæ рихи йын стыдтой æмæ йæ Пацъайы доны баппæрстой.

Гуацъæтæ æнхъæлмæ кастысты Майрæмы æрбаздæхынмæ. Рацыд иу бон, рацыд дыккаг, фæлæ нæй, никæцæй зынди Майрæм.

Иу æхсæв дын Хъæцлæу йæхи лыстæны ‘руагъта, алы тæссаг хъуыдыты фæстæ афынæй æмæ уыны фын: мæнæ Майрæм уады бæх фестад æмæ цалдæр бæхимæ дугъы уайы. Йæ хидкалгæ цыма ‘рбахæццæ хъæумæ, уынджы былæй ахауд æмæ комы лыстæг згъæлæн баци.

Стæй та уыны: Майрæмы хæдзар æвиппайды сгуылф кодта сырх арт пиллонæй. Уый фæстæ арт æваст фæмынæг æмæ фæныкæй дарддæр хæдзары ницыуал аззад. Æрмæст ма фæнычы сæрыл даргъ, ногмарды чырын авæрдæуыд.

Фехъал Хъæцлæу. Фырадæргæй йæ сур хид акалд. Рабадт йæ лыстæны æмæ афтæ зæгъы:

«Уыцы лæппу удæгас нал у. Цæуын хъæуы æвæстиатæй йæ агурæг».

Фестад, рауад уынгмæ æмæ æрхæндæг хъæлæсæй фæдисы хъæр ныккодта. Гуацъæты лæгтæ сæ хуыссæнуæттæй фæтæррæстытæ кодтой. Сызмæлыдысты Хъемултайы Багатæ дæр æмæ фæфæдис кодтой Цадыхъæумæ. Фæлæ уым нæ разынд. Уæд кæмтты агурæг фæцæуæг сты. Пацъайы доны астæу уырыл мадард бæгънæгæй ссардтой Майрæмы мард, æгасæй дæр йæ буар уыди сыхырнайау хуынчъытæ.

Фæдисы адæм Майрæмы мард сынтыл схастой йæ мæгуыр хæдзармæ. Адæм фæкуыдтой, фæхъыг кодтой æмæ йæ йæ сыхаг Хæмыцы фарсмæ баныгæдтой. Хисты æрбадтысты. Рухсаг у, рухсаг, загътой. Цъæх арахъхъæй æнкъард рæгъытæ фæкодтой. Борсæ æмæ Доти хисты фынгыл ард бахордтой, зæгъгæ, æгаддзинад нæ сæрмæ нал æрхæсдзыстæм, – Хæмыц æмæ Майрæмы туг райсдзыстæм.

Майрæмы амарды фæстæ Дзебысы фырттæ сæ хæдзармæ куы ‘рбаздæхтысты, уæд цы ‘вæлмон фос скодтой, уыдонæй æртиссæдз фысы æмæ дæс хъуджы тæккæ уыцы изæр Цадыхъæуы Бигъаты кæрты бамидæг кодтой.

Сурандо йæ даргъ сæрыхилмæ бавнæлдта. Кæуынæй йæхи хордта. Æгъатыр лæгбирæгътæ æргомæй загътой Бигъайæн, зæгъгæ, кæд æгъдаумæ гæсгæ нæ разы кæнут, уæд ныртæккæ тыхæй ахæсдзыстæм Сурандойы.

Бигъа сагъæсты анығъуыллд: цы бакæна, дæтта чызджы Дзебысы фырт Илыкъæн, æмæ Сурандо æмæ Баймæт кæрæдзи уарзынц. Нысангарз райста. Баймæт ирæдæй ныфс бавæрдта. Арæх сæм æхсæвыгæтты дæр æруайы. Æрмæст, цалынмæ уыцы æгъатырæй иуырдæм æрхауа, уæдмæ, Сурандойы ахæсса, уый фадат ын нæ уыдис æмæ абырæг хæтыди. Зылди Дзебысы фыртты фæдыл, фæлæ сыл никуыма амбæлди. Æгæрыстæмæй, Гуацъæтæн дæр йæхи не ‘ргом кодта. Саучызг дæр нæ зыдта кæм ис, цы ‘рбаци йæ иунæг хъæбул. Бон изæрмæ фæрадзур-бадзур кодтой Дзебысы цыппар фырты.

Изæры Бигъа йæ бон куы базыдта, уæд йæ дзыхæй хъыппсыпп нал хауди, фынг æрæвæрдта йæ балбирæгъ уазджыты раз. Фæдзырдта йæ чызгмæ.

Чызг æрбацыд йæ размæ. Йæ сæр йæ риуыл æруагъта. Ставд сау дзыккутæ дыууæ быдæй сæвджын синтыл зæу-зæу кодтой. Буар фыртæссæй куыд рызти, афтæ дзыккутæ дæр. Стыр сау цæстытæ мæстæй сыгъдысты. Сау æрфгуыты ‘хсæн разынд уæливыхы уæллаг цъарау ссывдтытæ, афтæмæй Сурандо æдзынæг касти зæхмæ.

– Мæ чызг, гъеныр дæхæдæг зæгъ, мæнæ дæ чи агуры, уыдонæн, цы у дæ фæндон. Æз ма дарддæр дзурон, мæ хъару мын уый бар нæ дæтты.

Сурандо йæ кæлмæрзæны кæроныл йæ риумæ ‘рбахæцыд æмæ æхгæд хъæлæсæй загъта:

– Æмæ кæд уыди нæ Иры бæсты, чызг йæ фыды сæрты ахиза æмæ йæхи уынаффæгæнæг скæна, – йæ хъуыр æрбахгæдта æмæ, йæ кæуындзæг уромгæ, феддæдуар.

Хъандо йæ бадæны базмæлыд æмæ хинæйдзагæй загъта:

– Гъеныр та ма цы зæгъинаг дæ, дæ чызг йæ фæндон æргом куы зæгъы? Æвæццæгæн, бамбæрста, махмæ йын æнцондæр цæрæн уыдзæн. Искуы ма ахæм хурау рæсугъд, арвау сыгъдæг чызг æлхæнæггаг лæппуйы фæстæ фæцыди?

Бигъа дæр уæлдай нал загъта. Дзебысы фырттæй ма æрдомдта, сæхи къахæй йæм ирæдæн цы фос æрбатардтой, уымæй уæлдай ссæдз фысы æмæ саргъы бæх.

Хъандо йæ бынатæй фестад. Йæ бирæгъы дзæмбытæ фæйнæрдæм айтыгъта, йæ дынджыр хæмхудтæ аивæзта æмæ хицæй æппæлæгау бакодта:

– Мæ ног лымæн, цы фос ма домыс, уыдон тæккæ райсом уыдзысты дæ кæрты. Гуацъæты дзугтæ ма мæ æндæр цы боны хорзмæ хъæуынц, – йæ рихи æртхъирæнгæнæгау аздыхта.

Гаджидаутæ сарæх сты. Бигъа бахъæлдзæг. Йæ чызг ын чысыл раздæр афтæ кæй загъта: кæд уыди, зæгъгæ, æмæ чызг йæхи йæ фыдæн уынаффæгæнæг скæна, уæддæр цæмæй зыдта, Сурандойы зæрдæйы цы фæнд сæвзæрд, уый.

Сурандо хæдзарæй уынгмæ куы рауад, уæд æвæстиатæй хохырдæм лидзынмæ фæци. Йæхинымæр дзуры:

«Нæ, лæгбирæгътæ, нæ мæ стондзыстут Баймæты сыгъдæг зæрдæйæ. Фæлтау ныртæккæ уæлæ бæрзонд айнæджы сæрæй мæхи равзилдзынæн. Мæрдтæм уæ фæлидздзынæн, фæлæ сымах хуызæн бирæгъты дзæмбытæм мæхи нæ ратдзынæн», – афтæ катæйттæгæнгæ схæццæ Дициджыны бæрзонд айнæджы сæрмæ, йæ алфамбылай акаст, афæлгæсыд, фæлæ æгомыг хæхты йеддæмæ ницы суыдта. Сау уæйгуытау æм æдзынæг кастысты. Арвыл ахаста йæ цæст. Арв уыди сыгъдæг. Йæ хъæбысы æнæнымæц стъалытæ тæмæнтæ калдтой. Æваст йæ цæнгтæ йæ риумæ ʻрбалхъывта æмæ æрхæндæг хъæлæсæй загъта:

– Кæм дæ, мæ дунейы рухс, кæм? Мæнæ зындоны былыл куы ныллæууыдтæн. Хæрзбон, Баймæт, цæуын мæрдтæм, дæ фендмæ мæ былтæ ʻхсынгæ. Уæ, уæлæ судзгæ стъалытæ, сымах фæут ме ʻвдисæн. Æмæ ныртæккæ ам цы фенат, æппæт уыдон-иу радзурут мæ уарзон Баймæтæн. Уый ам хæхты арæх хæты. Охх, Баймæт, æвæццæгæн, дыл ингæны дуæрттæ æхгæд сты æмæ нæ зоныс, цы уынгæджы дæн, уый. Æндæра мæм мæрдты дуар дæр срæмудзис. Цæй, хæрзбон. Уæлæуыл нæ баиу стæм, фæлæ кæд мæрдты... – зæгъынмæ хъавыд, фæлæ зæгъын нал сфæрæзта.

Йæ цæнгтæ дардыл айтыгъта. Сæр фæстæмæ фæкъул кодта. Цæстытæ тыхæхгæд æркодта, æмæ размæ йæхи куыд фесхуыста, афтæ йæ фæсте кæйдæр фидар къухтæ ацахстой æмæ йæ мæлæты хъæлæсæй фелвæстой.

Чызг æваст фæстæмæ фæзылд. Баймæты ауыдта, сонт хъæр фæкодта:

– Баймæт!.. – цыдæр зæгъынмæ ма хъавыд, фæлæ ницыуал дзурын бафæрæзта. Баймæты къухтыл бауадзыг.

Баймæт куыддæртæй æрчъицын кодта Сурандойы æмæ йæ бафарста:

– Мæ дунейы рухс, ацы æнафоны дæ ардæм цы хæйрæджытæ схастой?

– Æз мæ фыртыхстæй ам дæн, фæлæ дæу цы Хуыцау февзæрын кодта мæ уæлхъус? Уæ, иунæг Хуыцау, æвæццæгæн, мын батæригъæд кодтай æмæ мын мæ ирвæзынгæнæджы февзæрын кодтай мæ цуры. Нæ, æз ныр æнамонд нал дæн! – æмæ йын радзырдта, сæ хæдзары Дзебысы фырттæ кæй минас кæнынц, Сурандойы тыхæй ахæссынмæ кæй хъавынц æмæ кæй рафардæг ардæм, цæмæй йæхи айнæджы сæрæй аппара.

Баймæты уæнгтæ фырмæстæй сыгъдæг нуæрттæ фестадысты. Зæрдæ риуы къултæ рацæйрæмыгъта. Цæстытæ къæлæтыйæстæ аисты. Æмæ йæхинымæр загъта:

«Фæхудæд мыл Сурандойы зæрдæ, фæхудæд мыл мæ фыд Хæмыцы зæрдæ, æз ма уыцы æлгъæгты æвыдæй куы ауадзон. Айразмæйы æнарæхстдзинадæй ныр мæхи бахъахъхъæндзынæн», – æргом та загъта Сурандойæн:

– Цæуын хъæуы æвæстиатæй, науæд исты фыд сараздзысты уыцы налæттæ.

Сурандо фæсонтау. Йæ разы цæхгæр æрлæууыд æмæ æрхæндæг хъæлæсæй Баймæтæн загъта:

– Ма скæн, Баймæт, ахæм фæнд. Ма ацу дæ масты фæдыл æмæ тохыл ма ныллæуу уыцы лæгбирæгътимæ, науæд дын исты фыдбылыз сараздзысты.

Бæргæ ма йæ урæдта Сурандо, фæлæ Баймæты йæ маст рахаста æмæ, Бигъайы кæртмæ кæуылты ‘ртахт, уый нæ бафиппайдта.

Æрмæст Бигъайы кæртмæ куы ‘рхæццæ, уæд Сурандойæн загъта:

– Ауай хæдзармæ, зæгъ дæ фыдæн æмæ йæхи хъахъхъæна, цæмæй йыл дзæгъæл нæмыг ма сæмбæла.

Сурандо хæдзармæ бауад. Алы хуызты тырныдта, цæмæй исты ‘гъдауæй йæ фыдæн бамбарын кæна Баймæты фæдзæхст. Фæлæ Бигъа уыди расыг. Йе ‘взаг йæ дзыхы нал хатыд. Дзебысы фырттæ дæр сæ сæр, сæ фат не ‘мбарынц.

Баймæт нал бабыхста, хæдзарæй йæ хъустыл лæгбирæгъты хæццæ ныхас куы ауад, уæд. Уыцы иу сæррæтт бакодта кардæлвæстæй æмæ сыл сонт хъæр фæкодта:

– Цæттæ лæуут, Дзебысы хъал фырттæ, кæвдæсард Баймæтимæ уæ лæджыхъæд равдисын бахъуыд!

Хъандо æмæ иннæ æфсымæртæ уыцы иу сæррæтт фæкодтой фынгæй. Сæ кæрдтæ фелвæстой сæ кæрддзæмтæй. Фæлæ Баймæт, кæй зæгъын æй хъæуы, рæвдздæр архайдта. Уайтагъд Григайы уæхск иу цæфæй æрдавта, лæг ахауд æмæ йæ туг зæххыл алæсæн кодта. Фæцыд гæрах, æмæ Мырзæ æрхауди зæххыл. Цæвиттон, иннæ хатæнæй Сурандо йæ фыды дамбаца радавта æмæ йæ Мырзæйы риуыл фæкодта.

Бигъа йæхи баппæрста Баймæтыл æмæ кæуынхъæлæсæй загъта:

– Дæ хорзæхæй, ам сæ мæ хæдзары бындзагъд ма фæкæн!

Фæлæ ма цы урæдта Баймæты, Илыкъы фæсонтæ кардæй æрриуыгъта. Фæсонтæй туг фемæхст. Лæппу йæ бон базыдта, къæсæры сæрты йæхи раппæрста æмæ дынджыр къæйыл йæ тъæпп фæцыд. Баймæт афтæ банхъæлдта, зæгъгæ, Илыкъ фæмард æмæ йæ фæдыл нал рахызт. Аракæс-бакæс кодта хæдзары къуымты æмæ сырдтæн сæ тæккæ карздæрыл йæ цæст нал æрхæцыд, æмæ та фæхъæр кодта:

– Æй, мæнæйуый, се 'ппæты разæй дын маринаг чи уыдис, уый куы фæлыгъд!

Цæвиттон, Хъандо Сурандойы дæр дамбацаимæ куы федта, уæд бамбæрста, дыууæйæ сæ бындзагъд кæндзысты, æмæ уайтагъд уыцы иу сæррæтт акодта, бæхыл абадт æмæ йæ Хъемултайырдæм фæцарæзта. Баймæт йæ фæстæ кардæлвæстæй ратахт хæдзарæй, фæлæ Сурандо йæ размæ фæци.

– Баймæт, сырдтæй æртæ фæмард...

– Фæлæ сæ хъыхъхъагдæр аирвæзт! – загъта Баймæт.

– Уадз æмæ аирвæзæд. Ныр бамбардзæн Хъандо, йæхицæй тыхджындæр лæппуйыл кæй фембæлд, уый. Курын дæ, æмæ цæуыны фæнд мауал скæн!

Баймæт Сурандойы тæригъæддæг цæсгоммæ куы бакаст, уæд арф ныуулæфыд æмæ йæ кард æруагъта.

– Фæуæд дæ ныхас, Сурандо, фæлæ абон уа, сом, уыцы бирæгъ мын никæдæм аирвæздзæн.

Илыкъ Баймæты кардæй ахъаззаг цæф куы фæци æмæ

къæсæрæй йæхи æфсоны æппæрст куы ракодта, уæд ма тыхтæ-амæлттæй йæхиуыл схæцыд æмæ хъæдмæ бахылд. Æхсæв уым арвыста, стæй йæхи куы 'рæмбæрста, уæд куыддæртæй сæхимæ фæцыд.

Æнæхъæн комы æрвнæрæгау айхъуысти, зæгъгæ, Дзебысы фыртты чидæр фæцагъта.

Фælæ чи уыди, уый нал раргом. Хъандо æмæ Илыкъ бæргæ зыдтой, чи сæ фæцагъта, уый, фæлæ йæ сæ сæрмæ нæ хастой, Баймæт уыди, уый зæгъын. Рæстæг цыд. Илыкъæн нæма байгас йæ карды цæф. Уымæ гæсгæ Хъандо иунæгæй зылд Баймæты фæстæ. Иу афæдзæй фылдæр рацыди, фæлæ йыл Хъандо нæма сæмбæлд. Баймæт цыма зæххы скъуыды аирвæзт, уыйау нал разынд. Æгæрыстæмæй, кæм уыд, уый Сурандо дæр нæ зыдта.

Иудзырдæй, дыууæ туджджыны кæрæдзи агуырдтой, кæрæдзи фæстæ зилынтæ систой. Сæ иу иннæйы аныхъуырынмæ хъавыд. Нал цыди хъæумæ Хъандо дæр. Фæлыгъд абырæг. Гуацъæтæй æдас нал уыди. Уæдмæ та Илыкъ дæр рабадт.

Иу изæр та Гуацъæты лæгтæ мусонгмæ 'рбамбырд сты. Хъæцлæу дæр уым бадтис æмæ æнкъардæй зæхмæ каст. Æппынæрæджиау афтæ бакодта:

– Уæ, йæ цæрæнбон бирæ фæуа уыцы гуырдæн, Дзебысы лæгбирæгъты Бигъайы хæдзары чи 'рфæлдæхта. Фæлæ ма дзы абырæг чи фæлыгъди, мæ хуртæ, уый нæ æвыдæй кæй нæ ныууадздзæн, уый гуырысхойаг нæу.

Доти къæмдзæстыгæй бакасти Хъæцлæумæ æмæ йын загъта:

– Исты нын бауынаффæ кæн, дæ хорзæхæй.

– Цы ма у мæ зонд, уæ рынтæ бахæрон. Мæ сæрымагъз сæрыкæхцы батад. Зæрдæ риуы баруад, бампылд. Фырмæстæй мæ цæстырухс батар. Цы ма зæгъон. Цы 'рцыд, уымæн раздахæн нал ис. Фæлæ цы 'рцæудзæн, уымæй хи бахизын хъæуы.

– Бахай кæн дæ фидар зондæй, нæ зонджын Хъæцлæу. Айразмæйы рæдыд нал фæкæндзыстæм. Не 'нарæхсты аххосæй аирвæзтысты нæ фынгæй! – лæгъстæгæнæджы хуызы загъта Борсæ дæр.

– Майрæм мæрдты дзæнæты бадæд. Уый туг уæ бæсты чидæр райста, мæ хуртæ, – райдыдта Хъæцлæу, – фæлæ Хæмыц, æвæццæгæн, уæлæуыл куыд иунæг уыди, мæрдты дæр афтæ иунæг у. Йæ туг абон дæр ма æнæистæй баззад. Иу æнæбары хъуыды æрцыд мæ сæрмæ æмæ...

– Зæгъ, зæгъ, Хъæцлæу, мах цæттæ стæм, – схор-хор кодтой.

– Уæлæ Комыхъæуы бынмæ æрдузы кæрон хъæдрæбын цы налат Косерхан цæры, уымæн лымæн у Хъандо. Гъе æмæ уыцы сылгоймагæн исты зынаргъ дзаума балæвар хъæуы, цæмæй уæ къухы бафта Хъандо. Уæ фос, уæ зæхх дæр фæлтау рауæлдай кæнут æмæ ацы тæссаджы цардæй фервæзæм.

Косерхан царди зыбыты иунæгæй. Йæ лæджы амæлæты фæстæ фесæфта ирон сылгоймаджы æгъдау æмæ схæтаг. Дзебысы фырттæ сæ рæстæг арæх æрвыстой налат Косерханы хæдзары. Æцæг æм афтидармæй нæ цыдысты. Цух æй ницæмæй уагътой сæ давæггæгтæй, æмæ сын Косерхан дæр фæрныг фысым уыди цъæх арахъхъ æмæ йæ хъахбайдзинадæй.

Дыккаг райсом Борсæ бæх аифтыгъта. Йæ дзаумæттæ раивта, хотыхтæ райста æмæ дзуры йæ усмæ мидбылхудгæйæ.

– Дæ хорзæхæй, айразмæ дын цы къабайаг балхæдтон, уый æмæ мын дæ къухдарæн ратт.

Куыд, цы, фæлæ Борсæ йæ бæхыл абадт æмæ фæцæуæг Комыхъæумæ. Косерханы кæрты æрхызт. Уайтагъд æм Косерхан рауад мидбылхудгæ, хæдзармæ йæ бахуыдта.

Косерхан рагæй бæллыди, цæмæй Борсæимæ слымæн уа. Фынг æрæвæрдта Борсæйы размæ æмæ ‘рбадт йæ фаллаг фарс.

– Цæй, мæ хур, исты уал ахæрæм. Фæйнæ сыкъайы аназæм. Адæм лæгæн иу ад нæ кæнынц, – райдыдта Косерхан.

Борсæ фембæрста Косеры налат хъуыды æмæ йæхинымæр бакодта: «Уæ, налат сыл, цытæ хъуыды кæны!» – æргомæй та йын загъта:

– Ма тыхс, Косерхан, ницы хъæуы... Æрмæст дæм иу хъуыддаджы тыххæй суадтæн, æмæ мын кæд мæ фæндон сæххæст кæнай, уæд уый – хуыздæр...

– Дæ хуызæн цæргæсæн æз «нæ» ницæмæй зæгъдзынæн. Æрмæст уал мæ армæйдзаг фен.

Борсæмæ бадардта йедзаг сыкъа. Анызтытæ кодтой сæ дыууæ дæр, уæдæ цы уыдаид! Косерханы цæсгом артау пиллон уадзы. Хæстæгдæр бабадт Борсæмæ:

– Æз рагæй бæллыдтæн демæ аныхас кæнынмæ, ды та мæнæй дæрдты зилыс, – загъта ус æмæ йын йæ армытъæпæнмæ бавнæлдта.

– Мæн дæр бæргæ фæндыд, абоны онг дæр мын демæ аныхæстæн фадат куы уыдаид, фæлæ, дæхæдæг зоныс, Хъандо нæ туджджын у. Гъе æмæ уый та демæ лымæн у, – афтæ дзургæ

йе тарæй систа къабайаг. Йæ дзыппæй та систа æвзист къухдарæн æмæ йæ Косерханы астæуккаг æнгуылдзыл бакодта.

Косерхан тынгдæр бабуц ис. Цæсгом цæхæр фестад, æркæстытæ кодта къухдарæнмæ æмæ дзуры мидбылхудгæ:

– Бауырнæд дæ, Борсæ, ахæм лæвар мын никуыма ничи ракодта. Мæ уд дæ фæхъхъау фод! – йæ уадулæн ын ныпъпъа кодта.

– Косерхан, уый ницы уадиссаг лæвар у, мæ ис-мæ бон æрдæгыл уæд дæуимæ, æрмæст мын зæгъ, кæд æмæ дæм цафон æрцæуы Хъандо?

Косерхан фембæрста, Борсæ йын ахæм лæвæрттæ цæмæн кодта, Гуацъæты исбонæн йе 'мбис цæмæн дæтты, уый. Исдуг хъуыдыты аныгъуылди, стæй мидбылхудгæ дзуры:

– Бамбæрстон дæ, Борсæ. Ды Хъандойы амарынмæ хъавыс. Кæд афтæ сфæнд кодтай, уæд зæххæй ард бахæр, Хуыцауæй сомы бакæн, куыд абонæй фæстæмæ лымæнтæ уыдзыстæм æмæ мæм арæх цæудзынæ.

Борсæйы бæргæ нæ фæндыд ахæм æгъдауæй ард бахæрын, фæлæ йын æндæр амал нæ уыд, æмæ Хуыцауæй карз сомы ракодта.

Косерхан дурын фынгыл æрæвæрдта æмæ райдыдта дзурын:

– Хъандо æртæ боны размæ уыд ам. Кæмдæр диссаджы уайаг бæх зоны æмæ уый давынмæ фæцыд. Ахсæв нæма 'рцæудзæн. Фæлæ сом куы баизæр уа, уæд æнæмæнг æрхиздзæн фæсхохæй. Мæн æнæмæнг абæрæг кæндзæн. Æз афтæ бакæндзынæн, æмæ йæ æмбисæхсæвтæм нæ ауадздзынæн ацæуын. Стæй йын уæд зæгъдзынæн, зæгъгæ, де 'фсымæр тынг рынчын у æмæ йæм ныууай. Уый ныллæудзæн сæхимæ цæуыныл. Æз йæ фæстæ рухс адардзынæн. Сымах уæд зондзыстут, æнæмæнг кæй фæцæуы. Гъе æмæ уæд – уæ хъару æмæ уæхæдæг!

Ууыл фæци йæ ныхас. Борсæйы æрбахъæбыс кодта. Уымæн дæр нæ зæгъын йæ бон нал баци...

Дыккаг бон Борсæ фæдзырдта Доти æмæ Томамæ æмæ сын рахабар кодта, знон ын Косерхан цытæ фæдзырдта, уыдон. Загъта сын, Хъандо абон æмбисæхсæвты кæй æрцæудзæн Косерханмæ.

– Ацы 'хсæв ма нын куы аирвæза, уæд нæхи къухæй райсæм хотыхтæ æмæ нæхи фæцæгъдæм.

Доти æмæ Томайæн тынг æхсызгон уыди, Борсæ бæстон кæй сбæрæг кодта уыцы налаты 'рцыд æмæ Хъæцлæуæн дæр ницыуал загътой. Хур куы ныттылди уæлæ фæсхохмæ, æмæ бон та

йæ фæстæ агурæг куы фæцыд, афтæ Гуацъæтæ æртæйæ схæрд кодтой хъæуыбын Косеры хæдзармæ. Доти æрдузы бын йæ мидбынат æрлæууыд æмæ йе 'мбæлттæн загъта:

– Иумæ кæй цæуæм, уый нæу раст. Цæй, афтæ бакæнæм, æмæ нæ иу аздæхæд, ахизæд донæй нæхирдæм, уæртæ Хъемултайы бын фæхæрдгæнæны, сисгæрон кæрдойы бын æрбадæд æмæ цырд хъахъхъæнæд, науæд ам æрдузты уырдыгмæ цалдæр раны ис æрцæуæн, æмæ нын æндæр рæтты куы аирвæза. Ардыгæй кæд аирвæза, уæддæр Хъандойæн уыцы кæрдойы бынты æнæцæугæ нæй. Ууылты æндæр фæндаг нæй.

Тома фæстæмæ раздæхт, æмæ Хъемултамæ фæхæрдгæнæны цы сисамад уыди фæндаггæрон, уый уæллаг фарс кæрдойы бын æрбынат кодта.

Доти æмæ Борсæ ма чысыл суадысты æмæ Косерхантæм æрцæуæны нæзыты 'хсæн бамбæхстысты афтæ, цæмæй сæм зындаид Косерханты ракæсæн къуылдым.

Бадынц Гуацъæтæ æртæйæ. Бадынц æмæ æнхъæлмæ кæсынц Хъандомæ. Фæлæ Косерхан куыд загъта, афтæ нæ рауад. Æрдæгæхсæвæй аивгъуыдта, фæлæ Хъандо никæцæй зыны. Уæд Доти рамæсты æмæ Борсæйæн мæстыхуызæй загъта:

– Цæй, цæуæм нæхимæ. Æвæццæгæн, уыцы налат Косерхан дæуæн мæнг ныхæстæ фæкодта. Налат сылæн цынæ 'нтысы, ам нын нæхи дæр фæцæгъдын кæндзæн.

Борсæ дæр бакатай, басагъæс кодта, фæлæ æргом ницы загъта. Сæ дыууæ дæр уæнтæхъилæй араст сты фæстæмæ сæ фæд-фæд.

Пацъайы былмæ нæма ныххæццæ сты, афтæ уæлæ æрдузы зæнгæй цырагъы рухс ферттывта. Борсæитæн ма цы бамбарын хъуыди, Косерхан сæм базоныны тыххæй кæй срухс кодта, зæгъгæ, фæцæуы уæ амæддаг.

Фæстæмæ ма фездæхтысты, арф ададжы æрбахизæны, зæгъгæ, кæд йæ рæзты фæуаиккам, фæлæ Хъандо йæ давæггаг бæхыл уæдмæ Пацъайы æрмидæг æмæ фæхæрд кодта Хъемултайырдæм.

Томайы хъустыл ауад бæхы къæхтыхъæр æмæ топпы гæрах. Цæвиттон, Борсæитæн куы раирвæзт, уæд иу æхст фæкодтой, цæмæй Тома цырд фæлæууа æмæ йын ма аирвæза.

Хъандо ма йæ бæх фæурæдта, ахъуыдытæ кодта, зæгъгæ, ацы æнафоны уый цæй топпы хъæр у, фæлæ та йæхицæн ныфс авæрдта: «Ацы хотыхтæ ма мæ цæмæн хъæуынц», – февнæлдта йæ хæцæнгæрзтæм, æмæ та бæхы фесхуыста. Фæлæ йæ бирæ суа-

йын нал бахъуыд. Сисмæ куыд схæццæ, афтæ йын йæ риуыл Тома топп авæрдта æмæ æргом фæхъæр кодта:

– Фæлæуу, тугдзых сырд, ныр нал аирвæздзынæ!

Хъандо ма бæхæй рагæпп кæнын афæнд кодта, фæлæ уæдмæ йæ риуы топпы нæмыг иннæрдæм ахызт, æмæ лæг æмбыд кæлдымау зæхмæ æрхауд. Йæ сау туг къæйтыл алæсæн кодта, йæ гæндзæхтæ бацагъта.

Топпы хъæртæ æхсæвы сабырдзинад æрбайхæлдтой æмæ кæмтты анæрыдысты.

Баймæт цалдæр азы йæ уæзæгмæ æмгæрон нал æрцыд. Æрмæстиу Цадыхъæумæ æрцыд, уый дæр хæрз стæм хатт, цæмæй Сурандойы абæрæг кæна. Гъе фæлæ йæ ацы ‘хсæв цыдæр фыдбылызтæ æрхастой хъæумæ. Раст хъæуы сæрмæ куы ‘рхæццæ, уæд йæ хъусты анæрыдысты топпы гæрæхтæ. Баймæт фæсонтау, йæ кард кæрддзæмæй фелвæста, иннæ къухмæ дамбаца райста æмæ, гæрæхтæ чердыгæй фæцыд, уыцырдæм æруад.

Адæм сæмхæццæ сты æхсæвы тары. Уынгты тарстхуызæй рауай-бауай кæнынц. Фæлæ дæлæмæ хъæуæй ничи уæнды.

Баймæт раст Пацъайы акæсæнмæ куыд ныхæццæ, афтæ фæкаст, æмæ уæлæ йæ фæстæ кардæлвæстæй æруайы Илыкъ. Баймæт æм фездæхт æмæ, тыххудт бакæнгæйæ, загъта:

– Гъа, мæ хæлар, мæнæ та цæй æхсарджынæй фембæлдтæн ме знагыл. Цæй, фæстаг хатт бавзарæм! – хæстæг æм бауади.

Кæрдтæй хæст стынг. Æндон кæрдтæ-иу æхсæвы тары цæхæр акалдтой. Илыкъ фæллайын байдыдта. Уæдмæ йын Баймæт кардæй йæ сæрыфахс – хъусæй, русæй – иумæ уæхскыл авæрдта. Илыкъ æрхауд æмæ тæригъæддаг хъæлæсæй загъта Баймæтæн:

– Дæ маст мæ райстай, Баймæт. Мах цæгъдинаг уыдыстæм, æмæ нæ бындзагъд дæр фæкодтат. Фæлæ дæ курын, æмæ мæ ам ма амар. Æз уæддæр нал баззайдзынæн удæгас...

Баймæт фæтæригъæд кодта йе знагæн æмæ йæ кард æруагъта. Февнæлдта Илыкъмæ, зæгъгæ, йæ кæрдæгыл æрæвæрон. Хинæйдзаг Илыкъ дамбаца раст Баймæты риуыл фæкодта, æмæ ма Баймæт фæхъæр кодта:

– У-у, джауыр, уæдæ уый уыди дæ лæгъстæйы сæр! Йæ риумæ ма февнæлдта, фæлæ туг æнгуылдзты ‘хсæнты цыхцыр ныллæууыд Йæ тых, йæ бонæй ма кард бæрзонд систа, фæлæ Илыкъы æрцæвын йæ бон нал баци. Размæ бахауд, æмæ дыууæйæ дæр сæ удтæ систой.

# АИВАД, КУЛЬТУРÆ

*МЗОКТЫ Аслæнбег*

## «НЫВГÆНÆГ ЙÆ УДЫХЪÆД ЙÆ НЫВТЫ РАВДИСЫ»

*Интервью Цæллагты Фатимæимæ*

Курдиатджын нывгæнæг æмæ фæлтæрд ахуыргæнæг Цæллагты Фатимæйы ном зындгонд у аивадуарзджытæн. Йæ нывтæ йын арæх фенæн вæййы нæ республикæйы, Уæрæсейы æмæ фæсарæнты сахарты равдыстыты.

Фатимæ у Цæгат Ирыстоны сгуыхт нывгæнæг, Уæрæсейы Федерацийы Нывгæнджыты цæдисы уæнг, педагогон зонæдты кандидат, юриспруденцийы магистр.

Æз фембæлдтæн нывгæнæгимæ йæ æрмадзы Дзæуджыхъæуы сфæлдыстадон хæдзары.

– *Фатимæ, аивадмæ де сфæлдыстадон фæндаг куыд райдыдта? Чи уыдысты дæ ахуыргæнджытæ?*

– Зæгъæн ис, мæ фыццаг ахуыргæнæг уыди мæ фыд Цæллагты Хъасболат. Куыста историйы ахуыргæнæгæй, фæлæ, аивад кæй уарзта, уымæ гæсгæ мæнæн лæвæрдта ныв кæныны уроктæ. Æстæм къласы фæстæ ахуырмæ бацыдтæн Дзæуджыхъæуы нывкæнынады училищæмæ. Нæ ахуыргæнджытæ нæм кастысты, цыма раст сæхи цот уыдыстæм, ахæм цæстæй. Сæ нæмттæ мæ рох никуы уыдзысты, сæрæй сын ныллæг кувын – Саккаты Эльбрусæн, Дзбойты Михалæн, Бедойты Шалвайæн, Къæбулты Муратæн, Хетæггаты Хъазыбегæн. Училищæйы сæргъы уæд лæууыди Гæздæнты Зарæ. Афтæ мæм фæкæсы, цыма мах, уæды ахуырдзаутæ, уыдыстæм куырм гæдыйы лæппынты хуызæн. Æмæ нын уыдон байгом кодтой ацы дунейы рæсугъддзинад.

– *Дæ фыд Цæллагты Хъасболат уыди тынг уæздан æмæ кадджын адæймагыл нымад, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты æмæ фæллойы ветеран. Мæ мад Цæллагты Грисæйы чызг Зæидæ-иу ын арæх ракодта йæ царды хабæрттæ. Хъасболаты та мæ мад зыдта диссаджы къухты хицауæй: алцæмæ дæр арæхст, алцыдæр-иу йæхи къухтæй сарæзта. Ды дæр æмæ дæ кæстæр*

*æфсымæр Виктор дæр уæ дзæнæтыбадинаг фыд Хъасболаты зонд æмæ къухты курдиатæй хайджын фестут. Разы дæ мемæ?*

– Тынг раст зæгъыс, Аслæнбег. Нæ фыд къухæй тынг арæхстджын уыди. Ныр дæр ма нæ хæдзары ис йæхи конд фынг, бандæттæ, арынгтæ, стъолтæ, асинтæ. Æхсызгон вæййы, хиуæттæ, зонгæтæ куы фæзæгъынц: махмæ ис Хъасболаты конд бандон, кæнæ фынг. Уымæй уæлдай ма нæ фыды арæх хуыдтой фидауæг, чындзхæссæг. Дзурынмæ, кувынмæ тынг дæсны уыд, йæ ныхасæн кодтой аргъ. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг хæцыди Керчы, Новороссийскы. Фæцæф æмæ Тифлисы госпитæлы цасдæр рæстæг фæци. Йæ царды фæстаг бонмæ фæсивæдимæ кодта хъомыладон куыст.

– *Мæнмæ гæсгæ, Фатимæ, дæу дæ алы нывæй дæр фæнды адæмæн цыдæр ахсджиаг хъуыды зæгъын.*

– Мæ хъуыдымæ гæсгæ, аивад хъуамæ адæймагæн йæ зæрдæ рухс кæна. Махæн нæ алыварс цы диссаджы фидыцтæ ис, уыдон нывгæнæджы цæст уайтагъддæр ацахсы. Æмæ йæ хæс у уыцы фидыцтæ иннæтæн дæр фенын кæнын. Алы нывгæнæг дæр йæ удыхъæд йæ нывты равдисы.

Мæ зæрдыл æрлæууыдысты, Петербурджы Академийы куы ахуыр кодтон, мæ уæды ахуыргæнæг, зындгонд уырыссаг нывгæнæг Гурбанов Геннадийы ныхæстæ: «Чем морально чище художник, тем более ему удается передать пространство».

Цалдæр хатты уыдтæн Европæйы – Париж, Брюссель, Люксембург, Мюнхен, Флоренци, Венеци, Феррарæ, Прагæ, Дрезден, Венæ æмæ Мальтæйы сакъадахы. Ахæм балцытæ тынг ахсджиаг сты нывгæнæгæн. Уымы архитектурæ æмæ музейтæ куы фена, уæд хъæздыгдæр кæны.

– *Дæ размæ дæр Ирыстоны уыдис акварелæй чи пайда кодта, ахæм нывгæнджытæ. Фæлæ дзы дæ къухы стыр æнтыстытæ бафтыдис. Цы у дæуæн акварель?*

– Цы у мæнæн акварель? Мæнмæ гæсгæ, ацы фæрæзæй хуызджынæй æрдзæн йæ алыхуызон уавæртæ равдисынæн: хурбон, къæвда, мигъ, хурыскаст, хурныгуылд æмæ афтæ дарддæр. Куыд нæ уыд Ирыстоны, акварелы ахорæнтæй чи ныв кодта, ахæмтæ? Дзанайты Азанбег, Абойты Зауырбег, Гæздæнты Цопан, Æрчъеккаты Аслæнбег. Мæн æдзухдæр дисы ‘фтауы Дзанайты Азанбеджы сфæлдыстад. Уый уыди, мæнæ уырыссагау куыд фæзæгъынц: «самородок». Иу адæймагмæ уал курдиаты уæд,

уый тынг диссаг у: нывгæнæг, график, скульптор, кинорежиссер, кинойы нывгæнæг. Тынг бæрзонд мæм æвæрд у Тугъанты Махарбеджы сфæлдыстад дæр.

– «Алкæмæ йæхи курдиат ис», – фыста А. С. Грибоедов. Уыцы ахорæнтæ æмæ донæй астæуккаг скъолайы æз дæр бирæ фесæфтон урс гæххæтт, дидинджытæ æмæ алыхуызон дзауматæ куы ныв кодтон, уæд. Дæуæн, Фатимæ, Дунесфæлдисæг нæ бавгъау кодта нывгæнæджы курдиат. Цавæр æрдзæй рахæсгæ миниуджытæ хъæуы, дæ хъуыдымæ гæсгæ, адæймаджы, цæмæй суа курдиатджын нывгæнæг?

– Мæнмæ гæсгæ, алы сывæллон дæр райгуыры цавæрдæр курдиатимæ. Æмæ ныййарджытæн сæ хæс у уыцы курдиат раргом кæнын æмæ сывæллоны уыцы фæндагыл саразын. Курдиат иу у, фæлæ æнæмæнг хъæуы ахуыр кæнын æмæ æнæрынцойæ кусын. Æз Дзæуджыхъæуы нывкæнынады училищæйы фæстæ ахуыр кодтон Петербурджы Аивæдты академийы. Æмæ уæдæй нырмæ кусын мæхиуыл. Æмбарын æй, цæрæнбонты дæр кæй хъæуы ахуыр кæнын.

*– Дæ нывтæ «Уæлладжыры ком», «Хæххон хъæу», «Барзыхъæу», «Дæллагхъæу», «Нар», «Хъæугæрон», «Кæрт Цымытийы», «Зымæгон изæр», «Хидыхъус, къæвда», «Цымыти фæскъæвда», «Уынал», «Дыгуры ком», «Лæц»-мæ куы фæкæсын, уæд сæ уындæй нал фефсæдын, цыма сæ мæ царды бонты фыццаг хатт фенын. Уæлдай зынаргъ дын сты дæ райгуырæн Уæлладжыры æмæ Куырттаты кæмттæ. Дæ ацы нывтæй цы зæгъынмæ фæхъавыс?*

– Ирыстоны æрдз афтæ хъæздыг у, æмæ мæ фæнды уыцы хъæздыгдзинад адæмæн равдисын. Фыссын портреттæ дæр. Махмæ тынг рæсугъд адæм ис, æмæ нывгæнæджы хъуамæ куыд нæ фæнда, ахæм адæймæгтæн сæ сурæт скæнын! Арæх кæнын дидинджыты бæстыты нывтæ. Алы дидинæгæн дæр ис йæхи хуыз, æмæ уый мæн дисы æфтауы. Æз æрдз æмæ адæймаджы мæхирдыгонау æмбарын. Мæ нывтæм чи кæсдзæн, уыдонæн дæр хион куы суаиккой, уый мæ фæнды.

*– Цавæр зæрдæйы миниуджытæн кæныс аргъ? Æнæуынон та дын дзы цавæртæ сты?*

– Алы адæймаг дæр фидауы йе ‘гъдауæй. Æгъдау – ацы дзырды ис бирæ миниуджытæ: уæздандзинад, æфсарм, хæларзæрдæ æмæ афтæ дарддæр. Адæймагæн йæ бон тынг бирæ

у. Хъуамæ йæхæдæг йæ царды фæндаг араза. Æмæ уый куы ‘мбара, уæд дзы исты рауайдзæн. Алы адæймагæн дæр цард у стыр лæвар, æмæ йæм куыдфæндыйы цæстæй кæсæн нæй. Нæ сомыгæнæн Къоста нын дзæгъæлы нæ бафæдзæхста:

Зæрдæхъæлдзæгæй кус
Æмæ бæззай лæгæн...

*– Ацы нывтæ та – «Уынал», «Алагиры аргъуан», «Алагиры аргъуан. Зымæг», «Алагиры аргъуан. Фæззæг», «Дзæуджыхъæу. Фæззæг» – мæ бон у схонын –* ***«зæдбадæн бынæттæ»****, уымæн æмæ дæуæн сты, зæгъæн куыд нæй, афтæ зынаргъ.*

*– Мæнæй хуыздæр дæ фарстæн дзуапп радта нæ номдзыд зынгхуыст поэт Кочысаты Мухарбег:*

Фæлæ уæддæр, Фыдыбæстæ,
Дæуæн æмбал кæм и...
Дæуæй зынаргъдæр, адджындæр,
Зæгъ-ма йæ, чи у, чи...

*– Айдагъ курдиатджын нывгæнæг нæ дæ, фæлæ ма амондджын хъомылгæнæг æмæ ахуыргæнæг. Хъуыды ма йæ кæнын, дæ зонындзинæдтæ æвзонг ахуырдзаутæн Алагиры аивæдты скъолайы куыд рæдауæй лæвæрдтай, уый. Уæдæ ЦИПУ-йы аивæдты факультеты студенттæ дæр дæуæй тынг æппæлынц. Уый банкъардтон, дæ ахуыргæнинæгтимæ Нузалы аргъуанмæ куы ‘рцыдтæ, Вола Тлиаджы къулфыстытæ фенынмæ, уæд.*

– 33 азы кусын ахуыргæнæгæй Дзæуджыхъæуы Дзанайты Азанбеджы номыл нывкæнынады училищæйы. Кæй зæгъын æй хъæуы, ацы куыст æнцон нæу. Фæлæ нæм ис хорз, курдиатджын фæсивæд. Бирæтæ дзы училищæйы фæстæ бацæуынц уæлдæр ахуыргæнæндæттæм Мæскуы æмæ Петербурджы. Нывкæнынæй уæлдай ма семæ кæнæм хъомыладон куыст дæр. Хъуамæ зоной нæ адæмон сфæлдыстад, нæ ирон культурæ æмæ истори, Ирыстоны нывгæнджыты, композиторты, музыкантты, скульпторты.

*– Дæ нывтæ «Зымæгон Петербург», «Академийы бæласдон», «Петропавловскы фидар» куы федтон, уæд мæ зæрдыл æрлæууыдысты, æфсады цы дыууæ азы фæдæн, уыдон. Дæ нывтæм гæсгæ дын æнкъарын дæ сагъæстæ. Цæмæй дын у афтæ зынаргъ Уæрæсейы дыккаг сæйраг сахар?*

– Петербург у дунейы сахартæн сæ рæсугъддæртæй иу. Петр I хуындмæ гæсгæ йæ арæзтой итайлаг архитектортæ. Æмæ, куыд

зонæм, афтæмæй уыдонæй бæрзонддæр дæсныйад никæмæ уыди. Уым ахуыр кæнгæйæ, æз арæх цыдтæн Эрмитажмæ, Уырыссаг музеймæ, алыхуызон равдыстытæм, концерттæм, спектакльтæм. Гергиты Валерийы руаджы федтам оперон театры æппæт спектакльтæ дæр. Академи у дунейы уæлдæр ахуыргæнæн скъолатæн сæ тыхджындæртæй иу. Мæнæн Петербург у тынг зынаргъ æмæ уарзон.

*– Ды кæныс чингуытæн æддаг цъæрттæ æмæ аивадон уацмыстæм нывтæ-иллюстрацитæ дæр. Ам дзы дыууæйы кой скæндзынæн – чингуытæ «Коста Хетагуров. Избранное» (1986) æмæ Бертольд Брехт «Мамаша Кураж и ее дети» (1985). Цавæр Къостайы нывтæ сфæлдыстай, æз ахæм Нароны нæ зыдтон.*

– Æз фæдæн ахуыр графикæйы факультеты. Æртыккæгæм курсы равзæрстон мæхицæн– *чингуыты графикæйы хайад.* Ды цы чиныджы кой кæныс *«Коста Хетагуров. Избранное»,* уый уыдис мæ дипломон куыст. Æвдыстон æй ам дæр, Ирыстоны, цæмæй йæ рауадзой мыхуыры, фæлæ мын ахæм дзуапп радтой: «Æхца нæй, цæмæй йæ рауадзæм, уымæн». Æмæ æнхъæлмæ кæс хуыздæр афонмæ: кæд искуы йæ хал схауид. Скодтон ма иллюстрацитæ æндæр чингуытæн дæр: «Арабаг аргъæуттæм», Дауыраты Дамиры, Хæмыцаты Морисы, Цомартаты Изæтбеджы, Дудайты Чермены чингуытæм.

*– Нæ нырыккон курдиатджын нывгæнджыты кой куы кæнæм, уæд фыццæгты ‘хсæн ис де ‘фсымæр Цæллагты Виктор.*

– Æз дæн Викторæй 5 азы хистæр. Раздæр фæдæн каст. Фæлæ мæ зæрдыл хорз лæууы: Викторыл цыдаид уæд æртæ-цыппар азы. Нæ кæрты – Уыналы – къулæнцой лæууыдысты стыр фанертæ. Æмæ кæройнаг фанерыл Виктор сныв кодта стыр бирæгъы. Афтæ хорз ын рауад, æмæ йыл мах, сывæллæттæ, æрæмбырд стæм æмæ йыл дис кодтам. Нæ мад – Хæллатæй Клавдя – мæ фыццаг ахуыргæнæг-иу афтæ загъта: «Ды, Фатимæ, Академи каст фæдæ, фæлæ Викторæн Хуыцауæй лæвæрд у нывгæнæджы курдиат». Æвæццæгæн, раст у уый. Фæлæ дæ бауырнæд, адæймаг йæхиуыл куынæ куса, уæд йæ курдиат фесæфы. Виктор дæр каст фæци нывкæнынады училищæ, уый фæстæ та нæхи университеты аивæдты факультет. Мæнмæ гæсгæ, Викторæн йе сфæлдыстад у тынг бæрзонд. У Цæгат Ирыстоны сгуыхт нывгæнæг, Уæрæсейы Хицауады Паддзахадон премийы лауреат, Уæрæсейы Нывгæнджыты цæдисы уæнг. Викторы фырт За-

уырбег дæр сси нывгæнæг. Уый дæр каст фæци Дзæуджыхъæуы нывкæнынады училищæ, 2017 азы та – Мæскуыйы С. Г. Строгановы номыл нывкæнынады академи.

– *Дæ нывты равдыстытæ цалдæр хатты уыдысты Дзæуджыхъæуы, Мæскуыйы æмæ Уæрæсейы æндæр сахарты дæр. Арæх «Рæстдзинад»-ы бакæсын, фæсарæнты куыд сæмбæлынц дæ нывты равдыстыл Европæйы паддзахæдты цæрджытæ.*

– Ныр цалдæр азы дæргъы Пухаты Радионы хъæппæрисæй ирон нывгæнджытæ ацæуынц Европæйы паддзахæдтæм æмæ саразынц равдыстытæ. Мæнæн дæр бантыст семæ иумæйаг равдыстытæ скæнын Брюсселы, Люксембурджы, Авиоты (Цæгат Францы).

Равдыстытæй уæлдай ма дзы архайдтам пленэры дæр – æрдзы хъæбысы ныв кодтам. Уый фæстæ мæ къухы бафтыд равдыст саразын Италийы – сахар Каттоликæйы. Уырдæм мæ ахуыдта мæ раздæры ахуырдзау Тамайты Фатимæ. Фæнды мæ бузныг зæгъын Пухаты Радион æмæ Тамайты Фатимæйæн. Нывгæнæгæн ахæм равдыстытæ фæсарæнты сты ахсджиаг æмæ вазыгджын, уымæн æмæ зонгæ кæнынц æндæр адæмты мах цард æмæ аивадимæ. Стыр аргъ скодтой уым ирон нывгæнджыты сфæлдыстадæн. Тынг дисы мæ бафтауынц Европæйы сахартæ: сæ архитектурæ, сæ хидтæ, хæдзæрттæ, алыхуызон адæмты сурæттæ. Мюнхены та уыдтæн ме 'мкурсон Белых Любæйы хуындмæ гæсгæ. Скодта немыцаг мой æмæ цæры Мюнхены. Йæ лæгимæ мын фенын кодтой Баварийы сахартæ æмæ сæ фæстаг къарол Людвиг Дыккæгæмы галуантæ. Альпты къæдзæхтыл алы рæтты скодта диссаджы авд галуаны. Кæдæм-иу ацыдыстæм, уым-иу æнæмæнг ныв дæр кодтам, уый дæр, æз дæр. Парижы та уыдтæн ме 'фсымæр Викторимæ. Дзæгъæлы нæ фæзæгъынц: «Увидеть Париж и умереть», афтæ зынаргъ мын у Париж. Зæгъæн ис, Париж у сахар-музей. Уыйбæрц шедевртæ, æвæццæгæн, æндæр никæм ис.

– *Зындгонд францаг скульптор Огюст Роден загъта: «Дуне уæд уыдзæн амондæй йедзаг, алы адæймагæн дæр нывгænæджы уды сконд куы уа, уæд". Фатимæ, разы дæ ацы нывгæнæгимæ? Дæумæ гæсгæ, ахæм рæстæг дæр искуы скæндзæн?*

– Родены ныхас тынг раст у. Алы адæймаг дæр куы уына, йæ алыварс цы рæсугъддзинад ис, уый, уæд йæ удыхъæд æндæр уыдзæн. Йæ сагъæстæ, йæ хъуыдытæ адæймаджы ныккæнынц

сæ быны æмæ нал фæуыны, йæ алыварс цы æрдзон диссæгтæ ис, уыдон: хуры скаст, стъалыты æмæ мæйы рухс, бæрзонд хæхтæ, цæугæдæттæ... Куыд рæсугъд у адæймаджы сурæт, цæрæгойтæ, сырдтæ, зайæгойтæ! Æнæ уыдонæй нæй цæрæн, улæфæн, цин кæнæн, нывмæ кæсæн æмæ йæ æмбарæн.

*– Лæг ныфсæй цæры. Фатимæ, нывкæнынады дæуæн бирæ бантыст æмæ дын бантысдзæн. Цавæр хъуыдытæ дæм ис фидæнмæ? Цæмæ ма бæллы аивады æмæ царды дæ зæрдæ?*

– Цæмæ бæллын мæ куы бафæрсай, уæд дын æз зæгъдзынæн: мæ Ирыстоны, Уæрæсейы адæмы амондджынæй, зæрдæрухсæй, цардхъомæй фенынмæ. Нæ Ирыстон дидинæгкалгæ цæхæрадоны хуызæн сыгъдæг, райдзаст, хъæздыг, бæркадджын куыд уа, уымæ. Æмæ уый аразгæ у не 'ппæтæй дæр. Тынг мæ фæнды, цæмæй нæ рæсугъд æгъдæуттæ æххæст кæнæм. Нæ рагон мадæлон æвзаг куыд нæ фесæфа æмæ нæ адæм куыд бамбарой, не 'взаг кæй у нæ культурæйы ахсджиагдæр уидаг. Нæ фæсивæдмæ куы акæсай, уæд мæ уырнгæ дæр нал фæкæны, нæ фидæн кæй уыдзæн рухс æмæ амондджын. Мæ зæрдыл æрлæууыдысты зындгонд индиаг поэт æмæ философ Рабиндранат Тагоры куырыхон ныхæстæ: «Долг каждой нации – выявлять перед всем миром свою национальную сущность, свою национальную культуру. Если же нации нечего дать миру, – это следует рассматривать как национальное преступление, и это никогда не про щается историей».

*– Фатимæ, ацы аз дæуæн у юбилейон, æмæ дын мæхи æмæ нæ журналкæсджыты номæй арфæ кæнын. Нæ зæрдæ дын зæгъы, цæмæй Дунесфæлдисæджы фæрцы дæ къухы бафта ног сфæлдыстадон æнтыстытæ æмæ дæ нывтæ цинæй дзаг кæной адæмы зæрдæтæ!*

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ



*Нæ равдысты –* ***Цæллагты Фатимæйы*** *куыстытæ.*



Созырыхъойы сурæт.



Дзерассæ.



*Алагиры аргъуан. Зымæг.*



*Цымыти.*



*Нар.*



*Хидыхъус. Къæвда.*



*Монмартр.*



*Дрезден.*



Мюнхен.



Феррерæ. Итали.



*Бавари.*



*Ром. Дыууæизæрастæу.*



Прагæ.



Милан. Сыгъдæг Лаврентийы аргъуан.



Лувр.



Флоренци.



*Париж. Сæумæрайсом.*



*Париж. Наполеоны хид.*



*Гыццыл Къоста.*



*Мæдинæйы сурæт.*

# РÆСТÆГ – РÆСТÆВЗАРÆН

*БАСКАТЫ Уырызмæг*

## ФЫДЫ ФÆДЗÆХСТ

«Хистæрæн йæ фындз амæрз æмæ йæ зондæй бафæрс». Ацы ирон æмбисонд иттæг раст кæй у, уый цард йæхædæг иу æмæ дыууæ хатты нæ равдыста.

Фæлæ хистæртæ дæр алыхуызæттæ сты. Хатгай адæймагыл азтæ бирæ рацæуы, фæлæ йын уый адæмы ‘хсæн ницы ахады, уымæн æмæ йæ ныхасы, йæ хъуыддæгты нæдæр уæз вæййы, нæдæр апп.

Хорз æмæ нæм Ирыстоны рагæй дæр уыдис æмæ абон дæр ис æцæг фæрнджын хистæртæ. Уыдон уыдысты æмæ сты нæ адæмы удварн хъахъхъæнджытæ, æмæ сæм цас фылдæр хъусджытæ уа, уыйас нæ адæмы ‘хсæн рæдыд хъуыддæгтæ къаддæр цæудзæн.

Хистæр кæстæрыл куы ауда, æнæвгъау ын йæ зондæй хай куы кæна, уæд уыцы кæстæр рæдыд фæндагыл нæ ацæудзæн, фæлæ йæхædæг адæмæн уыдзæн хæрзгæнæг.

Æз мæхи амондджын хонын, мæ сабибонтæй фæстæмæ ахæм хистæртæй хайджын кæй фæдæн, уый тыххæй. Нæ хæдзары æмæ нæ сыхбæсты цы хистæртæ уыдтон, уыдонмæ хъусын æмæ кæсын уыди стыр скъола. Кæстæрты куыд хъахъхъæдтой рæдыд фæндагыл ацæуынæй, уый тыххæй дæнцæгæн æрхæсдзынæн ахæм цау.

1930-æм азты нæ Советон бæстæйы цы уавæр уыд, уый тыххæй абон дæр ма быцæу ныхас кæнынц бирæ политиктæ, ахуыргæндтæ æмæ хуымæтæг адæм. Советон бæстæйы уæд иуæй стыр арæзтæдтæ цыди, иннæмæй та дзы ног цардаразджытæ цы дæрзæг мадзæлттæй архайдтой, уыдон кæйдæрты зæрдæмæ нæ цыдысты, æмæ семæ тохы уæды хицæуттæ уыдысты æгæр æгъатыр. Хъыгагæн, ног царды æцæг знæгтæй уæлдай æфхæрд æрцыдысты бирæ æнаххос адæм. Иу бæллæх та ма уый уыд, æмæ цы уавæр сæвзæрди, уымæй пайда кодтой магусатæ,

хæлæггæнджытæ æмæ алыхуызон цъаммартæ. Уыдон-иу хахуыртæ афыстой, сæ зæрдæмæ чи нæ цыд, уыцы æнаххос адæймæгтыл, æмæ-иу уыйадыл лæг тæрхондоны смидæг.

Уыцы азты мæ фыд, Баскаты Бибола, куыста Æрыдоны колхоз «Сырх Æрыдон»-ы бригадирæй. Йæхæдæг куыд дзырдта, афтæмæй-иу боныцъæхтыл уыди йæ куысты. Колхозы размæ цы хæстæ лæууыд, уыдон æххæст кæнынæн бирæ фыдæбон хъуыди. Арæх-иу зылди хæдзарæй-хæдзармæ æмæ колхозонты быдырмæ æрвыста, куыд гæнæн ис, афтæ раздæр.

Æвæццæгæн, райсомæй фынæй кæнын чи уарзта, уыдонæй йæм чидæртæ мæсты кодтой æмæ йыл хахуыртæ ныффыстой НКВД-мæ. Уыцы рæстæг ахæм фыстæг уыди куыдзæн «уыст» зæгъæгау. Уайтагъд фæзындысты милицæ æмæ мæ фыды Дзæуджыхъæуы НКВД-йы ныккæнды смидæг кодтой.

Уый уыди хурбон арвы цæфау. Мæ мадæн уыцы рæстæг йæ дзидзидай æвдæм сывæллон, мæ хо Нинæ, уыди йæ хъæбысы æмæ зæрдæдзæф фæци. 36-аздзыд сылгоймаг йæ авд сывæллоны æвджид аззади. Кæй-иу æрцахстой, уыдонæй фæстæмæ ничиуал здæхт. Мæ мадæн фырадæргæй йæ иу фарс бандзыг æмæ ма дзæвгар рæстæг уыцы низимæ фæтухæнтæ кодта. Æнæнхъæлæджы дыууæ мæйы фæстæ мæ фыды ахæстонæй рауагътой. Уый уыцы рæстæг иуæй стыр амондджын хабар уыд, иннæмæй та дисы æфтыдта бирæты: цы хуызы йын бантыст НКВД-йы дзæмбытæй раирвæзын? Мæ фыды-иу исчи куы фарста йæ суæгъды тыххæй, уæд-иу сын загъта: «Ницы дзы ис диссагæй. Слестгæнджытæ лæмбынæг æркастысты хъуыддагмæ æмæ мæм аххосагæй куы ницы ссардтой, уæд мæ хатыр ракуырдтой æмæ мæ рауагътой». Йæ ныхасмæ гæсгæ, цыма слестгæнджытæй уæздандæр адæм нæ уыд, афтæ сæ æвдыста. Афтæ кæй нæ уыд, уый тыххæй радзырдта æрмæстдæр 1960-йæм азы.

Цæвиттон, ахæстоны уымæл ныккæнды цы хъизæмæрттæ бавзæрста, уыдон фæстæдæр йе 'нæниздзинадыл фæзындысты æндыснæджы хуызы, фæлæ йын уæддæр, йæхи загъдау, Хуыцау æххуыс кодта æмæ ахæстоны кусджытæй иу разынд мæ фыдæн йæ мадырвадæлтырдыгæй хæстæг. Уый йæ базыдта, фæлæ йæхи ницы зонæг скодта. Барæй ма йæм тызмæгдæрæй дæр дзырдта. Иу рæстæг ын сусæгæй хицæнæй куы зæгъид: «Бибола, цы гæххæтт дыл æрбацыд, уый у хæрз æдылыты фыст,

фæлæ дæ уæддæр домдзысты, цы суагъæ ныффыссой, ууыл дæ къух сæвæрын. Ды-иу æй лæмбынæг бакæс æмæ дзы цы нæ бакодтай, уыдæттæ фыст куы уа, уæд æй ма бафысс». Уыцы лæгæй базыдта мæ фыд, чи йыл ныффыста хахуыртæ, уыдоны нæмттæ дæр. Мæ фыд бакодта, йæ хæрзгæнæг ын куыд бацамыдта афтæ. Цынæ йын фæкодтой, уæддæр нæ бакуымдта мæнг гæххæтты къух бафыссын.

Уæд ма йын чекисттæ сарæзтой иу фæлварæн: йæ камерæмæ йын баппæрстой иу лæджы. Йæ цæсгом уыди цъæхтæ, раст цыма дæрзæг над баййæфта, афтæ. Иуцасдæр хъæрзæгау дæр кодта. Мæ фыд ын фætæригъæд кодта, фæлæ йын йæ бон цы уыд? Йæ ног æмбал дыккаг бон йæхимæ куы 'рцыд, уæд мæ фыды фæрсы: «Дæу та цæмæй азымджын кæнынц ацы цъаммартæ?» Мæ фыд ын загъта: «Нæ йæ зонын, чидæр мыл ныффыста, колхоз, дам, фехалынмæ хъавын æмæ мыггаджы нартхор бæхты къæхты бынмæ фæкалдтон». Ног æмбал, цыма ацы дзуапмæ æнхъæлмæ каст, афтæ Советон хицауад æмæ чекистты æлгъитын куы райдаид. Адæмы сафджытæ схуыдта большевикты æмæ Сталины дæр. Мæ фыды зæрдæ цæмæндæр фæкъæпп кодта, фæгуырысхо, кæд ацы лæджы мæн ракъахынмæ æрбарвыстой, зæгъгæ. Ацы хабары тыххæй афтæ радзырдта: «Æваст мæм цыма исчи сдзырдта, ацы лæг дæу ракъахынмæ æрбацыд, зæгъгæ. Æгæр-æгæр куы ныккалдта Советон хицауад æмæ суанг Сталиныл дæр, уæд мæ бынтондæр бауырныдта, провокатор кæй у, уый. Мæ маст рафыхт, æмæ ма мæм цы хъарутæ уыди, уыдон рамбырд кодтон æмæ йыл хафт-хафтæй ралæууыдтæн, ды кæй æлгъитыс, æз Советон цардыуагыл куы тох кæнын æрыгонæй нырмæ, зæгъгæ. Нæ хъæлæбамæ хъахъхъæнджытæ æрбагæппытæ кодтой. Мæн ныццæфтæ кодтой, ууыл та фæхæцыдысты æмæ йæ семæ хæссæгау акодтой. Чысыл фæстæдæр мæ слестгæнæг æрфарста, цæмæн фæнадтон уыцы лæджы, зæгъгæ. Æз ын загътон: ралгъыста мæ æмæ уымæн. Уый мæм æдзынæг ныккасти, стæй йæ мидбылты бахудæгау кодта æмæ ацыди. Ууыл ма æртæ боны рацыд, афтæ мæм фæдзырдтой æмæ мæ рауагътой».

Ацы хъуыддæгтæ куы æрцыдысты, уæд æз гуырд нæма уыдтæн. Не 'ппæты хистæр æфсымæр Тæтæри уыд æфсады, астæуккаг æфсымæр Данелыл та цыди аст азы. Данел хорз бахъуыды кодта, уыцы æбуалгъ хабар куы 'рцыд, уæд нæ мад цы

рынчын фæци æмæ нæ бинонтæ цы хъизæмайраг цард кодтой, уыдæттæ. Данел куы фæхъомылдæр, уæд нæ фыды фæрсын райдыдта, хахуыртæ йыл чи ныффыста, уыдонæй, фæлæ йын сæ уый не схъæр кодта.

1960-æм азы мыл цыди æвддæс азы, Данелыл та – дыууадæс æмæ ссæдз, афтæмæй иу бон нæ фыд кæцæйдæр нæхимæ æрбаздæхт. Фæлладæй йæхи бандоныл æруагъта, йæ худ систа, йæ хид къухмæрзæнæй асæрфта, стæй нæ мадмæ дзуры: «Уыныс, Ирон (нæ мад Аннæмæ дзырдта уыцы номæй), Хуыцауы тæрхон куыд рауади: сæ фæстаджы сын абон йе 'нусон дунемæ афæндараст кодтон. Се 'ртæйæ иу дæр мæ фæстæ нæ баззад». Данел хабар куы фехъуыста, уæд йæ армытъæпæнтæ ныццагъта: «Мæнæн та афтæ дзырдтай, нæ сæ зонын, нæ мын сæ схъæр кодтой чекисттæ». Нæ фыд йæ мидбылты бахудт æмæ сдзырдта: «Æз дæуæн дæ зондахаст мæ фондз æнгуылдзау зыдтон, æмæ уыдон нæмттæ куы схъæр кодтаин, уæд ды дæ масты фæдыл ацыдаис æмæ цавæр бæллæхы бахаудаис – Хуыцау йæ зонæг. Ныр дæр уæ курын æмæ сын сæ кæстæртæм ма сызнæт ут. Уыдон сæ хистæрты чъизи митæм ницы бар дарынц».

Мæ фыды ацы ныхæстæ мæ зæрдæйы ныххаудысты, æмæ-иу мыл царды искуы мæстаг хабар куы 'рцыд, уæд-иу æвиппайды йæ хъæлæс мæ хъустыл ауад. Цал æмæ цал хатты нæ ацыдтæн мæ масты фæдыл! Чи зоны, цал æмæ цавæр рæдыдтæй мæ бахызтой мæ фыды ацы фæдзæхстытæ...

# АРВИСТОН

## ЭЗОПЫ ÆМБИСÆНДТÆ

### 248. Æхсæр бæлас

Æхсæр бæлас зади фæндаггæрон, æмæ йæ рæзты чи цыд, уыдон ын дуртæй йæ дыргътæ цагътой. Бæлас, мæгуыр, иудадзыг хъæрзгæйæ дзырдта: «Цæй æнамонд дæн, цæй! Алы аз мæхицæн æрзайын кæнын рис æмæ æлгъыстытæ!»
Хæрзгæнæг, дам, хорз нæ ары.

### 251. Хæрæг æмæ хæргæфс

Хæрæг æмæ хæргæфс фæндагыл иумæ фæцæйцыдысты. Хæрæг ауыдта, сæ уæргътæ æмхуызон кæй сты, уый æмæ рамæсты, загъд самадта, хæргæфс, дам, ме 'мхуызон уаргъ цæмæн хæссы, хæргæ мæнæй фылдæр куы кæны, уæд? Иуцасдæр куы ауадысты, уæд хайуанты хицау бафиппайдта, хæрæгæн уаргъ хæссын йæ бон кæй нал у, уый. Гъемæ йын йе рагъæй йæ хæссинæгты иу хай райста æмæ сæ хæргæфсыл сæвæрдта. Иуцасдæр та ауадысты, æмæ та хицау уыны, хæрæг бынтон кæй бастад, уый. Лæг та йын йæ рагъæй иу хай хæргæфсы æккой бавæрдта. Фæстагмæ хæрæджы хæссинæгтæ иууылдæр хæргæфсы хай баисты. Уæд хæргæфс хæрæгмæ разылд æмæ йæм дзуры: «Цæй, куыд дæм кæсы, мæ лымæн, раст у, дæуæй мæм фылдæр холлаг кæй хауы, уый?»
Махæй алчидæр хъуамæ хъуыддæгтæн аргъ кæна рагацау нæ, фæлæ боныфæстагмæ.

### 252. Мæргътæахсæг æмæ хуыргарк

Мæргътæахсæгмæ æнафоны æрбацыд уазæг. Цæмæй йæ суазæг кодтаид, уый нæ уыд æмæ йе 'рмахуыр хуыргаркмæ бацыди – хъуамæ йæ аргæвда. Хуыргарк ын бауайдзæф кодта, æз, дам дын бирæ хæрзты куы бацыдтæн, мæхи хуызæтты,

дæм, æрбасайдтон, цæмæй сæ бахæрай, уæд мын ныр мæхи æргæвдыс? Уæд ын мæргътæахсæг ахæм дзуапп радта: «Афтæ у? Уæдæ де 'мбæлттыл гадзрахатæй кæй цыдтæ, уый тыххæй дæ раджы куы хъуыд аргæвдын!»

Æмбисонд амоны: йæ хионтыл гадзрахатæй чи цæуы, уый сæ цæстысындз у, кæй ауæй кодта, уыдонæн дæр æмæ сæ кæмæн ауæй кодта, уымæн дæр.

## 253. Дыууæ хызыны

Прометей адæмы куы сфæлдыста, уæд дзы алкæй уæхскыл дæр сауыгъта дыгай хызынтæ: иуы уыдис адæймагæн йæхи аиппытæ, иннæйы та æндæрты аиппытæ. Хи аиппытæ цы хызыны уыдысты, уый – фæсонтырдыгæй, иннæты хызын та – разырдыгæй. Гъемæ царды дæр афтæ у: искæй аиппытæ адæймаг æвиппайды ацахсы, йæхиуæттæ та уынгæ дæр нæ фæкæны.

Ис ахæм цымыдис адæймæгтæ: йæхи хъуыддæгтæн ницы фембары, афтæмæй искæйуæтты йæхи тъыссы.

## 254. Уаллон æмæ калм

Уаллон фынæй калмы ауыдта æмæ йæм бахæлæг кодта, афтæ даргъ кæй уыд, уый тыххæй. Æрфæндыд æй ахæм суæвын. Йæ фарсмæ схуыссыд æмæ йæхи ивазын байдыдта, цалынмæ нæ атъæпп ласта, уæдмæ.

Афтæ рауайы сæ хабар, тыхджынтимæ йæ хъару бавзарын кæй æрфæнды, уыдонæн.

## 255. Хъæддаг хуы, бæх æмæ цуанон

Хъæддаг хуы æмæ бæх хызтысты иу сæрвæты. Хуы æппынæдзух чъизи кодта кæрдæг æмæ дон. Бæхæн уый хъыг уыд æмæ æххуысмæ фæдзырдта цуанонмæ. Цуанон бæхæн афтæ, кæд, дам, дæхиуыл дзылар бакæнай æмæ мæ дæ уæлæ бадын бауадзай, уæд дын баххуыс кæндзынæн. Бæх уыцы фæндыл сразы. Цуанон бæхыл абадт æмæ хуыйыл фæуæлахиз, бæхы та йæ хæдзармæ æрбакодта æмæ йæ кæвдæсы цур бабаста.

Бирætæ æнæхъуаджы смæсты вæййынц æмæ сæ маст райсыны охыл сæхæдæг фыдбылызы бахауынц.

## 256. Куыдз æмæ хæринаггæнæг

Куыдз бацыди хæринаггæнæджы агъуыстмæ. Хицау æй куыд нæ фена, афтæ стуры зæрдæмæ фæлæбурдта æмæ лидзынмæ фæци. Хæринаггæнæг æй æрæджиау ауыдта æмæ йæ фæдыл хъæр кæны: «Дæхимæ ма-иу фæкæс, æнаккаг. Мæ зæрдæ мын нæ аскъæфтай, фæлæ мын дæхи зæрдæ ратдзынæ!»

Æмбисонд амоны: адæмæн сæ рæдыдтæ арæх зонды хос фæвæййынц.

## 257. Тæрхъустæ æмæ рувæстæ

Тæрхъустæн хæст бацайдагъ цæргæстимæ æмæ рувæстæй æххуыс бацагуырдтой. Фæлæ сын уыдон дзуапп радтой: «Чи стут, цы стут, уе знæгтæ цавæр сты, уый куынæ зоникккам, уæд уын баххуыс кæникккам».

Æмбисонд амоны: тыхджынтимæ тохы чи бацæуы, уыдон сæхæдæг сæхи хъахъхъæнынхъом нæ вæййынц.

## 258. Къогъо æмæ домбай

Къогъо домбайы цурмæ батахт æмæ хъæр кæны: «Æз дæуæй мисхалы бæрц дæр нæ тæрсын: æз дæуæй тыхджындæр дæн! Ахъуыды-ма кæн, дæ тых цæй мидæг и? Дæ ныхтæй тонын байдайыс, дæ дæндæгтæй та – хæцгæ! Æмæ уый цыфæнды усы бон дæр у, йæ лæгимæ куы фæхыл вæййы, уæд! Нæ, æз дæуæй бирæ тыхджындæр дæн! Кæд дæ фæнды, уæд схæцæм!» Къогъо дын уасынтæ систа, домбайыл йæхи андзæрста, йæ фындзыхуынчъыты цур, хъуынтæ кæм нæ уыд, уым йæ фат ауагъта. Домбай йæ мукъутæм фæлæбурдта, йæ дзæмбытæй сæ тонын байдыдта. Фæлæ дын къогъо æваст хæлуарæджы тыны куы смидæг уаид. Йæхицæй тыхджындæримæ тохы кæй бацыд, ууыл ма фæсмонæй марди, фæлæ уæдмæ ацы ницæйаг хæлуарæджы амæддаг ссис.

Æмбисонд арæзт у, разагъды адæймæгтыл-иу чи фæуæлахиз, фæлæ цыдæр гæмхетт кæй басаста, ахæмты ныхмæ.

# ТОЛСТОЙЫ ФЫСТÆГ ГЕНРИК СЕНКЕВИЧМÆ

...Цы хъуыддаджы тыххæй фыссыс, уый мын зындгонд у, æмæ йыл дис нæ бакодтон, стæй мæм маст дæр нæ сæвзæрди, фæлæ мæхи сæры цы хъуыдытæ уыд, уыдон æнæгуырысхойæ раст кæй сты, ууыл мæ тынг бауумæндын кодтай: паддзахадон гипнозы чи бахауд, уыцы дзыллæтæм парадоксалон-æнахъинон фæкæсдзæн, ома тыхгæнæг хицауадтæн сæ замантæ аивгъуыдтой, фæлæ мах рæстæджы разамонджытæ дæр – императортæ, къаролтæ, министртæ, хæстон фæтæгтæ æмæ суанг палатæты уæнгтæ дæр – сты, æгъдауы, фарны хъæстæ æппындæр кæмæ нæй, ахæмтæ. Бæрзонд бынæтты уымæн бадынц, æфсармæй, намысæй, уагæй бынтон цух кæй сты, цæвиттон – сæфт æмæ сæфт. Хъалонтæ исыны хуызы уыдон иудадзыг стигъынц фæллойгæнæг адæмы, удхарæй сæ марынц, ауындзынц сæ, цæстфæлдахæн митæ кæнынц, сайынц, гæртæмттæ исынц. Уыцы тугцъиртæн æндæрхуызон уæвæн нæй. Муртаккаг дунейы уæвæн уыди хæрзгæнæг хицауæн, зæгъæм, Марк Аврели, фæлæ мах чырыстон дунейы айразмæйы хицæуттæ дæр – æппæт францаг Людовиктæ æмæ Наполеонтæ, нæ Екатеринæ Дыккæгæмтæ æмæ Никъала Фыццæгæмтæ, æппæт Фридрихтæ, Генрихтæ, немыцаг æмæ англисаг Елизаветæтæ, кæд сæ цыфæнды æппæлдтытæ кодтой, уæддæр мах рæстæджы дæр æнæуынондзинад йеддæмæ ницы ‘взæрын кæнынц. Ныры хицæуттæн та сæ куыст – тыхмитæ, лæгмæрдтытæ, се ‘наккаг митæй афтæ дæлиаумæ æрхаудтой, æмæ сæм цасфæнды мæсты кæн, уæддæр сын аивæн нал ис. Æрмæст æлгъаг æмæ тæригъæддаг сты... Тох кæнын хъæуы, срастгæнæн кæмæн нал ис, уыцы æнаккæгтимæ нæ, фæлæ æвирхъау, бынтон фæстæзад, тыхарæзт паддзахадон цардæвæрдимæ, стæй уыцы цардæвæрдыл чи ‘ууæнды, ахæм æнæджелбетт, талынг адæмимæ. Карз тох самайын æмбæлы, ныронг кæмæй нæма пайда кодтой, уыцы хъомысджын мадзалæй: цæр, фыдгæнæг хицауадæй, цас гæнæн ис, уыйбæрц æддæдæр, йе ‘мдзæхдон ма у.

*1907 азы 27 декабрь*
*(Л. Толстой. Что такое искусство. М., Современник, 1985)*

* * *

Адæмæй бирæтæм хъуамæ хардзау кæсид, куыйтæ кæй не сты, уый. Болонкæтæн, егæрттæн, фыййаукуыйтæн постхæсджытæ, ахуыргæнджытæ æмæ хуыйджытæй хуыздæр æмæ æнцондæр цард кæй ис, уый рагæй зындгонд у зоологийы чингуытæй. Хъуыддаг иннæрдæм саразут, ома адæймагæн куыйтæй хуыздæр цард раттут, æмæ уайтагъд куыйты хицæуттæ, абадгæ чызджытæ, бæстæ сæ сæрыл сисдзысты, сымах та рахондзысты æрдзы закъонтæ халæг æнаккæгтæ. Куыдзмæ хæлæг чи кæны, иу ахæм мæскуыйаг бæстызмур загъдзамана самадта, домы, цæмæй сæхгæной, куыйтæн Серпуховы иу хæдзары цы фысымуат ис, уый. Уыцы фысымуат сарæзта нæ абадгæ чызг – Мæскуыйы думæ. Хонынц æм, дзæгъæлхæтæг куыдзы мыггагæй цыдæриддæр ис, стæй паспорт кæмæ нæй, ахæм куыйты: рацæут æмæ, дам, цæрут, фынæй кæнут, сихор хæрут, стæй политикæйы тыххæй дзурут уæ зæрдæйы дзæбæхæн. Цæмæй куыйтæ мæсты ма кæной, уый тыххæй сын думæ сæ клубæн æхца барвыста 5000 сомы. Фысымуат куы фæзынди, уæдæй нырмæ дзы 22 куыдзæй фылдæр никуы цардис. Арифметикæ дзæбæх чи зоны, уый 5000 байуарæд 22-йыл, æмæ дзы рауайдзæн 227 сомы капеччытимæ, ома алы куыдз дæр исы (цæрæнуат, лæггæдтæ æмæ рухс сты къазнайы хардзæй), адæмон ахуыргæнджытæ, райдайгæ æвдакаттæ æмæ постхæсджытæ цы исынц, уымæй дзæвгар фылдæр мызд. Дзурынц, уынаффæ, дам, рахастæуыд, куыйты дзæнæт цæмæй сæхгæной, уый фæдыл, стæй къамис дæр сарæзтой, ноджы, дам, кæйдæр фæсарæнтæм командировкæйы арвыстой, цæмæй бæстон сахуыр кæна, уым та куыйты фысымуæттæ цы хуызы æхгæд цæуынц, уый.

***Антон Чехов***

*Уацмысты æххæст æмбырдгонд 30 томæй.*
*16-æм том. Чиныгуадзæн «Наукæ»,*
*М., 1979, 176–177 фæрстæ.*

# ВАСИЛИ РОЗАНОВЫ ЦЫРГЪ НЫХÆСТÆЙ



* * *

Æз нæ хъæуын. Кæй **нæ хъæуын**, уый мæ тынг фидарæй уырны.

* * *

Рæстдзинад хурæй дæр, арвæй дæр, Хуыцауæй дæр уæлдæр у, уымæн æмæ **Хуыцау** рæстдзинадæй куынæ райдыдтаид, уæд Хуыцау **нæ** уаид, арв æрмæст цъыфдзаст уаид, хур та – æрхуы тас.

* * *

Уд у **монц.**

* * *

Хуыцау, о Хуыцау, цæмæн мæ ферох кодтай? Ау, нæ йæ зоныс, куы мæ ферох кæныс, уæд кæй фæдзæгъæл вæййын, уый?

* * *

Æз дæн, йæ мады гуыбыны чи хуыссы, ахæм сабийы хуызæн. Фæлæ мæ райгуырын нæ фæнды. «Мæнæн ам дæр хъарм у».

* * *

Мæ мæлæты фæстæ мæ исчи куы уарза, уæд-иу æй макæмæн схъæр кæнæд.

* * *

Æз уарзын, æхсæвыгæтты мæм цы бæллицтæ райгуыры, уыдон, – афтæ бадзурдзынæн, фыццагдæр мыл цы дымгæ амбæла, уый хъусы.

* * *

«Æвирхъау бирæгъау» уый йæхи бафсæста уырыссаг тугæй æмæ ингæнмæ афардæг.

*(Щедрины тыххæй)*

* * *

Кад – калм. Кувын, цæмæй мыл макуы фæхæца.

* * *

Хъысмæт хъахъхъæны, кадæй кæй бахизы, уыдоны.

* * *

Уырыссаг адæмы чи уарзы, уый аргъуан дæр уарзы. Уымæн æмæ адæм æмæ аргъуан иу сты. Æрмæст уырысмæ сты адæм æмæ аргъуан иу.

* * *

Мæ сæр æнкъуысы æврæгъты быն.
Фæлæ куыд лæмæгъ ысты къæхтæ!

* * *

Цавæр у царды **фæстиуæг**?

* * *

Мисхалæй фылдæр дзы нæй апп. Цардтæн, кæддæр **цин кодтон**: уый тæккæ сæйрагдæр. «Цы дзы рауад?» Уадиссагæй ницы. Стæй дзы исты куы «рауадаид», уæддæр цы? Мачи дæ зонæд – уымæй хуыздæр ницы ис.

* * *

**Базар**, алкæм дæр базар, литературæйы, политикæйы, – базар **кады** тыххæй, базар **æхцайы** тыххæй. Уайдзæф та сауджынтæн кæнынц, «сойын цырæгътæй, дам, базар кæнынц», стæй «хъæды сойæ». Фæлæ сауджынтæн сæ базар у $^{1}/_{10}$, стæй æнахуыргонд сты: æнæуи адæмæн та сæ базар у $^{9}/_{10}$, кæд «ахуыргондыл» нымад сты, уæддæр.

* * *

1910 азы 26 августы æз æвиппайды базæронд дæн.

20 азы мæм бонæмбисы хуызæн кастысты. Гъемæ изæры 9 сахатыл æвиппайды...

Ныр мæ ницыуал хъæуы, ницы кæнын мæ фæнды. Мæ сæры – æрмæст иу хъуыды: ингæн.

*(1911 азы 14 декабрь)*

* * *

Фидæн мæ æппындæр нал æндавы.

Уымæн æмæ мын мæ хъуыдытæй «мæ хæлар» хай нал райсдзæн. Сагъæс хъуамæ дыууæ уды кæной: **иуы** сагъæс сагъæс нæу.

«Иуæн» – ингæн.

*(1911 азы 14 декабрь)*

* * *

Адæймаг цæры быроны хуызæн, мæлгæ дæр акæндзæни быронæй.

* * *

Фыссæджы сусæгдзинад йе 'нгуылдзты æлгътыл ис, ораторы сусæгдзинад та – йе 'взаджы алгъыл. Уыцы дыууæ курдиаты никуы баиу уыдзысты. Дыууæ хъуыддаджы дæр зонд тынг нæ архайы.

* * *

О, уыдон славянтæ сты. Фæлæ иууылдæр хуысгæ кæнынц.

*(Комкоммæ уырыссæгтæ)*

* * *

Хъуамæ искæуыл дæ зæрдæ рисса. Уый диссаг у, фæлæ æнæуи цард афтид у.

* * *

Ис, ай-гъай, чысыл фысджытæ дæр, фæлæ уыдон бынтон **сыгъдæг** сты. Ехх, цы амондджын сты уыдон!

* * *

Уырыссаг цард чъизи дæр у, лæмæгъ дæр у, фæлæ уæддæр зæрдæйæн **адджын**.

Æрмæст уыцы «адджын» куы нал уа, уымæй тæрсы адæймаг. Науæд иннæ хъуыддæгтæ **авддæлдзæх фæуæнт**! Уд тæрсы, уыцы иунæг дын куы фесæфа æмæ йæ ссарæн дæр **куынæуал уа.**

* * *

Уд басыди. Бæллæх у, уд сæлын куы райдайы, уæд.

* * *

Уарзондзинад **рис у**. Чи нæ риссы (искæуыл), уый нæ уарзы искæй.

* * *

Мард бæстæ, мард бæстæ, мард бæстæ. Змæлд дзы нæй, ницавæр хъуыдыйæн дзы ис билцъ уадзæн.

*(24 мартъи, 1912)*

# ЦИТАТÆТÆ

* * *

Ис ахæм адæмы мыггаг: хорзы сын чи бацæуы, уый се знагæй агæпп ласы, уымæн æмæ йе 'мхуызон суæвынхъом нæ вæййынц. Арв дæр зæххæн стыр хæрзты бацæуы, йæ хурæй йæ батавы, йæ къæвдайы æртæхтæ йын цæрæнхос фестынц. Зæхх та йын цæмæй бафиды йæ хæрзтæ? Рыгæй!

***Александр Суворов***

* * *

Фæтæгтæ дипломатон хъæзтытæ кæнгæйæ кæм бамбыдысты, дзургæ иу хуызы кæм кæнынц, кæнгæ та æндæр хуызы, уым кусæг адæм фæтæгтыл никуы бауæнддзысты.

***Иосиф Сталин***

* * *

Дымысдæратæ – ис ахæм цæрæгудты мыггаг, сæ тырысайыл фыст: сай æмæ æппындæр бæрц ма зон.

* * *

О провинци! Ды халыс адæмы удтæ, дæрæн кæныс, дæ къæхты бын ссæндыс цыфæнды хæдбар зонд дæр, зæрдæйы

бæллицтæн æвæрыс цæлхдуртæ, бабын кæныс алцыдæр, суанг фæндтæн сæ ратæдзæнтæ дæр сæхгæныс!

*Михаил Салтыков-Щедрин*

* * *

✦ Уæрæсейы революци – пиллон арт сирвæзт æмæ тæрккъæвдайау дæрдтыл анхъæвзта.

✦ Уæрæсейы революци – хъæутыл арт уыраугæ рацыди, сахартæ сæнттæ цæгъдынц.

✦ Уæрæсейы революци – æмризæджы ныррызти ныййарæг зæхх, рухс дуне батар ис.

✦ Уæрæсейы революци – бæстæ фыцы туджы, арты.

✦ Уæрæсейы революци – æппæт дунейы рыг сæмбырд æмæ цæджындзау уырдыг слæууыд.

✦ Уæрæсейы революци – æнæхъæн Расеюшкæйы арв нæры, тыгъдызæй фæдисхъæр кæны.

✦ Уæрæсейы революци – рыг, хъæрахст, марой, донивылдтытæ.

✦ Уæрæсейы революци – Расеюшкæ æмвæтæнæгæй арты бын фæци, туджы зæйтæ йыл рацыди.

*Артем Веселый*

* * *

Сыбыры æмæ Дард Хурыскæсæны хъæдтæ судзынц. Фæстаг дæс азы дæргъы ахæм стыр бæллæх никуыма æрцыд. Уавæр ноджы карздæр кæны, Центр арты ныхмæ тохгæнæг хæдтæхджыты футболæй дунеон чемпионатмæ кæй æрвиты (уым адæмы фыдбылызтæй бахъахъхъæнынмæ), уый аххосæй. Арт ацы аз бабын кодта 6 милуан гектары (!) хъæд. Фæсбайкалы фаронимæ абаргæйæ ацы аз басыгъди 2,5 хатты фылдæр хъæдтæ.

1936–1990 азты Уæрæсейы хъæдтыл бафтыдис 60 милуан гектары. Фæстаг 25 азы дæргъы арт уыцы егъау тъæпæнтæ фæнык фестын кодта.

*Версия,*
*2018, № 21*




* * *

Районы сæргълæууæг мын афтæ: «Куы мын зæгъой, маймулийыл схъæлæс кæн, зæгъгæ, уæд ыл æнæ уæлдай ныхасæй схъæлæс кæндзынæн».

***Тамарæ Плетнева,***
*Паддзахадон Думæйы депутат*

* * *

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг алы фронтты не ‘фсæддонтимæ иумæ знаджы ныхмæ тох кодтой 60 мин куыдзæй фылдæр. Уыдонæй иу – Джульбарс – уыди сапер æмæ йæ службæйы рæстæг ссардта 7468 минæйы, 150 та сармадзаны нæмгуытæ. Йæхæдæг дæр, мæгуыр, уæззау цæфтæ фæци, фæлæ 1945 азы Уæлахизы парады уыди не ‘фсæддонтимæ.

*Российская газета,*
*2018, № 123*

* * *

Политикæ цы у? Иу удгоймаджы пайдайæн æхсæны хъуыд-дæгтæн разамынд куы дæттай, уæд уый.

***Амброз Бирс,***
*америкаг фыссæг*

* * *



Знакомьтесь, это Татьяна Голикова — Зампред Правительства Российской Федерации по вопросам социальной политики. Согласно декларации за 2016 год, она владеет:
Земельные участки: 27 тысяч кв.м
Жилые дома: 1 328 кв.м
Квартиры: 360 кв.м

В том же году, Голикова с мужем заработали на двоих 61 млн рублей. Это больше **5 млн рублей в месяц.**
Это чтоб вы понимали, кто поднимает вам пенсионный возраст и облагает налогом нищее население.

*Цъары фæрстыл:*

*1. Уыналы дининджытæ.*
*4. Алагиры аргъуан. Фæззæг.*

* * *


| | |
|---|---|
| Гл. редактор | *К. Г. МАМУКАЕВ* |
| Зам. гл. редактора | *А. М. КОДЗАТИ* |
| Ред. отд. критики и публицистики | *Р. С. БЗАРОВ* |
| Шеф-редактор | *И. А. КОДЗАТИ* |
| Ред. отд. поэзии | *М. Л. ДЖУСОЕВ* |
| Ред. отдела прозы | *Е. К. МЕДОЕВА* |
| Корректор | *З. З. КАРАЦЕВА* |
| Технический редактор | *Н. М. ПРОВОТОРОВА* |
| Дизайн | *З. Р. ГУРИЕВА* |
| Компьютерный набор | *М. К. КИРГУЕВА* |


* * *

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Журналы цы ӕрмӕг рацӕуа, уымӕй ӕндӕр мыхуырон оргӕн куы пайда кӕна,
уӕд хъуамӕ амынд уа, «Мах дуг»-ӕй ист кӕй у, уый.

*Журналмӕ цы къухфыстытӕ цӕуы, уыдон редакци рецензи нӕ кӕны,
стӕй сӕ автортӕн фӕстӕмӕ нӕ дӕтты.*

Учредитель и издатель:
Комитет по делам печати
и массовых коммуникаций РСО-Алания
362003. г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-20-52; зам. гл. редактора; шеф-редактор – 25-09-64;
отдел поэзии, прозы, корректор – 25-09-74; бухгалтерия – 25-22-47.*

Подписано к печати 05.11.18. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1.
Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,82. Учетно-изд. л. 8,39.
Тираж 1000 экз. Заказ № 748. Цена свободная.
Выход из печати 28 ноября 2018 г.

Отпечатано в АО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

Ныртæккæ ам цæуыл ныхас кæнынц, уый зынгсирвæзт нæу, фæлæ æцæг техногенон стыр бæллæх. Æмбарын æй, закъонтæ фидар кæнын хъæуы. Фæлæ 21 октябры мингай адæймæгтæ хæдтулгæтыл афардæг сты республикæйы столицæйæ. Кæй хъæуынц закъонтæ, кæд æмæ адæм фæудаист сты, тæрсынц сæ сывæллæттæн?! Раст нæу профилакторийы дохтыры ныхас. Æмбарын æй, «Электроцинк» уæ æфсады, фæлæ ма хъуамæ цал адæймаджы амæла, цæмæй сымах дарддæр дæр исат уæ мызд?

***Калоты Виталийы** раныхасæй*

*РЦИ-Аланийы Парламенты æмбырды*

*2018 азы 25 октябры*



Индекс 73247

12+